

ANALISIS SEMANTIK NAMA SUKET WONTEN ING DESA GROGOL PALIYAN GUNUNGKIDUL

Skripsi

Katuraken dhumateng Jurusan Pendidikan Dahasa Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni UNY
Minangka Jejangkepin Pendadaran Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



**Dening
Sumaryoto
NIM 09205244042**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Analisis Semantik Nama Suket wonten ing Desa Grogol Paliyan Gumungkidul* menika sampun saged dipunuji awit sampun pikanthuk pasarujukan dening dosen pembimbing.



Ingkang nyarujuki

Yogyakarta, 23 Januari 2014
Pembimbing I

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Drs. Hardiyanto".

Drs. Hardiyanto, M.Hum.
NIP. 19561130 198411 1 001

Yogyakarta, 23 Januari 2014
Pembimbing II

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Avi Meilawati".

Avi Meilawati, M.A.
NIP. 19830502 200912 2 003

PENGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Analisis Semantik Nama Suket wonten ing Desa Grogol Paliyan Gunungkidul* menika sampaun dipunandharaken wonten ing ujian pandadaran wonten ing sangajengipun Dewan Penguji nalika tanggal Januari 2014 saha dipunwedharaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum	Ketua Penguji		3-3/2014
Avi Meilawati, S.Pd. M.A.	Sekretaris Penguji		4/3 2014
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.	Penguji I		5/3 2014
Drs. Hardiyanto, M.Hum	Penguji II		3/3 2014

Yogyakarta, 4 Maret 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tandha tangan wonten ing ngandhap menika, kula

Nama : Sumaryoto

NIM : 09205244042

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharaken bilih karya ilmiah menika ingkang damel kula piyambak.

Ingkang kula mangertos, karya ilmiah menika mboten dipunuji kangege pikanthuk gelar sarjana pendidikan wonten ing perguruan tinggi sanesipun, saha ingkang kula mangertosi ugi, wosipun karya ilmiah menika mboten dipunserat dening tiyang sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet minangka acuan kanthi adedhasar tata cara saha etika nyerat karya ilmiah ingkang umum lan dipunserat wonten kapustakan.

Wedharan menika sampun dipunserat kanthi saestu. Menawi samangkikh wonten kasunyatnipun wedharan menika mboten leres, sedayanipun dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 23 Januari 2014

Panyerat



Sumaryoto

SESANTI

Dadya Srengenge kang tansah madangi jagat,
ing wayah awan kanthi cahyane,
ing wayah wengi kanthi endahe wulan. (Panyerat)

*Kekalahan itu bukan ketika kita tertinggal beberapa langkah atau lebih, tetapi
ketika kita menyerah. (Anonim)*

PISUNGSUNG

Kanthy raos sukur dhumateng Allah SWT, karya ilmiah menika kula aturaken
dhateng tiyang sepuh kula, Bapak (alm) Sumarman saha Ibu Kuniyem ingkang
sampun nggulawentah saha paring donga pangestu.

PRAWACANA

Puji sukur, alhamdulillah panyerat aturaken dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring kasarasan, rahmat saha hidayahipun, satemah panyerat saged ngrampungaken skripsi kanthi irah-irahan “*Analisis Semantik Nama Suket wonten ing Desa Grogol Paliyan Gunungkidul*”. Skripsi menika dipundamel kangge njangkepi sarat nggayuh gelar sarjana pendidikan.

Panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu saha panyengkuyungipun, awit saking purwaka dumugi paripurnaning skripsi menika. Kanthi raos ingkang tulus panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmad Wahab, M.A., M.Pd. minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan kangge kula sinau wonten ing UNY.
2. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin nyerat skripsi menika.
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin kangee nglampahi panaliten menika.
4. Bapak Hardiyanto, M. Hum. minangka dosen pembimbing I ingkang tansah kersa nglodangaken wedhal paring pamrayogi kanthi sabar satemah skripsi menika saged paripurna.
5. Ibu Avi Meilawati, M.A. minangka dosen pembimbing II ingkang kanthi tlaten saha mboten kendhat paring pamrayogi linangkung nalika panyerat kirang mangertos anggenipun nyerat.
6. Sedaya dosen jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring ngelmu ingkang mumpangat kangge kula.
7. Staf karyawan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya pambiyantunipun.
8. Tiyang sepuh kula, Bapak awit piwelingipun supados tansah gayuh gegayuhan kang luhur saha Ibu ingkang tansah paring katresnanipun saha pitutur dhumateng kula.

9. Adhi kula Sumaryati ingkang tansah caos panjurung supados enggal-enggal lulus.
10. Kanca-kanca PBD, ingkang tansah paring panjurung, donga, saha pamrayogi;
11. Kanca-kanca kos Pringgodani, ingkang tansah paring panjurung saha asung pambiyantu arupi alat kangge nglempakaken data saha printer.
12. Kanca-kanca *call center* PLTI, awit panjurungipun saben dinten supados sowan kangge bimbingan.

Kula rumaos bilih anggenipun kula damel skripsi menika dereng jangkep menapa malih sampurna, pramila panyaruwe saha saking sedayanipun tansah katampi kanthi sukaning manah. Mugi-mugi saged murakabi tumrap kita sedaya.

Yogyakarta 23 Januari 2014

Panyerat,



Sumaryoto

DHAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
DHAFTAR ISI	ix
DHAFTAR TABEL	xii
DHAFTAR GAMBAR	xiv
DHAFTAR LAMPIRAN	xv
SARINGING PANALITEN	xvi

BAB I. PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prekawis	4
C. Watesaning Prekawis	5
D. Wosing Prekawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan	7

BAB II. GEGARAN TEORI

A. Diskripsi Teori	8
1. Pangertosan Semantik	8
2. Objek Semantik	9
3. Makna	11

4. Jinising Makna	13
5. Aspek Makna	17
6. Komponen Makna	20
7. Cara Nganalisis Makna	22
8. Suket	26
B. Panaliten ingkang jumbuh	27
C. Nalaring Pikir	28

BAB III. CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten	29
B. Data lan Sumber Data	30
C. Papan Panaliten	30
D. Cara Nglempakaken data	30
E. Piranti Panaliten	32
F. Cara Nganalisis Data	34
G. Cara Ngesahaken Data	35

BAB IV. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

A. Asiling Penelitian	37
1. Tabel Analisis Makna Leksikal	37
B. Pirembaganipun	56

BAB V. PANUTUP

A. Dudutan	103
B. Implikasi	104
C. Pamrayogi	105
KAPUSTAKAN	106
LAMPIRAN.....	108

DAFTAR TABEL

Kaca

Tabel 1: Analisis komponen makna miturut Chaer	21
Tabel 2: analisis nama adedhasar genus miturut Pateda	25
Tabel 3: Analisis deferensiasi miturut Pateda	26
Tabel 4: Kertu data	33
Tabel 5: Analisis makna leksikal	35
Tabel 6: Makna leksikal nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul saha kagunanipun	37

DAFTAR BAGAN

Kaca	
Bagan 1: Sistematika basa miturut verhaar lumantar Suwandi	10
Bagan 2: Gayutipun tembung kaliyan makna miturut Chaer.....	12

DAFTAR GAMBAR

	Kaca
Gambar 1: Alang-alang	57
Gambar 2: Apa-apa	59
Gambar 3: mBakoan	60
Gambar 4: Blembem	61
Gambar 5: Cikalan	62
Gambar 6: Dangon	63
Gambar 7: Dranjangan	64
Gambar 8: Gajahan	65
Gambar 9: Genjahan	66
Gambar 10: Gewor	67
Gambar 11: Grinting	68
Gambar 12: Iles-iles	69
Gambar 13: Kalamenta	70
Gambar 14: Kalanjana.....	71
Gambar 15: Kapukan	72
Gambar 16: Katemas.....	73
Gambar 17: Kerok Bathok	74
Gambar 18: Krambilan	75
Gambar 19: Krokot	76
Gambar 20: Legetan	77
Gambar 21: Legetun.....	78
Gambar 22: Lamuran	79
Gambar 23: Lancuran.....	80
Gambar 24: Larasetu	81
Gambar 25: Lempuyang/Lempuyangan.....	82
Gambar 26: Lengis.....	83
Gambar 27: Lombokan	84
Gambar 28: Lulangan.....	85
Gambar 29: Mendongan/Lingi	86
Gambar 30: Menga-mengo	87
Gambar 31: Menyawun	88
Gambar 32: Ongkereo	89
Gambar 33: Patikan	90
Gambar 34: Ranggitan	91
Gambar 35: Rambutan	92

Gambar 36: Reketek	93
Gambar 37: Remakan	93
Gambar 38: Sriwit	94
Gambar 39: Suket Ijo	95
Gambar 40: Sundhel Bedhel	95
Gambar 41: Susuh Emprit	96
Gambar 42: Tadhah Udan	97
Gambar 43: Tali Wuyung.....	98
Gambar 44: Teki	99
Gambar 45: Tuton	100
Gambar 46 : Waderan	101
Gambar 47: Wudelan	102

DAFTAR LAMPIRAN

	Kaca
Lampiran 1: Tabel analisis	108
Lampiran 2: Glosarium	112
Lampiran 3: Catatan Lapangan Observasi dan Catatan Lapangan Wawancara.....	117

ANALISIS SEMANTIK NAMA SUKET WONTEN ING DESA GROGOL PALIYAN GUNUNGKIDUL

Dening Sumaryoto
NIM 09205244042

SARINGAN PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas ndhudhah teges nama suket kanthi analisis semantik. Panaliten menika ngandharaken nama suket, makna leksikal nama suket, saha paedah suket.

Panaliten menika kalebet panaliten deskriptif. Cara nglempakaken data wonten ing panaliten menika kanthi, (1) observasi, (2) wawan rembag, (3) dokumentasi. Cara analisis wonten ing panaliten menika ngangge analisis komponensial. Wondene cara ngesahaken data mawi validitas semantik saha trianggulasi sumber. Reliabilitas kanthi cara ngambali makaping-kaping saha konsultasi ahli inggih menika Prof. Dr. Endang Nurhayati.

Asiling panaliten nedahaken, nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul cacah 47 nama. Suket dipuntegesi kanthi cara ngandharaken komponen suket saha paedahipun. Jumbuh kaliyan asiling panaliten wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul kapanggihaken 47 jinising nama suket, pramila panaliten menika saged kangege seserepan semantik bab nama suket. Nama suket menika ugi minangka pratandha saking sugihipun basa.

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Suket inggih menika salah satunggal jinising tetuwuhan ingkang saged gesang wonten ing sawah saha pategalan. Kahanan menika mratandhakaken menawi suket menika gampil gesang. Minangka salah satunggaling tetuwuhan ingkang gesang wonten ing setunggal musim suket gadhah wit saha ujungan ingkang alit.

Suket mungguhipun para tani menika gadhah paedah saha kapitunan. Suket ingkang gadhah paedah tumrap palawija dalasan siti menika asring dipuntanem wondene ingkang damel kapitunan dipunbrasta. Suket ingkang gadhah paedah kange para tani tuladhanipun Kalanjana. Kalanjana asring dipuntanem ing galengan kange pakan saha wot supados siti boten gampil longsor. Wondene umumipun bilih tiyang menika nyebat nama suket tiyang badhe gadhah pamanggih bilih suket gawe kapitunan. Kapitunan menika awit suket asring gesang wonten ing pategalan ingkang sampun dados lah-lahan pantun saha palawija ingkang adamel tanduran kirang subur saha ngremenaken manah. Saking kathahipun jinising suket ingkang damel kapitunan menika suket lajeng dipunsebat *tanaman penganggu*.

Suket minangka tetuwuhan saged dipunperang kanthi inggilipun, saking wujuding wit, saking wujuding ron, saking wernanipun sekar lan kagunanipun. Suket miturut inggil andhapipun saged dipunperang dados suket ingkang ngadek saha suket ingkang witipun mrambat. Tuladhanipun suket ingkang ngadek suket

Alang-alang, suket Kalanjana, suket Apa-apa, wondene ingkang mrabat tuladhanipun suket Tali wuyung, Reketek, saha Krokot.

Kanthy adhedasar wujudipun suket saged kaperang dados suket ingkang gilik, gepeng saha mretelu. Tuladhanipun suket ingkang gilik inggih menika Tali wuyung, Alang-alang, Kalanjana lsp. Wondene suket ingkang gepeng tuladhanipun Lulangan. Suket ingkang witipun mretelu tuladhanipun suket Medhongan saha Teki.

Saking wujuding ron suket saged kaperang dados kalih. Suket ingkang ronipun bunder tuladhanipun Krokot saha Katemas. Suket ingkang gadhah ron panjang tuladhanipun menika Kalanjana, Alang-alang, Teki lsp.

Saliyanipun saking wujuding ron suket ugi saged kaperang saking wernanipun ron. Werna ron suket kaperang dados werna ijo kaliyan abrit. Suket ingkang gadhah werna ron ijo tuladhanipun Kalanjana, Katemas, Alang-alang. Wondene Krokot gadhah werna ron abrit.

Suket kaperang mawi warni sekaripun kaperang dados suket ingkang kagungan sekar pethak, jene, wungu, abrit, soklat. Tuladhanipun suket kanthy sekar pethak suket Menyawun. Suket kanthy sekar jene Krokot, suket kanthy sekar wungu suket Gewor, sekaripun abrit Blembem, saha suket kanthy sekar pethak suket Kapukan.

Jinising suket bilih dipunperang saking kagunanpun saged kaperang dados suket ingkang kaginakaken kangge pakan raja kaya, janganan, jampi, kangge wot, kangge kerajinan. Tuladhanipun suket ingkang paedahipun kangge pakan raja kaya inggih menika suket Kalanjana saha suket Blembem. Suket ingkang

paedahipun kangge janganan tuladhanipun suket Krokot. Wondene suket ingkang paedahipun kangge jampi tuladhanipun Patikan. Suket ingkang kaginakaken kangge wot tuladhanipun suket Kalanjana.

Kanthi kathahipun cara merang suket menika ugi saged mratelakaken kathahipun jinising suket. Suket ingkang gadhah jinis ingkang kathah menika kanyata tumrapipun tiyang Jawi ugi gadhah nama ingkang maneka warna.

Ananging kanthi ewah gingsiring jaman kanyata suket menika awis-awis dipungatosaken. Nama suket wonten ing masarakat Jawi wonten ing jaman samenika sampun awis-awis malih dipunrembag, menika awit masarakat samenika langkung menggalih babagan paedah saha kapitunanipun suket tinimbang namanipun. Kanthi kawontenan menika ndayani nama suket awis-awis dipunsebat namanipun.

Kawontenan wonten ing nginggil ndayani nama suket ingkang sampun dangu ngrembaka wonten ing masarakat Jawi menika saya dangu saya ical. Icalipun basa menika wiwit saking boten dipunmangertosi tegesipun nama dumugi mboten dipunangge ing pasrawungan. Kanthi icalipun nama suket saking basa menika ugi mratelakaken icalipun kabudayan. Saged kawastanan icalipun kabudayan amargi basa menika perangan saking kabudayan.

Nama-nama suket menika ingkang gadhah nama mligi saha teges menika kanyata narik kawigatosan supados dipuntliti. Ndhudhah nama saha teges menika kanthi cara analisis semantik inggih menika salah satunggal cara wigatos ingkang saged dipunlampahi. Cara menika kaajab ndayani lestantunipun basa mliginipun bab nama suket wonten ing tembe wingkingipun.

Wondene nama suket saha tegesipun wonten ing beda papan kadang kala beda. Boten mokal bilih nama menika namung wonten ing papan tertemu mawon kamangka wonten ing papan sanes wonten suket ingkang wujudipun sami. Kanthi menika saged ugi wonten ing desa Grogol, wonten suket ingkang sajatinipun sami nanging beda namanipun. Kadadosan ugi bilih wonten setuggal suket ingkang gadhah nama langkung saking setunggal.

Adhedasaring panaliti milih desa Grogol minangka papan panaliten inggih menika awit kathahipun jinising suket ingkang ngrembaka wonten ing desa Grogol. Masarakat desa Grogol ugi gadhah padamelan mayoritas tani ingkang ndayani kathah masarakat ingkang tasih nengeri nama suket. Nama suket ingkang ngrembaka menika dereng gadhah cara negesi kanthi cetha pramila panaliten menika badhe ngudhari cara negesi ingkang cetha supados pikanthuk teges ingkang gumathok.

B. Underaning Perkawis

Kanthy adedhasar dhasaring panaliten menika saged dipunjumbuhaken perkawis-perkawis ingkang badhe dipuntliti. Perkawis ingkang saged dipuntaliti inggih menika:

1. nama-nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul perlu dipuntliti.
2. papan gesangipun suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul perlu dipuntliti.
3. wujude suket wonten ing dusun desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul perlu dipuntliti.

4. makna leksikal nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul.
5. paedahipun suket wonten ing dusun desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul perlu dipuntliti.

C. Watesaning Perkawis

Saking undheraning perkawis menika, panaliti matesi panaliten supados panaliten mboten ndadra. Watesan perkawis panaliten menika babagan, jinising nama suket, makna leksikal nama suket, saha kagunanan suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul.

D. Wosing Perkawis

Kanthy adhedasar undheraning perkawis, wosing prekawis ingkang badhe kababar inggih menika:

1. napa kemawon jinising nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul?
2. kadospundi Makna leksikal nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul?
3. kadospundi paedahipun suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul?

E. Ancasing Panaliten

Saking wosing perkawis panaliti lajeng mbabar ancas panaliten. Ancas panaliten ingkang dipunkarepaken inggih menika ngandharaken nama suket, makna leksikal nama suket, saha kagunan suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten ingkang magepokan kaliyan makna leksikal nama suket menika.

Panaliten menika migunani tumrap ngrembakanipun ngelmu basa. Panaliten menika dherek ngrembakaken ngelmu basa amargi kanthi ndudhah wujuding suket, nama suket, saha paedahipun makna leksikal suket saged dipunmangertosi.

G. Andharan Istilah

1. Semantik Leksikal

Semantik saged dipuntegesi ngelmu ingkang ngrembag bab makna basa wonten ing tataran fonologi, gramatik, saha semantik. Semantik minangka ngelmu makna gadhah gayut kaliyan kawontenan kabudayan saking masarakat penutur. Tegesipun makna tembung menika mligi saha boten saged uwal saking kabudayan saha referen. Wondene semantik leksikal inggih menika semantik ingkang ngrembag babagan makna leksikal, inggih menika makna ingkang mligi saking tembung menika dereng gadhah konotasi saha gegayutan gramatik kaliyan tembung sanes.

2. Suket

Suket inggih tetuwuhan ingkang limrahipun tuwuh wonten ing ara-ara utawi baon alit, witipun alit. Suket menika umumipun kangge pakan kewan utawi raja kaya kados lembu, mendha, saha mahesa. Wonten ing panaliten menika ingkang kawastanan suket inggih mligi suket ingkang tuwuh wonten ing wana.

3. Grogol, Paliyan, Gunungkidul

Grogol inggih menika salah satunggaling wewengkon wonten ing Kecamatan Paliyan, Kabupaten Gunungkidul, Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta. Desa Grogol gadhah wates geografis sisih ler Kecamatan Playen, sisih kilen Kecamatan Playen, sisih Kidul Desa Karangasem Paliyan, sisih wetan Desa Pampang Paliyan. Desa Grogol kaperang dados enim dhusun inggih menika Dhusun Grogol, Karangmojo A, Karangmojo B, Gerjo, Senedi, Saha Tunggu. Wonten ing desa Grogol masarakatipun kathah gadhah padamelan olah tetanen.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Diskripsi Teori

1. Pangertosan Semantik

Semantik inggih menika ngelmu ingkang nyinau babagan lambang-lambang utawi tanda-tanda ingkang nuduhaken makna, sambung rapetipun makna setunggal lan sanesipun, saha pengaruhipun dhumateng manungsa. Mula saking menika semantik ngemot bab tegesing tembung, ngrembakanipun saha ewah gingsiripun (Tarigan, 1985: 7).

Pamanggih menika jumbuh kaliyan tegesipun semantik bilih dipunpirsani saking *etimologi* basa. Aminuddin (1988: 15) ngandharaken semantik ingkang mula bukanipun saking tembung Yunani ingkang gadhah makna *to signify* utawi marangi makna. Minangka *istilah teknis* gadhah teges sinau bab makna, kanthi anggepan makna minangka perangan saking basa. Kados tembung saha tata basa komponen makna wonten ing menika mlebet ing tataran tartamtu. Komponen tembung ing tataran sepisan. Komponen tata basa ing komponen kaping kalih. Komponen makna ing tataran pungkasan.

Tembung semantik lajeng dipunsarujuki minangka istilah kangge ngelmu basa ingkang ngrembag saha nyinau babagan makna utawi teges, ingkang minangka salah satunggal saking tataran analisis basa, ingih menika fonologi, gramatika, utawi tata basa, saha semantik (Suwandi, 2008: 9).

Pamanggih menika jumbuh kaliyan pamanggih ingkang dipunandharaken Sausure (lumantar Chaer 2009: 2) semantik kadadosan

saking: (1) komponen ingkang ngartosaken, ingkang awujud tembung basa saha (2) komponen ingkang dipunartosaken utawi makna saking komponen kaping pisan. Kalih bab menika minangka tanda utawi lambang, salajengipun bab ingkang dipuntandani inggih menika bab sajawinipun basa ingkang asring dipunsebat *referen*.


Pateda (1989: 15) ngandharaken objek semantik inggih menika makna. Pramila saking menika semantik kasebat teori makna. Kanthi adedhasar pamanggih-pamanggih menika semantik saged dipuntegesi ngelmu ingkang ngrembag bab makna basa wonten ing tataran fonologi, gramatik, saha semantik. Semantik minangka ngelmu makna gadhah gayut kaliyan kawontenan kabudayan saking masarakat penutur. Tegesipun makna tembung menika mligi saha boten saged uwal saking kabudayan saha referen.

2. Objek Semantik

Objek semantik inggih menika basa kanthi mapinten-pinten komponen saha tataranipun. Komponen basa inggih menika leksikon utawi tembung saking basa kasebat. Lajeng tataran basa inggih menika fonologi saha sintaksis (Suwandi, 2006: 16).

Sesambunganipun semantik saha linguistik saged dipunpirsani saking wontenipun semantik ing basa. Verhaar (lumantar Suwandi, 2006:15) ngandharaken kanthi cetha babagan semantik bilih dipunpirsani saking sistematika basa.

Bagan 1: sistematika basa miturut Verhaar Iumantar Suwandi (2006: 15)



Gambar kasebat ngandharaken *kedudukan* semantik saha objek semantik, inggih menika makna wonten ing *sistemika* basa. Ketingal boten sedaya tataran ngrembag bab semantik. Leksikon saha tata basa gadhah nanging fonetik boten gadhah.

Chaer (2009: 7-9) ngandharaken saperangan jinising semantik ingkang dipunbedakaken mawi tataran utawi perangan saking basa menika ingkang dados objek panaliten. Menawi ingkang dados objek panaliten leksikon saking basa kasebat semantik leksikal. Tataran tata basa utawi gramatika kaperang dados kalih inggih menika morfologi saha sintaksis. Mofologi inggih ngelmu basa ingkang ngrembag stuktur intern basa. Sintaksis inggih


menika ngelmu ingkang ngrembug tata tembung kangge damel tataran ingkang langkung inggil, tuladha frasa, klausa, ukara. Salajengipun proses morfologi saha sintaksis piyambak ugi gadhah makna. Kanthi menika wonten ing tataran menika kasebat semantik gramatikal.

Miturut pamanggih wonten ing nginggil saged dipunmangertosi objek semantik. Objek semantik menika saged dipunpanggihi ing tataran fonologi, morfologi, sintaksis saha leksikon. Wodene wujudipun awujud semantik leksikal saha semantik gramatikal.

3. Makna

Makna wonten ing padintenan ngemot babagan bab utawi konteks pangangge. Tembung makna asring dipunanggep sami pangertosanipun kaliyan teges, pamanggih, penggalih, utawi wos (Suwandi, 2008: 43). Pamanggih menika jumbuh kaliyan pamanggihipun de Saussure babagan makna ingkang ngemot *konteks* pangangge. Makna miturut de Saussure lumantar Chaer (2009: 29) saben tanda linguistik kaperang saking kalih bab, inggih menika (1) ingkang dipuntegesi (Prancis: *signifie*, Inggris: *signified*) saha (2) ingkang negesi (Prancis: *signifiant*, Inggris: *signifier*). Chaer (2009: 29) mratelakken kanthi langkung cetha bilih ingkang dipuntegesi (*signifie*, *signified*) inggih menika konsep makna saking tanda tembung. Kanthi adhedasar pamanggih menika makna saged dipunmangertosi ugi minangka teges saking tembung. Salajengipun ingkang ngartosaken (*signifiant*, *signifier*) inggih menika tembung menika, ingkang kadhadosan saking fonem-fonem basa menika. Kanthi ukara sanes saben tanda linguistik kadhadosan

saking bab tembung saha makna. Kalih bab menika minangka bab salebetung basa (*intralingual*) ingkang umumipun gadhah referen bab sajabaning basa (*ekstralinguial*). Kanthi adhedasar pamanggih-pamanggih menika, tembung semantik saged kawastanan ngelmu ingkang gadhah ancas ngudhari makna tembung. Bilih dipungambar gegayutaning bab basa (tembung saha makna) kaliyan referenipun kados menika:



Gambar wonten ing nginggil ugi jumbuh kaliyan watesanipun makna miturut Aminuddin. Aminuddin (1988: 53) ngandharaken unsur makna inggih menika: (1) makna inggih menika khasiling sesambungan basa kaliyan donya ing jaba, (2) agenipun nemtokaken sesambungan amargi kesepakatanipun para panutur saha (3) wujuding makna menika saged dipunginakaken wawan pirembagan ingkang ndayani sedaya mangertos.

4. Jinising Makna

Pateda (1989: 54-70) ngandharaken jinising makna kanthi alfabetis wonten 25, inggih menika *makna afektif, makna denotatif, makna deskriptif, makna ekstensi, makna emotif, makna gerefekter ,makna ideasional, makna intensi, makna gramatikal, makna kiasan, makna kognitif, makna kolokasi, makna konotatif, makna konseptual, makna kontruksi, makna leksikal, makna luas, makna piktonal, makna proposisional, makna pusat, makna referensial, makna sempit, makna stalistika, makna tematis.*

Jinising makna menika panci saged dipunbedakaken kanthi pinten-pinten cara saha sudut pamanggih. Chaer (2009: 59-60) ngandharaken kanthi jinising semantikipun saged dipunperang dados semantik leksikal saha semantik gramatikal. Kanthi wonten napa botenipun referen kasebat makna referensial saha non referensial, kanthi wonten napa botenipun raos kaperang dados makna denotatif saha konotatif, kanthi pas botenipun makna kaperang dados makna tembung saha makna istilah utawi makna mligi saha makna umum, kanthi sudut pandang sanes kaperang dados makna asosiatif, kolokatif, reflektif, idiomatik, lan sanesipun.

1. Makna leksikal

Makna ingkang lambang keabsahanipun sipating tasih dasar, inggih menika dereng gadhah konotasi saha gegayutan gramatik kaliyan tembung sanes, dipunsebat makna leksikal utawi semem. Wujud basa ingkang wonten awujud *morfem terikat* saha *morfem bebas*. Kanthi bab menika wujud tembung gayut kaliyan makna saged dipunperang dados *form word* saha *full*

word, Palmer (lumantar Aminuddin, 1988: 87). Kanthi menika makna leksikal miturut Palmer inggih menika makna ingkang mligi saking tembung menika dereng gadhah konotasi saha gegayutan gramatik kaliyan tembung sanes.

Pateda (1989: 64) ugi sarujuk kaliyan pamanggih kasebat. Makna leksikal inggih menika makna ingkang rikala leksem menika madheg piyambak saha wonten ing sajroning ukara maknanipun kirang langkung sami.

Pamanggih menika jumbuh kaliyan pamanggih bilih makna leksikal ugi kasebat makna ingkang saestunipun, inggih menika makna ingkang jumbuh kaliyan paningalan, pramila napa wontenipun, utawi makna ingkang wonten ing kamus (Chaer, 2009: 60). Pamangggih menika dipunsengkuyung dening Suwandi (2008: 68-69) inggih menika makna leksikal (*lexical meaning, semantic meaning, external meaning*) inggih menika makna leksem rikala leksem kasebat madheg piyambak, sae wonten wujud dasar utawi wujud *devirasi* saha maknanipun kirang langkung kados wonten ing bausastra.

Hardiyanto (2008: 21) ngandharaken kanthi radi beda, makna leksikal inggih menika makna leksikon utawi leksem utawi tembung ingkang madeg piyambak, boten wonten ing kontek, utawi uwal saking konteks. Wonten ingkang negesi bilih makna leksikal inggih menika makna ingkang wonten ing bausastra. Bab menika boten mesthi bener awit adhedar pamanggih menika.

1. Bausastra boten namung ngemot makna leksikal. Wonten ugi makna ingkang dipunjumbuhaken kaliyan isi ingkang ndayani makna menika sanes makna leksikal.
2. Menawi bausastra dipuntegesi minangka seratan ingkang ngemot tembung saha tegesipun, andharan menika boten lumampah kange basa ingkang

boten gadhah bausastra. Kamangka, makna leksikal mesthi wonten ing basa ajenga basa menika boten gadhah bausastra.

Miturut pamanggih-pamanggih wonten ing nginggil wosing pirembagan bab makna leksikal inggih menika, makna ingkang magepokan kaliyan leksem, utawi tembung sanes gramatik. Tuladhanipun tembung *amplop* gadhah teges wadah serat. Teges menika badhe langsung dipunmangertosi tanpa wontenipun konten, pramila tembung amplop ing nginggil kalebet makna leksikal.

3. Makna gramatikal

Makna gramatikal inggih menika makna ingkang wonten awit saking paedahipun leksem wonten ing ukara (Suwandi, 2008: 69). Makna gramatikal asring dipunbandingaken kaliyan makna leksikal. Menawi makna leksikal babagan makna tembung utawi leksem ingkang jumbuh kaliyan referenipun, makna gramatikal inggih menika makna ingkang wonten awit kasil saking proses gramatikal (Suwandi, 2008: 70). Pamanggih menika ugi jumbuh kaliyan pamanggihipun Hardiyanto (2008: 21) inggih menika, makna gramatikal inggih menika makna ingkang kadadosan awit saking lelampaahan gramatikal. Makna gramatikal menika dipunpanggihi wonten ing sesambetanipun kaliyan unsur ingkang sanes wonten ing satuan gramatikal. Tuladhanipun tembung *wenehana amplop urusanmu mesthi beres*. Kanthi kontekstual teges *amplop* menika ewah awit proses gramatikal. Amplop ingkang teges mula bukanipun wadah serat ewah dados besel utawi sogokan.

4. Makna referensial saha non referensial

Makna *referensial* saha makna *non referensial* inggih menika ngrembag bab wonten saha botenipun *referen* saking tembung-tembung menika. Menawi tembung menika gadhah *referen* saking sajaban basa ingkang kange punjer kasebat tembung *bermakna referensial*. Bilih tembung ingkang boten gadhah *referen* kasebat tembung-tembung *non referensial* (Chaer, 2009: 63-64). Tasih miturut Chaer (2009: 64) Tuladha tembung *meja* saha *kursi* kalebet tembung ingkang gadhah makna *referen* amargi tembung *meja* saha *kursi* gadhah *referen* piranti bale wisma ingkang kasebat *meja* saha *kursi*. Suwalikipun tembung *sebab* saha *nanging* boten gadhah *referen* pramila tembung *sebab* saha *nanging* kalebet tembung *non referensial*.

Miturut pamanggihipun Chaer wonten ing nginggil saged dipunpendhet dhudutan saking makna *referensial* saha *nonreferensial* inggih menika, makna *referensial* minangka tembung wutuh saha makna *non referensial* minangka tembung panggandeng. Chaer (2009: 64) ugi ngandharaken tembung panggandeng boten gadhah *referen* pramila kathah ingkang nganggep bilih boten gadhah teges. Tembung menika namung gadhah *fungsi* saha *tugas*.

5. Makna denotasi saha konotasi

Makna konatatif kadadosan menawi tembung menika gadhah raos, sae menika positif utawi negatif. Menawi boten gadhah raos dipunsebat boten gadhah konotasi (Chaer, 2009: 65).

Makna denotatif asring kasebat makna denotasional, makna konseptual, makna kognitif saestunipun sami kaliyan makna referensial bab

makna denotatif asring dipunandharaken makna ingkang trep kaliyan paningalan, pangarasan, pamirengan, raos, utawi prastawa sanesipun. Dados makna denotatif ngemot bab informasi faktual objektif (Chaer, 2009: 66).

Tembung *wedhok* saha *estri* menika gadhah makna ingkang sami, nanging bilih dipuntingali saking bab raos tembung *estri* menika gadhah raos ingkang langkung inggil ketimbang tembung *wedhok*. Kanthi menika saged tembung *wedhok* menika saged dipuntegesi gadhah konotasi negatif saha *estri* gadhah konotasi positif. Wondene tembung *wedhok* saha *estri* gadhah makna denotasi inkang sami inggih menika *wanita*.

5. Aspek makna

Miturut Joseph T. Shiply lumantar (Suwandi 2008: 63) pacelaton manungsa saged dipunpirsani saking sekawan aspek inggih menika:

(1) pangertosan (*sense*), (2) raos (*feeling*), (3) Nada (*tone*), saha (4) Ancas (*intention*). Saking sekawan aspek kasebat salajengipun kababar kados menika:

1. Pangertosan

Aspek makna kasebat ugi tema. Saben dinten tiyang ngendhika saha saben dinten tiyang mirengaken tiyang ngendhika. Rikala ngendika tiyang ginakaken leksem-leksem utawi ukara ingkang saged nyengkuyung pamanggih utawi weling ingkang dipunandharaken. Suwalikipun menawi mirengaken tiyang ngendhika, tiyang mirengaken leksem-leksem ingkang ngemot ide utawi weling ingkang dipun andharaken. Pangertosan menika

saged dipungayuh awit tiyang ingkang wawan pirembagan menika gadhah basa ingkang sami (Pateda, 1989: 50).

Tuladha bilih tiyang ngandharaken *diten menika jawah deres*, tiyang ingkang dipunajak wawan pirembagan menika kedhah gadhah pangangen-angen ingkang sami kaliyang ingkang ngendika. Pangangen angen ingkang sami menika awujud tembung “*dinten menika*” saha “*jawah ingkang deres*”.

2. Raos

Wonten ing pagesangan paditenan tiyang mesthi sambung kaliyan rasa. Tuladhanipun asrep, mangkel, bingah, sedih, lan sanesipun. Kangge ngandharaken raos kasebat tiyang ginakaken leksem ingkang trep (Pateda, 1989: 51). Tasih lumantar Pateda (1989: 51) paring tuladha boten badhe tiyang ngendhika, *mangga kita dherek bombong awit sedanipun bapak menika*, utawi *ah panasipun wonten ing ruang AC menika*. Cetha bilih tiyang kedah ginakaken tembung-tembung ingkang gadhah makna ingkang trep kaliyan raos ingkang dipunandharaken. Aspek makna ingkang dipunsebat raos menika sambung kaliyan tindak tanduk tiyang ingkang ngandharaken dhumateng ingkang dipunandharaken. Kanthi andharan menika cetha bilih tiyang ingkang ngendhika kedah jumbuh kaliyan papan saha kawontenan.

3. Nada

Nada miturut Shipley lumantar (Pateda, 1989: 52) inggih menika solah bawa tiyang ingkang ngendhika dhumateng ingkang mirengaken. Salajengipun (Pateda, 1989: 52) ngandharaken bilih aspek makna ingkang magepokan kaliyan nada langkung kathah dipunandharaken kanthi gayutipun

tiyang ingkang ngendhika saha ingkang mirengaken, inggih menika napa tiyang ingkang ngendhika sampun pirsa kaliyan ingkang mirengaken, napa tiyang ingkang ngendhika sami kalengahanipun kaliyan ingkang mirengaken, napa tiyang ingkang ngendika menika sami asal saha usulipun saking tiyang ingkang mirengaken. Ringkesipun kawontenan tiyang ingkang ngendhika saha tiyang ingkang mirengaken nemtokaken tindak saha tandukipun ingkang ingkang saged dipunmangertosi saking pamilihan tembung.

Tuladha: - *sampun dahar dereng?*

- *Wis madhang durung?*

Ukara kasebat gadhah makna ingkang sami, nanging temtu badhe beda nadanipun. Bedanipun nada menika awit ukara kasebat dipunginakaken wonten ing tataran ingkang beda. Ukara *sampun dahar dereng* ingkang gadhah tataran langkung inggil temtu badhe langkung alus katimbang ukara *wis madhang durung*.

4. Maksud/ Ancas

Aspek makna Ancas inggih menika, ancas ingkang mratelakaken remen saha boten remen, saking upaya ingkang dipunlampaahi, Shipley lumantar (Pateda, 1989: 53). Salajengipun Pateda (1989: 53) nyengkuyung pamanggih menika kanthi andharan. Adatipun bilih tiyang ngandharaken pamanggih mesthi wonten ancas saha maksudipun. Sae menika asipat *deklaratif, imperatif, naratif, paedagogis, persuasif*, utawi *politis* sedaya ngemot ancas tartamtu.

Kathi pamanggih-pamanggih menika saged dipunmangertosi bilih tiyang ingkang ngendhika menika temtu ngemot ancas. Tuladha bilih tiyang ngendhika *asu*, tiyang gadhah ancas bilih ingkang dipunlokaken ngewahi tindak tandukipun.

6. Komponen makna

Medan leksikal (*lexical Field*) dipundamel saking saperangan *satuhan* leksikal ingkang sesambungan antawisipun setunggal lan setunggalipun Lehrer lumantar (Wedhawati, 2000: 260). Pamanggih menika sami kaliyan pamanggihipun (Ginanjar dkk, 2013: 67) saperangan leksikal ingkang tegesipun gadhah sesambungan saged damel medan leksikal.

Pamanggih salajengipun bab medan leksikal dipunandharaken Kreidler (2002: 87) *the some extent we can define a lexeme by telling what set it belongs to and how it differs from other member of the same set*. Miturut Kreidler menawa leksem ingkang mlebet wonten ing medan leksikal gadhah komponen makna sami ingkang damel medan makna ingkang bedhakaken kaliyan medan sanesipun, saha gadhah leksem ingkang bedhakaken antawisipun leksem wonten ing medan leksikal menika.

Pamanggih menika jumbuh kaliyan cara nemtokaken identitas medan leksikal miturut Wedhawati (2000: 261-262) kange nemtokaken identitas medan leksikal dipunprelokaken analisis komponen makna. Analisis menika dipunlampahi kanthi milah-milah komponen makna satuan leksikal ingkang dipunanggep adamel medan leksikal. Tuladhanipun satuan leksikal *peksi*,

ayam, bebek dipunpanggihaken komponen wulu, swiwi, cucuk, saged mabur, saged renang.

Komponen makna utawi komponen semantik mratelakaken bilih saben tembung utawi unsur leksikal kaperang saking setunggal utawi langkung unsur ingkang ingkang sesarengan damel makna tembung utawi makna leksikal (Chaer, 2009: 114). Pamanggih menika jumbuh kaliyan pamanggihipun (Gudai, 1989: 24) analisis komponen ningali tembung boten minangka konsep ingkang tunggal ingkang boten saged dipuntliti, ananging minangka bab ingkang ingkang kadadosan saking komponen-komponen teges utawi *fitur-fitur* semantik.

Wontenipun komponen makna menika saged ndayani negesi tembung dados gampil. Gampiling negesi tembung menika awit komponen makna menika saged dipunginakaken minangka dhasaring negesi tembung. (Chaer 2009: 116) ngandharaken bilih caranipun negesi makna woten ing bausastra adedhasar analisis Biner (komponen makna). Tuladhanipun *Kamus Umum Bahasa Indonesia* anggitanipun W.J.S. Poerwadarminta negesi tembung *Kuda minangka binatang menyusui, berkuku satu, dan biasa dipiara orang untung kendaraan*. Chaer ugi ngandharaken cara nganalisis makna miturut komponen makna kadosmenika:

Tabel 1: analisis komponen makna miturut Chaer.

<i>Ciri-ciri</i>	<i>Kuda</i>	<i>Sapi</i>	<i>Kambing</i>
1. <i>Menyusui</i>	+	+	+
2. <i>Berkuku satu</i>	+	+	+
3. <i>Dipiara</i>	+	+	+
4. <i>Kendaraan</i>	+	-	-

Analisis komponen makna menika ndayani tembung saged kaperang dados setunggal utawi langkung komponen makna. Komponen makna menika lajeng dipunbandingaken kaliyan komponen makna tembung sanes. Cara menika saged ndayani dipunmangertosi komponen ingkang mligi saking tembung.

7. Caranipun nganalisis makna

Kangge nganalisis makna saged dipunginakaken kanthi pinten-pinten cara Nida lumantar (Pateda, 1989: 138) ngandharaken sekawan cara nganalisis makna. Cara menika, (1) *penyebutan* utawi caranipun maringi nama, (2) *memparafrase*, (3) *Mendefinisikan*, saha (4) *mengklarifikasi*.

1) Caranipun maringi nama

Basa inggih menika *lambang bunyi* ingkang gadhah sipat *arbitrer*. Tegesipun, antawisipun setunggal *satuan* basa minangka *lambang*. Umpamanipun tembung kaliyan barang utawi bab ingkang dipunlambangaken sipatipun sewenang-wenang boten wonten sambung rapetipun ingkang kedah wonten ing kekalihipun (Chaer, 2009: 43).

Pamanggih menika ugi jumbuh kaliyan pamanggihipun Pateda (1989: 138) inggih menika cara maringi nama temtu wonten gayutipun kaliyan ingkang dipunsebat. Tuladhanipun bilih kita ningali *kewan ingkang gadhah sikil sekawan lan adatipun kangge balapan* kita lajeng nyebat menika *jaran*. Tenger saged ugi barang, solah bawa, prastawa, tanda-tanda, proses, cara lan sapanunggalanipun.

Salajengipun Pateda (1989: 138) ngandharaken malih bilih analisis komponen makna ugi saged kangge dhasaring cara maringi makna badhey menika kalampahan kanthi cepet. Tuladhanipun bilih kita nyebat tembung *jaran*. Boten bakal kita milah-milah setunggal baka setunggal titikan *jaran*:

- kukunipun ganjil
- kewan
- saged dipuntumpaki napa dene kangge balapan
- kaginakaken kangge narik kreta
- nusoni.

Wonten ing basa Indonesia utawi basa Jawi cara anggenipun maringi nama tasih saged dipunpadosi kanthi ngatosaken pinten-pinten bab cara maringi nama. Chaer (44-51: 2002) nama tasih saged dipunpadosi kanthi adedhasar:

a. nirukaken swanten

Saperangan tembung kadadosan saking asiling nirukaken tembung. Tegesipun, nama kasebat kadadosan saking swanten ingkang kaasilaken saking *benda* kasebat. Tuladha kewan reptil ingkang mbrangkang wonten ing *dinding* kasebat cecak awit swantenipun “cak cak cak”.

b. Nyebataken perangan

Saking kasusastran wonten *istilah* kuna inggih menika basa ingkang nyebataken bagian saking *benda*, nanging ingkang dipunncas sedaya. Tuladha sirah wonten ing ukara saben sirah nampi *bantuan* sewu rupiah, sanes teges sirah menika mawon, nanging sedaya perangan manungsa minangka *kesatuan*.

c. Nyebataken sipat ingkang mligi

Cara maringi nama adedhasar sipat ingkang mligi wonten ing barang kasebat. Lelampahan menika awit semantik, awit wonten ing kadadosan kasebat kalampahan tranposisi teges saking tembung kriya dhumateng tembung aran.

d. Tiyang ingkang manggihaken utawi ingkang damel

Kathah nama ingkang adedhasar nama tiyang ingkang manggihaken, nama pabrik utawi nama wonten ing prastawa sejarah. Nama-nama ingkang kados menika kasebat kanthi *istilah appellativa*.

e. Asal usulipun panggenan

Saperangan benda dipunruntut asal muasalipun saking nama panggenan benda kasebat. Tuladha tembung magnet saking magnesia.

f. Bahan

Wonten saperangan nama benda ingkang namanipun dipunpendet saking bahan pokok benda kasebat.

g. Emper-emperan

Wonten ing jaman samenika kathah nama ingkang dipundamel adedhasar sipat utawi ciri saking teges leksikal tembung menika. Tuladha tembung wonten ing frase *raja kumis*, *raja minyak*, *raja kayu lapis*, *raja jalanan*, *raja dangdut*, saha *raja bandel*. Raja inggih menika tiyang ingkang paling kuasa wonten ing nagarinipun, pramila raja kumis dipuntegesi “tiyang ingkang gadhah kumis paling sae.

h. Nama enggal

Wonten ing jaman samenika kathah tembung utawi *istilah* enggal kangge ngantos tembung riyin ingkang sampun wonten. Tembung riyin menika prelu dipungantos kaliyan tembung enggal amargi kaanggep kirang jumbuh, kirang nalar, kirang alus utawi kirang ilmiah.

2) Memparafrase

Lambang gadhah objek utawi interpretasi. Interpretasi menika minangka kapasitas wonten ing sistem kangge nengeri saben bagean saking sistem supados langkung mligi (Pateda, 1989: 139). Nida lumantar (Pateda, 1989: 139) ugi ngandharaken kangge nganalisis komponen supados langkung cetha dipun ginakaken parafrase. Parafrase beda kaliyan diskripsi cekak.

Tuladhanipun *paklik* saged dipunparafrasekaken dados :

Sedherek enim kakung saking bapak.
Sedherek enim kakung saking ibu.

3) Mendefinisi

Miturut pamanggihipun Kempson lumantar (Pateda, 1989: 140) wonten tigang perkara ingkang kedhah dipunandharaken dening panaliti basa babagan cara ngandharaken makna. Tigang bab menika : (1) ngandharaken tembung kanthi alamiah, (2) ngandharaken ukara kanthi alamiah, (3) ngandharaken proses komunikasi.

Pateda (1989: 140) Salajengipun ngandharaken tembung *mendefinisi* saged dipuntegesi inggih menika upaya kange ngandharaken bab basa. Saestunipun upaya *mendefinisi* mula bukanipun saking analisis makna saha parafrase. Tuladhanipun ngandharaken tembung *kursi* kanthi menika:

- Gadhah sikil sekawan
- Dipun ginakaken kange lenggah
- Gadhah lendhet-lendhet
- Dipun damel saking kayu utawi wesi.

Kanthi menika tembung *kursi* saged dipuntegesi, papan ingkang dipundamel saking kayu utawi wesi ingkang gadhah sikil sekawan, gadhah papan kange lendhet-lendhet saha dipunginakaken kange lenggah.

4) Mengklarifikasi

Pamanggih inggih menika dasaring tumrap sedaya andharan. Cara sepisan kange matesi pangertosan inggih menika nyambungaken leksem mawi genus utawi kelasipun. Proses menghubungkan leksem utawi kelasipun, dipunsebat mengklarifikasi. Kelas ingkang dipunsebat saged ugi minangka ciri barang ingkang dipunklarifikasi (Pateda, 1989: 141-142). Tuladha caranipun mengklarifikasi tetuwuhan suket inggih menika :

Tabel 2: analisis nama adedhasar genus miturut Pateda (1989:142)

Pokok	Genus kelas
<i>Pitik</i>	Kewan ingkang saged mabur.
<i>Jaran</i>	Kewan ingkang gadhah sikil sekawan.

Umumipun langkung mligi klasifikasi langkung cetha andharanipun, tuladha:

- *Jaran* inggih menika kewan ingkang gadhah sikil sekawan.
- *Jaran* inggih menika kewan ingkang gadhah kuku ganjil (langkung cetha).

Pateda (1989: 142) ngandharaken malih bilih cara kaping kalih, inggih menika bedakaken leksem saking anggota sanesipun wonten ing kelas tartamtu kanthi maringi tenger. Proses menika kasebat diferensiasi. Tuladha saking diferensiasi inggih menika:

Tabel 3: Analisis diferensiasi miturut Pateda (1989: 142)

Pokok	Genus/Kelas	Diferensiasi
<i>Jaran</i>	Kewan	Gadhah kuku ganjil, nusoni, saged dipunginakkaen kangege narik grobak.

Nida lumantar (Pateda, 1989:142) ngandharaken tigang cara kangege mengklarifikasi leksem. Cara menika (1) ngandharaken sedaya ingkang gadhah sipat ingkang umum (2) merang makna ingkang beda kaliyan sanesipun (3) nemtokaken dasaring kelompok-kelompok kasebat.

8. Suket

Suket inggih menika tetuwuhan sing lumrah tukul ing ara-ara dingge pakan raja kaya (Poewadarminta, 1939: 570). Wondene saking KBBI pangertosan suket radi beda, suket ing KBBI inggih menika *tumbuhan sejenis ilalang, tetapi lebih kecil, yang banyak jenisnya, batangnya beruas daunnya sempit panjang perbungaanya berbentuk bulir dan buahnya biji-bijian* (KBBI, 2008: 1229). Ingkang Jawinipun tetuwuhan kaya alang-alang nanging luwih cilik, ingkang gadhah jinis ingkang kathah, wite ros-rosan, godhonge ciut dawa, kembange *bulir-bulir* wohe wijen.

Teges suket bilih bilih dipunjumbuhaken minurut kabudayan masarakat Jawa saha andharan kasebat pangertosan ingkang trep inggih menika, suket inggih tetuwuhan ingkang limrahipun tuwuh wonten ing arara utawi baon alit, witipun alit. Suket menika umumipun kangge pakan kewan utawi raja kaya kados lembu, mendha, saha mahesa.

B. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten kanthi irah-irahan Analisis Semantik Nama Suket wonten ing Desa Grogol, Paliyan Gunungkidul menika temtu kemawon gadhah rujukan panaliten minangka panaliten ingkang jumbuh. Panaliten-panaliten ingkang jumbuh menika gadhah pokok ingkang sami ananging ugi wonten kharakteristik ingkang beda. Panaliten menika antawisipun.

Panaliten ingkang gadhah irah-irahan *Peralatan Pertanian Padi Tradisional di Kabupaten Magetan (Kajian Semantik)* ingkang dipuntaliti dening Wardani (2012), *Pendidikan Bahasa Jawa*, FBS, UNY. Panaliten menika awujud panaliten basa (semantik) ingkang ginakaken analisis deskriptif, wondene objek panalitenipun nama piranti tradisional tetanen pantun wonten ing kabupaten magetan. Panaliten menika gadhah ancas kangge negesi makna nama piranti tradisional tetanen pantun wonten ing kabupaten magetan. Wonten ing panaliten menika panaliti negesi nama piranti tradisional tetanen pantun wonten ing kabupaten magetan kanthi cara diskriptifaken saha negesi mawi cara jarwo dhosok. Bedanipun panaliten kanthi irah-irahan *Peralatan Pertanian Padi Tradisional di Kabupaten Magetan (Kajian Semantik)* kaliyan panaliten ingkang dipuntliti panaliti

wonten ing panaliten menika panaliti boten negesi makna mawi jarwo dhosok.

Panaliten salajengipun ingkang jumbuh inggih menika panaliten *Kajian Makna Leksikal Nama Peralatan Rumah Tangga Tradisional di Pasar Gedhe Klaten* dening Astuti (2012), *Pendidikan Bahasa Jawa*, FBS, UNY. Ancas saking panaliten menika inggih ngandharaken makna leksikal nama *peralatan rumah tangga tradisional* wonten ing pasar Gedhe Klaten. Jinising panaliten menika inggih panaliten diskritrif, ingkang ngandharaken nama *peralatan rumah tangga tradisional* kanthi cara analisis komponensial.

C. Nalaring Pikir

Judul panaliten menika Analisis Semantik Nama Suket Wonten ing Desa Grogol Paliyan Gunungidul. Adedhasar wosing perkawis, panaliten menika dipunancas kangge ndhudah nama suket, teges leksikal, saha paedah suket.

Pirembagan wonten ing panaliten menika adedhasar semantik. Semantik inggih menika ngelmu ingkang ngrembag bab makna basa. Wondene analisis semantik wonten ing panaliten menika mligi semantik leksikal utawi teges leksikal. Caranipun negesi wonten panaliten menika mawi cara analisis komponensial. Teges dipunpikaantuk kanthi ningali wujuding suket saha paedahipun suket. Caranipun negesi suket menika ugi adedhasar sipat ingkang mligi saking suket.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten kanthi irah-irahan kajian Analisis Semantik nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul menika kalebet wonten ing panaliten deskriptif. Panaliten deskriptif inggih menika panaliten ingkang dipunlampahi mawi adhedasar kawontenan ingkang wonten ing sakiwa tengenipun panaliti, kanthi menika asilipun potret utawi andharan kados wontenipun (Sudaryanto, 1993: 63)

Pamanggih menika ugi jumbuh kaliyan teori panaliten deskriptif, inggih menika bilih panaliten deskriptif mboten dipunprelokaken administrasi saha control dhumateng *perlakuan*. Panaliten deskriptif mboten dipungayuh kangge mangsuli hipotesis, ananging namung ngandharaken napa wontenipun babagan *variable, gejala* utawi kawontenan. Pancen wonten mangsanipun wonten panaliten mawi mangsuli hipotesis ananging menika boten limrah. Ingkang limrah inggih menika panaliten deskriptif boten kange mangsuli hipotesis (Arikunto, 2007: 234). Ngatosaken andharan kalih pamanggih kasebat saged kadhudut dhudutan bilih panaliten deskriptif menika, panaliten ingkang dhudah prekawis kanthi ngandharaken napa wontenipun.

Panaliten menika gadhah ancas ngandharaken nama, makna, saha kagunan suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul kathi napa wontenipun jumbuh kados andharan wonten ing nginggil. Supados saged ngandharaken kanthi leres prelu dipunlampahi kanthi cara ingkang *sistematis*. Cara menika inggih

menika kanthi ngumpulaken *data, klasifikasi data saha pengolahan data*, kangge ngandharaken wujud, saha kagunan suket lan negesi nama suket.

A. Data lan Sumber data

Panaliten menika ginakaken data paneliten awujud nama suket, wujudipun suket saha paedahipun wonten ing desa Grogol, Paliyan Gunungkidul. Data wonten ing paneliten menika dipunganggihaken saking informan. Sumber data paneliten wonten ing paneliten inggih menika awujud kertu data, gambar suket, daftar asiling wawancara.

B. Papan Panaliten

Panaliten menika mapan ing desa Grogol Paliyan Gunungkidul. Pamilihan papan paneliten menika awit kathah warga masarakat desa Grogol menika ingkang gadhah pedamelan tani. Kawontenan menika gampilaken paneliti pados data bab nama suket saha paedahipun. Pamilihan menika ugi jumbuh kaliyan ancas paneliti inggih menika badhe mangertosi namanipun suket, makna leksikal nama suket, saha paedah suket wonten ing desa Grogol Paliyan Gunungkidul.

C. Caranipun Nglempakaken Data

Metode paneliten inggih menika cara ingkang dipunginakaken dening paneliti kangge ngempalaken data panelitenipun. Kados ingkang sampun dipunandharaken bilih, variasi cara ingkang dipunancas inggih menika: *angket, wawancara (pirembagan), observasi (pengamatan), tes saha dokumentasi* (Arikunto, 1996: 150).

Salajengipun (Sugiyono, 2008: 244) ngandharaken, Cara nglempakaken data inggih minangka cara *strategis* kangge paneliten, bab ancasipun paneliten

ingkang utama inggih menika angsal data. Nglempakaken data saged dipunlampahi kanthi pinten-pinten *setting*, sumber saha cara.

Adedhasar pamanggih ing nginggil panaliti lajeng njumbuhaken cara nglempakaken data wonten ing panaliten menika. Cara ingkang kaginakaken adedhasar kawontenan narasumber wonten ing desa Grogol, Paliyan Gunungkidul. Cara ingkang kaginakaken inggih menika, *Observasi, wawancara* (pirembagan), saha *dokumentasi*.

1. Observasi

Observasi inggih menika cara nyemak wonten ing lapangan kanthi *sistematis* saha *terstruktur*. Observasi kalampahan kanthi panaliti ningali langsung wujuding suket wonten ing ngalas. Asiling observasi kasebat kacatet wonten ing *catatan lapangan*.

2. Wawan rembag

Wawan rembag menika wujudipun cara nglempakaken data kanthi wawan parembagan *responden*. Wonten ing wawan pirembagan menika panaliti nyuwun pirsa dhumateng tiyang ingkang dipunanggep ngertos bab suket. Pitakenan ingkang kaginakaken mawi pedoman pitakenan sampun dipuncawisaken.

Wawan pirembagan menika dipunlampahi kanthi nyuwun pirsa bab data sakatahipun ngantos dipunanggep cekap. Panaliti nyuwun pirsa babagan jinising suket, wujuding, nama suket, titikanipun, saha kagunanipun. Asiling wawan pirembagan awujud rekaman saha seratan bab asiling wawan pirembagan.

3. Dokumentasi

Dokumentasi wonten ing panaliten menika awujud gambar suket. Dokumentasi menika kapendhet wonten ing kalih papan ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul. Papan kange dokumentasi menika wonten ing Lungguh saha Tлага Wetan.

D. Piranti Panaliten

Piranti panaliten inggih menika piranti utawi *fasilitas* ingkang dipunginakaken panaliti kangge ngempalaken data supados panaliten lakung gampil saha kasilipun langkung sae inggih menika langkung tliti, jangkep, saha runtut ingkang ndayani data langkung gampil dipunolah. Piranti panaliten ingkang kaginakaken inggih menika panaliti kiyambak. Panaliti gadhah *peran* minangka perencana, ingkang nglampahi panaliten, ingkang ngempalaken data, saha ingkang nglapuraken data. Panaliti minangka instrument menika kabiyantu dening.

- a. Catetan lapangan dipunginakaken kangge nyatet sedaya bab ingkang wigati sajroning panaliten.
- b. *Kamera* dipunginakaken kangge motret suket sajroning observasi. Kanthi gambar suket saking asiling potret menika badhe gampilaken anggenipun nliti.
- c. Pedoman wawan pirembagan awujud daftar pitakenan. Pedoman wawan pirembagan dipunginakaken kangge dhasaring wawan pirembagan kaliyan *informaan*. Kanthi menika data ingkang dipunkempalaken jumbuh kaliyan ancasipun panaliten mboten ndadra utawi kirang.

d. *Alat perekam* dipunginakaken kangge ngrekam sajroning wawan rembag.

Alat perekam menika mbiyantu panalite gampilaken nyatet catetan lapangan wawancara. *Alat perekam* menika ugi kangge ngirangi subjektifitas wonten ing panaliten.

e. Kertu data kangge nyatet laporan saking catetan lapangan. Kartu data menika sampun *spesifik*, ateges sampun kasaring. Kertu data menika ugi gadhah *format* ingkang sami saking ngajeng dugi pungkasan. Wondene tuladha anggenipun cara ngisi kados menika:

Tabel 4: Kertu data

No.	01
Sumber	CLW 03, CLW 04
Nama Suket	Alang-alang
Makna	Araning suket kang lumrahe kanggo pepalang marang bebaya, wite gilig duweni glugut, dhuwure luwih saka 40 cm, kembange putih, rone dawa-dawa warni ijem mbeleri.
Titikan	Papan gesangipun: ara-ara utawa pategalan Wit : gilik Godhong: lancip kaya godhong pari Inggilipun: 20-50 cm Sekar: putih <i>bulir-bulir</i>
Paedah	Kangge nyaweni, tarub, pakan raja kaya, payon, kangge tetamba.

E. Caranipun Nganalisis Data

Cara analisis wonten ing analisis menika ginakaken analisis komponensial.

Analisis komponensial kalampahan adedhesar bilih tembung ngandut *kesatuan makna* ingkang gadhah *sistem* ingkang saged dipunandharaken titikan bedanipun, inggih menika komponen ingkang *kontras* kaliyan komponen sanesipun, fungsipun kangege bedakaken teges setunggal lan sanesipun (Wedhawati wonten ing Widyaparwa No.31, 1987: 17)

Analisis komponensial kados ingkang kasert wonten ing nginggil adedhasar data ingkang dipunpanggihaken. Data menika dipunpadosi kanthi *observasi*, wawan pirembagan, saha *dokumentasi*. *Observasi* dipunlampahi kangege ningali kawontenan suket ingkang saestunipun wonten ing lapangan. Cara menika ndayani panaliti mangertos wujudipun suket, ingkang salajengipun saged karumusaken ciri pambelanipun. Wondene ciri pambelanipun kados menika. Wujuding wit, cara uripe suket, dawane suket, sekaripun suket, wujuding ron, wernaning ron, wontening glugut, wontening woh, wontening empu.

Wawan pirembagan kalampahan kanthi cara, panaliti nyuwun pirsa dhumateng informan ingkang kaanggep pirsa babagan suket. Wawan pirembagan menika gadhah ancas nyuwun pirsa nama suket, nyocokaken wujudipun suket kaliyan ingkang dipuntingali ing lapangan, saha nyuwun pirsa bab kagunaning suket.

Dokumentasi inggih menika kanthi nglempakaken gambar suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul. Asiling dokumentasi menika kajumbuhaken

kaliyan data saking asiling Observasi kaliyan wawan pirembagan. Data ingkang jumbuh salajengipun kaserat wonten ing kartu data.

Data ingkang sampun dipunkemplakaken wonten ing kartu data dipunlebetaken tabel analisis data. Tabel analisis menika dipunginakaken supados gampilaken anggenipun naliti babagan makna leksikal suket. Wujuding tabel analisis saha cara ngisinpun kados menika.

Tabel 5: Analisis Makna Leksikal Adedhasar Teori Saking Chaer.

N o . .	NAMA SUKET	Tegees													Guna									
		Wjd Wit		Cara Urip	Dawane Suket			Sekar			Ron		Wer na Ron											
		Bunder	Glugut	Woh	Empu																			
1	2	3	4	5	6	7	8	9	1 0	1 1	1 2	1 3	1 4	1 5	1 6	1 7	1 8	1 9	2 0	2 1	2 2	2 3	2 4	25
1	Alang-alang	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	+	+	-	-	-	-	kanggo payon, tolak bala, tetamba.	
2	Apa-apa	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	+	+	-	-	+	-	-	-	-	-	kanggo pakan raja kaya sarta tolak bala.	

F. Caranipun Ngesahaken Data

Keabsahan data dipunprelukaken kangge ngecek leres saha lepating data ingkang dipunkempalaken dening panaliti. Keabsahan data panaliti menika ginakaken cara *trianggulasi* inggih menika cara ingkang ginakaken seserepan sak njawinipun data menika kangge ngecek saha bandingaken data ingkang dipunkempalaken (Moleong, 2006: 178).

Wonten ing panaliten menika ginakaken trianggulasi sumber. Trianggulasi sumber kalampahan kanthi bandingaken data saking informan. Cara menika ndayani asiling panaliten kawastanan sah. Validitas salajengipun ingkang kaginakaken inggih menika validitas semantik. Validitas semantik gadhah ancas ningali dumugi pundi data saged saged dipuntegesi jumbuh kaliyan konteks basa, dipunprelokaken minangka *satuan* ingkang ngemot *susunan internal* ingkang gadhah teges. Panaliten menika samangkikh mawi semantik logika sanes semantik lingual. Tuladhanipun semantik logika kababar wonten ing ngandhap menika.

Tegesipun suket Alang-alang inggih menika *araning suket kang wite gilik ana glugute, dhuwure luwih saka 40 cm, sekaripun pethak bulir-bulir, rone dawa-dawa warni ijem mbeleri, kanggo payon, tolak bala, tetamba*. Teges menika adedhasar validitas semantik. Wondene saged kasebat semantik logika, menika saged dipuntingali wonten ing andharan komponen makna tembung suket. Tuladhanipun, tembung suket kaandharaken ngandut komponen + wujud wit. Adedhasar logikanipun panaliti bilih suket menika gadhah wujud ingkang beda-beda, pramila Alang-alang saged kawastanan gilik.

Reliabilitas wonten ing panaliten menika kalampahan kanthi cara nyuwun pirsa dhumateng informan sanes ngantos ndayani asiling panaliten ingkang tetap. Panaliti ugi ngambali anggenipun naliti kanthi makaping-kaping. Sasanesipun menika kangege jaga reliabilitas dipunlampahi ugi kanthi cara konsultasi ahli, wonten ing panaliten menika konsultasi ahli dipunlampahi kanthi konsultasi kaliyan Prof. Endang Nurhayati. Mawi cara ingkang menika reliabilitas data saged tetep.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. ASILING PANALITEN

Panaliten bab analisis nama suket menika dipunlampahi wonten ing desa Grogol kecamatan Paliyan kabupaten Gunungkidul. Asiling panaliten menika awujud data jinising suket wonten ing desa Grogol kecamatan Paliyan kabupaten Gunungkidul, diskripsi makna leksikal saha paedahipun. Asilipun panaliten analisis semantik nama suket wonten ing desa Grogol Paliyan Gunungkidul dipunandharaken mawi tabel wonten ing ngandhap menika.

Tabel 6: Makna leksikal nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul saha paedahipun.

No .	Nama Suket	Wujud	Paedah	Makna Leksikal
1	2	3	4	5
1.	Alang-alang	<ul style="list-style-type: none">• Wujudipun wit gilig ngadek• Panjangipun suket luwih seka 40 cm• Sekaripun pethak• Ronipun panjang landhep warni ijem, mbeleri.• Wite gadhah glugut• Mboten gadhah empu	<ul style="list-style-type: none">• Ronipun kangge payon• Kangge sarana tolak bala• Tetamba• pakan raja kaya.	Araning suket kang lumrahe kangge pepalang marang bebaya, wite gilig gadhahni glugut, dhuwure luwih saka 40 cm, kembange putih, ronipun panjang warni ijem mbeleri.
2.	Apa-apa	<ul style="list-style-type: none">• Wujudipun wit gilig ngadek	<ul style="list-style-type: none">• Kangge sarana tolak bala	Araning suket kangge sarana tolak bala murih mboten wonten

		<ul style="list-style-type: none"> • Panjangipun suket kirang langkung 20-50 cm • Sekaripun jene • Ron bunder warni ijem • Mboten gadhah gludud • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge pakan raja kaya 	napa-napa, inggilipun 20-50 cm, sekaripun warni pethak njeleret abrit, ronipun bunder ngaris warni ijem.
3	mBakoan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Inggilipun suket kirang langkung 5-20 cm • Awis-awis gadhah sekaripun • Ronipun panjang nyawang warni ijem • Mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge pakan raja kaya. 	Araning suket ingkang ingkang wujuding memper wit mBako, inggilipun 5-20 cm, sekaripun warni jene, ronipun panjang wiyar nyawang.
4	Blembem	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket langkung saking 40 cm • Sekaripun abrit • Ron panjang warni ijem 	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge wot galengan • Bendung ilining banyu ing sawah • Pakan raja kaya 	Bangsa suket wite gilig gadhah glugut panjangipun langkung saking 40 cm, sekaripun abrit, ronipun panjang warni ijem pinggiripun abrit, kangge wot lan bendung.

		<p>pinggiripun abrit</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wite gadhah glugut • Mboten gadhah empu 		
5	Cikalan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Inggilipun suket kirang langkung 10- 15 cm • Mboten gadhah sekar • Ron panjang Wujudipun kaya ron cikal warna ijem • Wite mboten gadhah glugut • Gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya • Empune eca 	Araning suket ingkang memper wujuding cikal, inggilipun 10-15 cm, ronipun panjang memper ron Cikal, empunipun eca.
6	Dangon	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket kirang langkung 20- 30 cm • Sekaripun pethak • Ron panjang warni ijem • Mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Tamba tatu • Pakan raja kaya 	Araning suket sekaripun gadhah wewangunan kaya Dangu, panjangipun 20-30 cm, ronipun panjang-panjang, kangge tamba tatu lan pakan raja kaya.
7	Dranjangan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja 	Araning suket ingkang

		<p>gepeng</p> <ul style="list-style-type: none"> • Panjangipun suket kirang langkung 10-20 cm • Mboten gadhah sekaripun • Ron panjang warni ijem • Witipun gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	kaya	wujudipun memper wulu peksi, panjangipun 10-20 cm, wite gepeng kathah glugute, ronipun panjang-panjang, gadhah woh memper jali, kangge pakan raja kaya.
8	Gajahan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket luwih seka 30-40 cm • Sekaripun pethak • Ron panjang warni ijem • Witipun gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Wot galengan wonten ing tegal • pakan raja kaya 	Araning suket gedhe diemperake gajah asring ditandur, inggilipun 20-40 cm, witipun ngeros kathah glugutipun, ronipun panjang, kangge wot saha pakan raja kaya.
9	Genjahan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket luwih seka 20-30 cm • Sekaripun pethak • Ron panjang kirang langkung 3-10 cm warni 	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge pakan raja kaya. 	Araning suket ingkang ingkang gadhah sipay genjah, panjangipun 20-30 cm wite mrambat, sekaripun pethak ngepang wonten pucuking wit, ronipun panjang kangge pakan raja kaya.

		ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu		
10	Gewor	• Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket kirang langkung 20- 30 cm • Sekaripun wungu • Ronipun panjang warni ijem pinggiripun warni abrit • Witipun mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu	• Pakan raja kaya	Araning suket ingkang panjangipun 20-30 cm, witipun warni abrit, ronipun panjang warni ijem pinggiripun abrit, sekaripun wungu tememplek wonten ing poking ron.
11	Grinting	• Wujudipun wit gilig ngadek • Inggilipun suket kirang langkung 20- 30 cm • Mboten gadhah sekaripun • Ron panjang cilik warna ijem • Wite mboten gadhah glugut	• Sarat kangge gampangak e wong ndhuduk watu • pakan raja kaya	Araning suket kang wite alit ngeros inggilipun 10-20 cm, ronipun lancip alit- alit, digunakake kangge sarana tiyang ndedhuduk selo.

		<ul style="list-style-type: none"> • Mboten gadhah empu 		
12	Iles-iles	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 3-10 cm • Sekaripun jene • Ron panjang, saperangan ana kang bunder kaya ron kimpul • Wite mboten gadhah glugut • Gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya 	Bangsa suket ingkang inggilipun 3-10 cm, ronpun kados kimpul, saperangan wonten ingkang memper ron kangkung, sekaripun warni jene, mbrebala mawi empu.
13	Kalanjana	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket luwih seka 40 cm • Sekaripun pethak • Ron panjang warni ijem • Wite gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Wot galengan • pakan raja kaya 	Araning suket kang dhuwure langkung saking 40 cm kathah glugute, ronipun amba panjang, sekaripun pethak, kangge pakan raja kaya.
14	Kalamenta	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 10- 	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge nyuburke siti • Pakan raja kaya 	Araning suket panjangipun 10-20 cm nglugut, ronipun panjang alit mbeleri, kangge nyuburke siti.

		<p>20 cm</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mboten gadhah sekaripun • Ron panjang cilik-cilik warni ijem • Wite gadhah glugut • Mboten gadhah empu 		
15	Kapukan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit mretelu pating trucuk • Panjangipun suket kirang langkung 10-15 cm • Sekaripun soklat • Ronipun panjang • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya 	<p>Araning suket sekaripun bunder soklat memper klentheng, ingkang inggilipun 10-15 cm, witipun gilig pating trucuk.</p>
16	Katemas	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek ana tlutuhe • Panjangipun suket kirang langkung 20-30 cm • Sekaripun jene • Ron bunder • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya 	<p>Araning suket ingkang wohipun memper sirah pitik gadhah sekar jene ingkang kados jengger bilih dipuntingali saking tebih, inggilipun 10-30 cm, witipun gilig nlutuh, ronipun bunder.</p>

17.	Kerok Bathok	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket kirang langkung 5-20 cm • Mboten gadhah sekar • Ron bunder wani ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya, • kangge gudangan 	Araning suket ingkang inggilipun 5-20 cm, ronipun bunder kaya bathok, saged dipundadosaken gudangan.
18.	Pategalan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket luwih seka 20-30 cm • Sekaripun warni jene • Ron bunder warni ijem semu abrit • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge janganan (gudangan) • Pakan raja kaya 	Araning suket panjangipun 20-30 cm wite gilig mrambat, ronipun bunder rada kandel, sekaripun warni jene, kangge gudangan.
19	Krambilan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket luwih seka 10-20 cm • Mboten gadhah sekaripun 	Pakan raja kaya	Araning suket ingkang wujudipun memper krambil, inggilipun 10-20 cm, ronipun bunder jejer panjang kados blarak, ngandhapipun ron wonten wohipun bunder alit.

		<ul style="list-style-type: none"> • Ron bunder warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu, nanging gadhah who 		
20.	Legetan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung seka 5-20 cm • Sekaripun jene • Ron bunder warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya, kangge gudangan 	Araning suket inggilipun 5-20 cm, ronipun ijem semu pethak, sekaripun jene, saged kangge gudangan.
21	Legetun	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung seka 5-20 cm • Sekaripun jene • Ron bunder warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya, kangge gudangan 	Araning suket inggilipun 5-20 cm, ronipun ijem semu biru, sekaripun jene, saged kangge gudangan.

22.	Lamuran	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket kirang langkung • 20-30 cm • Sekaripun abrit • Ron panjang alit warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya.	Araning suket ingkang tuwuhipun nylamur wonten ing tetuwuhan sanes, uripe mrambat panjangipun 20-30 cm, ronipun alit panjang, sekaripun abrit panjang.
23.	Lancuran	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket luwih seka 20 cm • Sekaripun abrit • Ron panjang warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	• Pkan raja kaya	Araning suket ingkang gadhah sekar lancur menginggil warni abrit, inggilipun 20-50 cm, ronipun panjang-panjang.
24	Larasetu	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket luwih seka 40 cm • Mboten gadhah sekaripun • Ron panjang 	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge bebendung • Kangge gawe lenga wangi. 	Bangsa suket panjangipun luwih saka 40 cm, ronipun panjang kados sere, kangge bebendung, lan oyode wangi.

		<p>kados ron sere</p> <ul style="list-style-type: none"> • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 		
25.	Lengis/ Sriwit gedhe	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit mretelu ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 5-15 cm • Sekaripun pethak • Ron panjang • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	• Pakan raja kaya	Bangsa suket araning suket kang inggilipun 5-15 cm, witipun mretelu, ronipun panjang, sekaripun jene, mboten gadhah empu.
26.	Lempuyang/ Lempuyangan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 20-30 cm • Mboten gadhah sekaripun • Ron panjang wiyar warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Gadhah empu 	Pakan raja kaya	Araning suket ingkang memper lempuyang empon-empon, inggilipun 20-30 cm, wite gilig, ronipun panjang, empune kangge jamu.
27.	Lombokan	• Wujudipun wit gilig	Pakan raja kaya	Araning suket ingkang woh saha ronipun

		<p>ngadek</p> <ul style="list-style-type: none"> • Panjangipun suket kirang langkung 5-15 cm • Sekaripun warni jene • Ron bunder warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 		memper lombok, dhuwuripun 5-15 cm, ronipun wiyar garis-garis, sekaripun wungu, wohipun bunder-bunder wonten ing pucuking wit, kaginakaken kangge pakan raja kaya.
28.	Lulangan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gepeng • Panjangipun suket kirang langkung 10-20 cm • Sekaripun pethak • Ron panjang warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	Araning suket ingkang witipun gepeng kaya lulang, panjangipun 10-20 cm, ronipun panjang, sekaripun pethak ing pucuking wit.
29.	Mendhongan/ Lingi	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit mretelu ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 30-40 cm • Sekaripun jene • Ron panjang warni ijem • Wite mboten gadhah 	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge krajinan • Pakan raja kaya 	Bangsa suket kang dhuwure 30-40 cm, wite mretelu, sekaripun jene, wite isa kangge krajinan.

		glugut • Mboten gadhah empu		
30.	Menga-mengo	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 5-10 cm • Mboten gadhah sekar • Ron panjang warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu, nanging gadhah woh 	Pakan raja kaya	Araning suket ingkang pucuke marep sinare srengenge, inggilipun 5-10 cm, witipun warni abrit, wohipun bunder bunder tememplek wonten ing wit, ronipun alit-alit warni ijem.
31.	Menyawun	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 10-40 cm • Sekaripun pethak • Ron bunder warni ijem • Wite gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	Bangsa suket inggilipun 10-40 cm, kathah glugutipun, ronipun bunder kasar, sekaripun warni pethak.
32.	Ongkereo	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang 	<ul style="list-style-type: none"> • Kangge pakan raja kaya • Kangge tetamba 	Bangsa suket inggilipun 40-100 cm, witipun wonten glugutipun alit, ronipun bunder ringih-

		laangkung 40-100 cm <ul style="list-style-type: none"> • Sekaripun pethak • Ron bunder warni ijem • Wite gadhah glugut • Mboten gadhah empu 		ringih, sekaripun pethak, tlutuhe kangge tetamba.
33.	Patikan/ Potak-Patikan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek gadhah tlutuh • Panjangipun suket kirang langkung 10-20 cm • Sekaripun pethak • Ron panjang • Wite gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya • Tetamba 	Araning suket ingkang inggilipun 10-20 cm, witipun abrit, ronipun ijem semu abrit, wohipun tememplek wonten ing antaraning ron, tlutuhe kangge tetamba.
34.	Rambutan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket luwih seka 30-40 cm • Sekaripun jene • Ron dabunder warna ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	Araning suket kang wohe bunder kang diubengi kaya dene rambut, uripe mrambat, panjangipun 30-40 cm, ronipun kaya ron mbayung.

35.	Reketek	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket kirang langkung 30-40 cm • Sekaripun abrit • Ron panjang warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	Bangsa suket ingkang panjangipun 30-40 cm, wite abrit, ronipun wiyar, sekaripun abrit ngepang.
36.	Ranggitan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket luwih seka 30-40 cm • Sekaripun wungu • Ron bunder warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	Aranning suket ingkang witipun gilig kaya kayu, wite ngepang, inggilipun 30-40 cm, ronipun ijem amba ringih-ringih, sekaripun warni wungu.
37.	Remakan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 10-20 cm • Sekaripun abrit • Ron bunder warna abrit 	Pakan raja kaya	Aranning suket ingkang inggilipun 10-20 cm, witipun warni abrit, ronipun ijem semu abrit, sekaripun warni abrit.

		<ul style="list-style-type: none"> • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 		
38.	Sriwit	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket • kirang langkung 5-10 cm • Mboten gadhah sekaripun • Ron panjang • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	Bangsa suket inggilipun 5-10 cm, witipun nrucuk, sekaripun bunder mrentel warni soklat memper sekaripun mendhong.
39.	Suket Ijo	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket kirang langkung 5-10 cm • Sekaripun jene • Ron bunder warni jene • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	Araning suket ingkang wit saha ronipun ijem, panjangipun 5-10 cm, gesangipun mrambat, saha sekaripun jene.
40.	Sundel bedhel	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun 	Pakan raja kaya	Araning suket ingkang gadhah sipat mbedhel, inggilipun 10-30 cm, witipun nglugut,

		<p>suket kirang langkung 20-30 cm</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sekaripun jene • Ron bunder warni ijem • Wite gadhah glugut • Mboten gadhah empu 		sekaripun jene.
41.	Susuh emprit	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket luwih seka 20-30 cm • Sekaripun pethak • Ron panjang warni ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	Aranning suket ingkang asring kangge damel susuh manuk emprit, inggilipun 20-30 cm, witipun gilig, ronipun panjang, sekaripun pethak <i>bulir-bulir</i> .
42.	Tadhah Udan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket luwih seka 20-30 cm • Sekaripun ijem • Ron panjang warni ijem • Mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	Aranning suket ingkang gesang namung ing wayah rendeng, inggilipun 20-30 cm, ronipun panjang, sekaripun warni pethak saha gadhah woh warni ijem.

43.	Tali wuyung	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat • Panjangipun suket luwih seka 40 cm • Sekaripun pethak. • Ron bunder • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya 	Araning suket ingkang wujudipun memper tali, panjangipun 30-40 cm, witipun mrambat warni abrit, ronipun bunder alit, sekaripun wungu.
44.	Teki	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit mretelu ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 5-30 cm • Sekaripun jene • Ron panjang warna ijem • Wite mboten gadhah glugut • Mboten gadhah empu 	<ul style="list-style-type: none"> • Pakan raja kaya 	Araning suket ingkang witipun mretelu, inggilipun 5-30 cm, ronipun panjang, gadhah sekaripun warni jene, empunipun ngandha seger.
45.	Tuton	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 30-50 cm • Sekaripun pethak • Ron panjang ijem • Wite mboten 	Pakan raja kaya	Araning suket ingkang memper pantun, dhuwure 30-50 cm, ronipun panjang, sekaripun pethak kados woh pantun.

		<p>gadhah glugut</p> <ul style="list-style-type: none"> • Mboten gadhah empu 		
46.	Waderan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig mrambat keras. • Panjangipun suket kirang langkung 30-40 cm • Mboten gadhah Sekaripun • Ron panjang warni ijem • Wite mboten gadhah glugut keras • Mboten gadhah empu 	Pakan raja kaya	araning suket ingkang ronipun memper wak wader, uripe mrambat, panjangipun 30-40 cm, wite keras, ronipun wiyar, kangge pakan raja kaya, tuwuhe ing papan reyom.
47.	Wudelan	<ul style="list-style-type: none"> • Wujudipun wit gilig ngadek • Panjangipun suket kirang langkung 40-50 cm • Sekaripun ijem • Ron bunder • Wite mboten glugut • Mboten gadhah empu • Warninipun ijem 	Pakan raja kaya	Aranning suket ingkang sekaripun memper wudel, inggilipun 40-50 cm, witipun gilig ngayu keras, ronipun bunder ringih-ringih, sekaripun bunder ijem.

Adedhasar tabel wonten ing nginggil suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul gadhah nama ingkang mawarna-warna. Nama-nama menika antawisipun: *Alang-alang, Apa-apa, mBakoan, Blembem/ Blemben, Cikalan, Dangon, Dranjangan, Gajahan, Genjahan, Gewor, Grinting, Iles-iles, Kalanjana, Kalamenta, Kapukan, Katemas, Krokot, Kerok Bathok, Krambilan, Lamuran, Lancuran, Larasetu, Legetan, Legetun, Lengis, Lempuyang, Lombokan, Lulangan, Mendhongan, Menga-mengo, Menyawun, Ongkereo, Patikan, Rambutan, Reketek, Ranggitan, Remakan, Sriwit, Suket Ijo, Sundel mbedhel, Susuh emprit, Tadhal udan, Tali wuyung, Teki, Tuton, Waderan, Wudelan.*

Suket ugi gadhah Paedah mawarna-warna. Paedahin suket antawisipun kangge pakan raja kaya, kangge jampi, kangge sarana tolak bala, wot siti saha tetedhan. Saking mawarna-warna Paedahipun kala wau wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul kantun Paedah kangge pakan raja kaya saha wot siti mawon ingkang asring kaginakaken. Paedah minangka tetamba, sarana tolak bala, saha tetedhan sampun awis-awis kapanggihaken.

B. PIREMBAGAN

Adedhasar tabel wonten ing asiling panaliten, data salajengipun badhe kababar kanthi langkung cetha. Bab ingkang badhe kaandharaken antawisipun inggih makna leksikal nama suket, wujuding suket, saha paedahipun.

Analisis Semantik nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul:

1. Alang-alang



Gambar 1: Alang-alang (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Alang-alang inggih menika salah sawijining suket ingkang kathah dipunpanggihi wonten ing sadengah papan. Wujudipun **Alang-alang** ugi gampil dipuntengeri. **Alang-alang** gadhah wujud gilig, caranipun urip ngadhek, inggilipun 40 cm. **Alang-alang** gadhah sekar pethak. Ron **Alang-alang** warni ijem, wujudipun kados ron pantun ingkang ronipun landhep utawi saged beleri. **Alang-alang** lumrahipun gesang wonten ing pategalan utawi wonten ing ara-ara. Andharan menika jumbuh kaliyan ingkang kaserat wonten ing tabel analisis.

Alang-alang miturut masarakat desa Grogol gadhah teges pepalang utawi sarana kangge tolak bala. Paedah **Alang-alang** minangka sarana tolak bala lumrahipun dipunginakaken wonten ing acara ewuh mantu. Andharan menika jumbuh kaliyan andharan informan 03.

*“Kula mboten reti namung nak **Alang-alang**, Apa apa menika ngge sarat. Nak **Alang alang** ngge pepager nak tiyang ewuh”. CLW 03*

Paedah **Alang-alang** sanesipun inggih menika kangge sarana tiyang anggon utawi tiyang wonten ing ngalas menawi wonten gelap. Supados slamet mboten kesamber gelap, **Alang-alang** dipunbundhelaken kaliyan **Apa-apa** lajeng

dipunslempitaken wonten ing caping utawi rikma. Kanthi cara menika dipunajab gelap boten purun nyamber tiyang ingkang ginakaken **Alang-alang** menika jumbuh kaliyan andharan informan 03.

“Lha rak menika namung sarate tiyang angen riyin. Lha nak gelap menika panci ditengeri bundhelan Alang-alang kaliyan Apa-apo. Nak mangkikh kepanggih bundhelan Alang-alang menika diuculi waluyo.” CLW 03

Alang-alang ugi saged kagunakaken minangka unjukan. Wit **Alang-alang** saged dipundeplok lajeng toyanipun dipununjuk tiyang ingkang wonten wana. Saliyane Paedah wonten ing nginggil **Alang-alang** ugi dipunpitadhosi dening saperangan masarakat desa Grogol kangge jampi kados pratelan dening informan 03 saha informan 04.

“Alang-Alang menika sok dideploki, wong nak kula menika lare angen ngragas, toyane diombe, nak Lempuyang mboten eca pait nak Alang-alang legi” CLW 03.

Jumbuh kaliyan pamanggihipun wonten ing nginggil bilih **Alang-alang** saged dipununjuk. **Alang-alang** saged dipunginakaken kangge jampi. Wondene sakit ingkang saged dipuntambani lumantar alang-alang inggih menika sakit padharan. Andharan menika jumbuh kaliyan ingkang ingkang dipunaturaken dening informan 04.

“Alang-alang niku riyin ngge payon, gek Alang-alang sing ngisor menika ngge tampa lara weteng” CLW 04.

Kanthi andharan wonten ing nginggil, tabel analisis saha kajumbuhaken kaliyan gambar, **Alang-alang** dipuntegesi mawi analisis komponensial. Araning suket kang lumrahe kanggo pepalang marang bebaya, wite gilig duweni glugut, dhuwure luwih saka 40 cm, kembange putih, rone dawa-dawa warni ijem mbeleri.

2. Apa-apa



Gambar 2: Apa-apa (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Apa-apa inggih menika tetuwuhan bangsa suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara utawi pategalan. Wit **Apa-apa** wujudipun gilig kayu saha saged ngepang kados wit alit, ronipun bunder garis-garis saha gadhah warni ijem. **Apa-apa** gadhah sekar ingkang wujudipun memper sekar kacang lanjaran, warninipun pethak kaliyan abrit. Andharan bab wujudipun **Apa-apa** kasebat jumbuh kaliyan ingkang dipuntingali dening panaliti saha kaserat wonten ing tabel analisis.

Miturut kapitadosan gugon tuhon masarakat desa Grogol **Apa-apa** asring kaginakaken kangge tolak bala supados boten wonten alangan apa-apa. **Apa-apa** minangka sarana tolak bala saged dipunginakaken kangge sarana ewuh mantu. Pratelan menika jumbuh kaliyan ingkang andharan informan 03:

“Apa-apa menika nggih sok dingge sarat. Wong tiyang sepuh menika beda-beda wonten sing gunake Jarak, Alang-alang Apa-apa. Nak Apa-apa menika sok dibundheke”. CLW 03

Kaginan **Apa-apa** minangka kangge sarana tolak bala menika samenika sampun awis-awis kaginakaken dening masarakat desa Grogol. Paedah **Apa-apa**

ingkang tasih asring dipunpanggihi wonten ing masarakat desa Grogol samenika kantun kangge pakan raja kaya mawon. Kanthi andharan wonten ing nginggil kanthi analisis komponensial suket **Apa-apa** saged dipuntegesi, araning suket kanggo sarana tolak bala murih ora ana apa-apa, inggilipun 20-50 cm, sekare warni pethak njeleret abrit, ronipun bunder ngaris warni ijem.

3. mBakoan



Gambar 3: mBakoan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

mBakoan inggih menika bangsa suket ingkang tuwuhan wonten ing pategalan utawi ara-ara. Wujudipun suket **mBakoan** memper wit Sata, pramila kasebat **mBakoan**. Witipun **mBakoan** gilig warni ijem saha pinggiripun wonten glugute alus mboten gatel. Ron **mBakoan** kandel wiyar dawa nyawang, sekare jene. Inggilipun suket **mBakoan** kirang langkung 5-20 cm. Paedah saking suket **mBakoan** inggih menika kangge pakan raja kaya. **mBakoan** salah satunggaling jinising suket ingkang mboten gadhah woh.

Adedhasar andharan wonten ing nginggil suket **mBakoan** saged dipuntegesi kanthi adedhasar analisis komponensial. Tegesipun suket **mBakoan** araning suket ingkang ingkang wujuding memper wit mBako, dhuwuripun 5-20 cm, sekaripun warni jene, ronipun dawa wiyar nyawang.

4. Blembem (Blemben)



Gambar 4: Blembem (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)


Blembem inggih menika jinising suket ingkang asring dipuntanem wonten ing galengan sawah saha pategalan. **Blembem** ditandur kanthi ancas kange bendung toya utawi ngajar siti supados boten gogos. Paedah **Blembem** kange sarana bendung menika jumbuh kaliyan andharan informan 03:

*“menika **Blembem**, mung tekne kero. Nak blembem menika kukuh sanget ngge bendung. lak namung nggo bendung.” CLW 03*

Suket **Blembem** gadhah titikan, wit gilig ngeros kados wit pantun pinggire ana glugute alus. Ronipun **Blembem** wiyar lancip tememplek wonten ing ros-rosan, warninipun ijem dipunubengi dening warni abrit. Inggilipun suket **Blembem** kirang langkung 40-100 cm gumantung kawontenan siti saha toya, menawi wonten ing siti ingkang loh saha toyapun mboten banter saged inggil menawi mboten suwalikipun. Suket **Blembem** gadhah sekar warni abrit.

Blembem saged dipuntegesi mawi cara analisis komponensial. Wondene tegesipun **Blembem** inggih menika, Bangsa suket wite gilig duweni glugut dawane langkung saking 40 cm, sekare abrit, rone dawa warni ijem pinggiripun abrit, kango wot lan bendung. Teges menika jumbuh bilih dipunpirsani saking wujud ingkang kaserat wonten ing tabel analisis, paedah saking asiling wawan pirembagan, saha bilih kajumbuhaken kaliyan gambar.

5. Cikalan



Gambar 5: Cikalan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Suket **Cikalan** inggih menika jinsing suket ingkang tuwuhan wonten ing pategalan utawi ara-ara. Wujudipun wit **Cikalan** gilig kados Cikal saha ronipun ugi memper ron Cikal nanging langkung alit. Suket **Cikalan** mboten gadhah sekar, woh, saha glugut. Suket **Cikalan** gadhah empu kang memper krambil. Wondene empunipun **Cikalan** menika eca dipundhahar, menika jumbuh kaliyan andharan informan 04.

“Cikalan menika nggih kalebet rumput, wong niku wohe kaya teki ning rak wohe niku cepet banget, wohe eca”.CLW 04

Inggilipun suket **Cikalan** kirang langkung 10-15 cm. Paedah suket **Cikalan** kangege pakan raja kaya saha empunipun asring dipuntevedha dening lare angan ing jaman rumiyin. Kanthi adedhasar andharan wonten ing nginggil suket **Cikalan** saged dipuntegesi mawa analisis komponensial. Tegesipun suket **Cikalan** inggih menika araning suket ingkang memper wujuding cikal, inggilipun 10-15 cm, ronipun dawa memper ron Cikal, empunipun eca.

6. Dangon



Gambar 6: Dangon (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Suket **Dangon** inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing pategalan saha ara-ara. Wujudipun wit suket **Dangon** menika gilig ngeros. Tengahipun wit bolong kados wit pantun, ronipun lancip dawa-dawa warninipun ijem. Suket **Dangon** jinising suket ingkang witipun nempel siti, utawi saged dipunsebat mrambat wonten ing siti. Suket **Dangon** boten saged inggil nanging saged panjang, panjangipun kirang langkung 20-30 cm. Suket **Dangon** gadhah sekar panjang ageng warni pethak wujudipun memper sekar Aren (Dangu). Suket **Dangon** menika asring kaginakaken kangege tamba tatu pakan raja kaya menika jumbuh kaliyan andharan informan 01.

“Dangon nggo tamba tatu, nak jaman biyen Dangon kuwi dimamah trus ditempelake nggon tatu.” CLW 01

Suket **Dangon** saged dipuntegesi mawi analisis komponensial kanthi adedhasar andharan wonten ing nginggil. Tegesipun **Dangon** araning suket sekare duwe wewanganan kaya Dangu, dawane 20-30 cm, ronipun panjang-panjang, kangge tamba tatu lan pakan raja kaya. Teges menika kajumbuhaken kanthi cara ningali suket dangon, asiling wawn pirembagan saha gambar.

7. Dranjangan



Gambar 7: Dranjangan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Suket **Dranjangan** inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing pategalan saha ing ara-ara. Suket **Dranjangan** menika kathah tuwuh wonten ing papan ingkang reyom. Suket **Dranjangan** gadhah wit gepeng. Wit **Dranjangan** warninipun abrit. Wonten ing pinggiripun wit kathah glugutipun. Ron suket **Dranjangan** dawa-dawa warni ijem enom. Ron suket **Dranjangan** ugi saged njrebobok mubeng. Dawanipun suket **Drajangan** kirang langkung 10-20 cm, wohe alit kaados woh jali. Suket **Dranjangan** menika asring kaginakaken kangge pakan raja kaya.

Nama **Dranjangan** wonten ing desa Grogol mboten namung kangge nama suket. Dranjangan ugi kangge nama jinising peksi. pramila Suket **Dranjangan** saged dipuntegesi araning suket ingkang wujudipun memper wulu peksi,

dawanipun 10-20 cm, wite gepeng kathah glugute, ronipun panjang-panjang, gadhah woh memper jali, kanggo pakan raja kaya. Andharan teges menika jumbuh kaliyan cara negesi kanthi cara analisis komponensial. Inggih menika kanthi nyebataken komponen ingkang ketingal.

8. Gajahan



Gambar 8: Gajahan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Suket **Gajahan** inggih menika jinising suket ingkang dipuntanem wonten ing pategalan, adatipun dipuntanem wonten ing galengan. Kasebat gajahan awit wujudipun ingkang ageng.

Wujuding suket **Gajahan** njrebobok ageng. Witipun gilig ngeros. Wondene rosipun memper ros tebu nanging cendhak. Wonten ing pinggiripun wit, **Gajahan** kathah glugutipun. Wit **Gajahan** bilih saking tebih mboten ketingal, ingkang ketingal namung ronipun. Menika awit ron **Gajahan** menika mapan saking ngandhap dumugi nginggil. Ronipun wiyar panjang-panjang warninipun ijem. Ron **Gajahan** landhep nanging landhepipun mboten kados Kalanjana. Inggilipun suket **Gajahan** kirang langkung 20-40 cm. Suket **Gajahan**

dipunginakaken kange wot galengan. **Gajahan** ugi kalebet jinising tanduran ingkang pokok kange pakan raja kaya.

Kantri adadhasar andharan wonten ing nginggil **Gajahan** saged dipuntegesi mawi analisis komponensial. Wondene tegesipun inggih menika, araning suket gedhe diemperake gajah asring ditandur, inggilipun 20-40 cm, witipun ngeros kathah glugutipun, ronipun panjang, kange wot saha pakan raja kaya.

9. Genjahan



Gambar 9: Genjahan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Genjahan inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing pategalan. **Genjahan** menika kathah tuwuh wonten ing galengan utawi wonten ing dalan alit wonten ing pinggiring tegal. Tuwuhipun suket **Genjahan** wonten ing dalan menika awit kathah tiyang menawi dhangir suket kala wau namung dipuncalaken wonten dalan. Wujudipun suket **Genjahan** inggih menika, witipun gilig mrambat ing siti. Ronipun panjang alit pucukipun lancip, memper ron pring alit. Sekar suket **Genjahan** warni pethak nyawang tememplek wonten ing pucuking wit. Dawanipun suket Genjahan 20-30 cm. Paedah suket **Genjahan**

menika kangge pakan raja kaya wonten ing wayah ketiga kangge ngawetake pakan sanesipun.

Suket Genjahan ugi salah satunggaling suket ingkang gampil sekar saha mbrebala. Awit gampil sekar menika pramila kasebat Genjahan ingkang ateges gadhah sipat genjah. Kanthi adedhasar andharan wonten ing nginggil **Genjahan** dipuntingali kanthi analisis komponensial dipuntegesi. Araning suket ingkang ingkang gadhah sipat genjah, dawanipun 20-30 cm wite mrambat, kembange putih ngepang ana pucuking wit, ronipun panjang-panjang kanggo pakan raja kaya. **Genjahan** ugi kalebet suket ingkang gampil mbrebala nanging ugi gampil pejah menawi mboten wonten toya, utawi ketiga.

10. Gewor



Gambar 10: Gewor (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Gewor inggih menika jinising suket ingkang gesang wonten ing ara-ara saha pategalan. Wit **Gewor** gilig mbanyu ngeros kados wit kangkung, tengahipun bolong. Wernanipun wit **Gewor** abrit. Ron **Gewor** lancip panjang kandel. Ron **Gewor** warninipun ijem, ronipun ijem pinggiripun abrit. **Gewor** gadhah sekar warni wungu templek wonten ing antaranipun ros-rosaning wit saha ron.

Gewor inggih menika jinising suket ingkang mrambat. Dawanipun suket **Gewor** kirang langkung 20-30 cm. **Gewor** kalebet jinising suket ingkang angel pejahipun. Paedah suket **Gewor** kangge pakan raja kaya.

Adedhasar andharan wonten ing nginggil **Gewor** dipuntegesi kanthi analisis komponensial. Tegesipun araning suket ingkang dawanipun 20-30 cm, witipun warni abrit, ronipun panjang warni ijem pinggiripun warni abrit, sekaripun warni wungu tememplek wonten ing poking ron.

11. Grinting



Gambar 11: Grinting (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Grinting inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing pategalan saha ara-ara. Wit **Grinting** gilig ngeros kados pantun nanging alit. Ron **Grinting** lancip alit-alit warninipun ijem tememplek ing ros-rosan. Suket **Grinting** inggih menika jinsing suket ingkang inggilipun kirang langkung 10-20 cm. Miturut saperangan masarakat desa Grogol Suket **Grinting** dipunginakaken kangge sarat tiyang ndhudhuk sela supados gampil jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken dening informan 03.

“Grinting, menawi kangge nuthuk selo, lha mangkih Grinting menika digecak wonten selo dadi gampil menika “. CLW 03

Paedah **Grinting** kangge sarat menika samenika sampun awis-awis kaginakaken awit sampun kathah ingkang mboten pirsa. **Grinting** samenika namung kaginakaken kangge pakan raja kemawon. Kanthi andharan menika **Grinting** ditegesi kanthi analisis komponensial araning suket kang wite alit ngeros inggilipun 10-20 cm, ronipun lancip alit-alit, digunakake kangge sarana tiyang ndedhudhuk selo.

12. Iles-iles



Gambar 12: Iles-iles (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Iles-iles inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing pategalan saha ara-ara. Wujuding **Iles-iles** inggih menika, witipun gilig alit warninipun ijem mbanyu. Ronipun wiyar wujude memper ron Kimpul nanging alit, saperangan ugi wonten ingkang memper ron Kankung. Sekaripun warni jene. Inggilipun suket **Iles-iles** kirang langkung 3-10 cm. Suket **Iles-iles** inggih menika jinsing suket ingkang gadhah empu. Mawi empu menika **Iles-iles** borbala. **Iles-iles** asring kagunakaken kangge pakan raja kaya.

Kanthi adedhasar andharan wonten ing nginggil **Iles-iles** saged dipuntegesi, bangsa suket ingkang inggilipun 3-10 cm, ronipun kados Kimpul,

saperangan wonten ingkang memper ron Kangkung, kembange warni jene, mbrebala mawi empu. Teges menika jumbuh kaliyan cara negesi mawi cara analisis komponensial.

Iles-iles inggih menika jinising suket ingkang gadhah kalih jinis wujud wit. **Iles-iles** mbrebala mawi empunipun, mboten kedah wetah empunipun **Iles-iles** supados saged mbrebala. Awit saking menika bilih ndhuduk **Iles-iles** empunipun kathah ingkang dipungecak. Bedanipun wonten ing ronipun ingkang sepisan bunder memper kimpul. Jinis ron ingkang kaping kalih panjang langkung memper kankung. Wondene sipatipun wit sami inggih menika mbanyu, pramila **Iles-iles** menika mboten pati *tahan* dhateng siti ingkang garing.

13. Kalamenta



Gambar 13: Kalamenta (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Kalamenta inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing pategalan saha ara-ara. Wit **Kalamenta** gilig ros-rosan pantun. Ron kalamenta panjang lancip, warninipun ijem. Ron **Kalamenta** gadhah sipat landhep, ingkang asring ngenggingi. Inggilipun **Kalamenta** 20-30 cm. Paedah suket **Kalamenta**

inggih menika kangge nyuburaken siti mliginipun suket wonten ing sawah.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 04:

*“Kalamenta menika nak sing mboten seneng nggih dipateni, ning nak cara simbah riyin nak mboten wonten **Kalamenta** disebari kajenge dadi **Kalamenta** kabeh. Niku nak dingge nyawah nak pun lemu ditebak luku mergane mangkikh gek bosok lendute apik banget nak saniki diobat, wong mbeleri. Pokoke nak sawah mboten wonten wonten Kalamenta kapan wonten udan menika nugar. Ning jaman riyin niku sepisan menika tasih jamane pari kunyit pari mei nak alam saniki le ngarani”.* CLW 04

Kalamenta menika jnising suket ingkang boten saged ageng. Suket **Kalamenta** menika adatipun gesang uyek-uyekan. Adedhasar andharan wonten ing nginggil **Kalamenta** saged dipuntegesi araning suket ingkang inggilpun 20-30 cm, wite gilig, rone dawa mbeleri, ditandur ana paren.

14. Kalanjana



Gambar 14: Kalanjana (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Kalanjana inggih menika jnising suket ingkang dipuntanem wonten ing pategalaan utawi galengan ing sawah. Wit **Kalanjana** gilig ros-rosan tebu. Wit **Kalanjana** gadhah glugut ingkang ngenggingi, saged damel tatu wonten ing kulit. Ron **Kalanjana** panjang-panjang dawa warninpun ijem. Inggilipun **Kalanjana**

kirang langkung 30-150 cm. Sekaripun **Kalanjana** bulir-bulir pethak alit. Paedah **Kalanjana** miturut masarakat desa Grogol inggih menika kangge wot galengan saha kangge pakan raja kaya. Andharan menika jumbuh kaliyan andharan saking informan 04.

*“nak liyane menika naming ngge pakan terutama **Kalanjana**, **Gajahan**, **Dangon**”. CLW 04*

Saking suket ingkang sanesipun **Kalanjana** menika kalebet paling asring kaginakaken kangge pakan. Kaginakaken **Kalanjana** menika kangge pakan awit suket **Kalanjana** menika gampil anggenipun ngupakara. Suket **Kalanjana** ugi awet kangge pakan. Kanthi adedhasar andharan menika **Kalanjana** saged dipuntegesi araning suket kang dhuwure langkung saking 40 cm kathah glugute, rone amba dawa-dawa mbeleri, sekare pethak, kanggo pakan raja kaya.

15. Kapukan



Gambar 15: Kapukan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Kapukan inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing ara-ara saha pategalan. Witipun gilig alit, ronipun lancip dawa-dawa. Witipun **Kapukan** pating trucuk kathah. Sekar **Kapukan** bunder warni soklat kados penthol

krenteng. Wit **Kapukan** menika memper Sriwit nanging langkung ageng. Inggilipun suket **Kapukan** kirang kangkung 10-15 cm. Suket **Kapukan** kaginakaken kangge pakan raja kaya.

Kanthy menika suket **Kapukan** saged dipuntegesi, araning suket sekaripun bunder soklat memper klentheng, ingkang inggilipun 10-15 cm, witipun gilig pating trucuk. Andharan menika jumbuh kaliyan kawontenan suket **Kapukan**. Salajengipun dipuntegesi mawi analisis komponensial.

16. Katemas




Gambar 16: Katemas (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Katemas inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing pategalan saha ara-ara. Wujuding wit **Katemas** gilig rosipun memper ros Kangkung warni ijem semu abrit. **Katemas** saged ngepang witipun nlutuh. Ron **Katemas** panjang garis-garis. Sekaripun jene temumpang wonten ing sanginggilipun woh. Woh suket **Katemas** bunder-bunder warni ijem wonten ing ngiggilipun wit. Inggilipun suket **Katemas** 10-30 cm. **Katemas** kaginakaken kangge pakan raja kaya wonten ing mangsa ketiga kangge ngawetaken pakan sanesipun.

Adedhasar andharan wonten ing nginggil **Katemas** dipuntegesi mawi analisis komponensial. **Katemas** dipuntegesi araning suket ingkang wohipun memper sirah pitik gadhah sekar jene ingkang kados jengger bilih dipuntingali saking tebih, inggilipun 10-30 cm, witipun gilig nlutuh, ronipun panjang, sekiripun jene wonten ing sangginggilipun woh. Teges kala wau jumbuh kaliyan kawontenan ingkang ketingal saking suket **Katemas**.

17. Kerok Bathok



Gambar 17 Kerok Bathok (Gambar dening panaliti 1 September 2013)

Kerok Bathok inggih menika salah satunggaling jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing siti ingkang toyanipun kathah, utawi siti teles. **Kerok Bathok** gampil dipunpanggihi rikala rendeng, nanging angel dipanggihi rikala ketiga. Wujuding wit **Kerok Bathok** gilig ngeros kados wit kangkung nanging langkung alit. Ron **Kerok Bathok** bunder kados Rendeng nanging langkung lemes. Inggilipun suket **Kerok Bathok** 5-10 cm.

Kerok bathok gadhah Paedah ingkang mboten sekedhik. Paedah **Kerok Bathok** antawisipun kangge gudangan, utawi janganan. Ananging kanthi ewah gingsiripun jaman Paedah minangka janganan menika sampun awis ingkang

ginakaken. Paedah **Kerok Bathok** namung pakan raja kaya bilih kekirangan pakan.

Kanthy adadhasar andharan wonten ing nginggil **Kerok bathok** saged dipuntegesi, araning suket ingkang inggilipun 5-20 cm, ronipun bunder kaya bathok, saged dipundadosaken gudangan. Teges wonten ing nginggil kala wau jumbuh kaliyan kawontenan ingkang saged dipunpirsani saking suket **Kerok bathok**.

18. Krambilan



Gambar 18: Krambilan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Krambilan inggih menika jinising suket kang tuwuh wonten ing pategalan saha ara-ara. Inggiling suket Krambilan 10-20 cm. Bilih dipuntinggali kanthy permati wujuding suket **Krambilan** menika memper wujud wit Krambil. Witipun gilig ngayu warninipun ijem. Ronipun **Krambilan** bunder jejer dawa kados blarak, bedanipun wujude kang bunder. Wonten ing ngandhapipun ron nempel woh bunder-bunder warni ijem. Paedahipun suket **Krambilan** menika kangge pakan raja kaya. **Krambilan** gadhah teges araning suket ingkang

wujudipun memper krambil, inggilipun 10-20 cm, ronipun bunder jejer dawa kados blarak, ngandhapipun ron wonten wohipun bunder alit.

19. Krokot



Gambar 19: Krokot (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Krokot inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing pategalan saha wonten ing ara-ara. Wujudipun wit **Krokot** gilig rosipun kados ros kangkung warninipun wungu. Ronipun bunder kandel. Warninipun ron ijem semu wungu. Krokot gadhah sekar warni jene. Inggilipun suket **Krokot** kirang langkung 5-30 cm. Miturut masarakat desa Grogol Paedahipun suket **Krokot** inggih kange janganan jumbuh kaliyan andharan informan 03.

*“Lha **Krokot** niku ngge pakan nggih angel nak kula kula obong, nak riyin niku nggih sok digudang wong nak tiyang riyin niku da nglatak kok”. CLW 03*

Andharan menika ugi jumbuh kaliyan pratelan dening informan 04. Dipunandharaken bilih wonten ing jaman menika sampun awis-awis ingkang kersa. Ananging saperangan masarakat ugi tasih wonten ingkang purun gudang **Krokot** menika.

*“Niku nggih saged nak namine nak alam samenika kantun purun boten, **Krokot** niku digudang ajenga nak saniki nika nak ajeng nggih saged. sanjange niku saged ngge darah tinggi warang sanjange”. CLW 04*

Kanthy andharan menika **Krokot** saged dipuntegesi mawi analisis komponensial. Teges **Krokot** mawi analisis komponensial inggih menika araning suket dawane 20-30 cm wite gilig mrambat, rone bunder rada kandel, sekare warni jene, kanggo gudangan.

20. Legetan



Gambar 20: Legetan (Gambar dening panaliti 1 September 2013)

Legetan inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. Witipun gilig kayu, ronipun wiyar garis-garis warni ijem semu pethak. Sekaripun bunder-bunder warni jene wonten ing pucuking wit. Inggilipun suket **Legetan** kirang kangkung 5-20 cm. Suket **Legetan** kaginakaken kangege pakan raja kaya saha asring ugi dipunginakaken kangege gudangan. Menika jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken dening informan 03.

*“Legetun menika semu biru nak **Legetan** semu pethak rone meh sejajar niki ning wit semune banyu, wong niku eca nak digudang, nak mpun ageng kenging dicoklek. Nak **Legetun** menika biru wungu nak **Legetan** menika semu pethak.” CLW 03*

Legetan minangka jinising suket ingkang eca dipundhahar menika kanyata mboten sae kangege kasarasan awit saged njalari sakit ngringgingen. Wondene tegesipun **Legetan** inggih menika, araning suket kang inggilipun 5-20

cm, ronipun ijem semu pethak, sekaripun jene, saged kangge gudangan. Kathi menika **Legetan** saged dipuntegesi, araning suket inggilipun 5-20 cm, ronipun ijem semu pethak, sekare jene, saged kangge gudangan.

21. Legetun



Gambar 21: Legetun (Gambar dening panaliti 1 September 2013)

Legetun inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. Witipun gilig kayu semu biru, ronipun wiyar garis-garis ijem. Sekaripun bunder-bunder warni jene wonten ing pucuking wit. Inggilipun suket **Legetan** kirang kangkung 5-20 cm, asring kaginakaken kangge gudangan.

Legetun menika jinsing suket ingkang memper sanget kaliyan **Legetan**, pramila bilih mboten kagatosaken kanthi saestu mboten kapanggih bedanipun. Wondene bedanipun wonten ing witipun. **Legetun** witipun ijo semu biru utawi wungu, **Legetan** ijo sedaya. Ronipun **Legetun** ijem rada tuwa, **Legetan** ijem semu pethak. Kanthi menika **Legetun** saged ditegesi araning suket inggilipun 5-20 cm, ronipun ijem semu biru, sekare jene, saged kangge gudangan. Teges menika jumbuh kaliyan teges kanthi cara analisis komponensial.

22. Lamuran



Gambar 22: lamuran (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Lamuran inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. Dawanipun suket **Lamuran** kirang langkung 20-30 cm. Wujuding wit **Lamuran** gilig ros-rosan pantun. Wit **Lamuran** mrambat wonten ing siti. Wujuding wit lamuran alit tuwuh wonten ing antaraning tanduran. Kawontenan menika ndayani lamuran angel ketawis. Ronipun alit dawa pucukipun lancip. Warninipun ron ijem. Sekar **Lamuran** abrit wonten ing pucukipun wit, wujudipun sekar lamuran panjang. Sekar **Lamuran** gadhah sipat gampil mabur.

Adedhasar andharan wonten kados wonten ing nginggil **Lamuran** saged dipuntegesi, araning suket ingkang tuwuhipun nylamur wonten ing tetuwuhan sanes, uripe mrambat dawanipun 20-30 cm, ronipun alit dawa, sekaripun abrit panjang.

23. Lancuran



Gambar 23: Lancuran (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Lancuran inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing ara-ara saha pategalan. Witipun gilig alit ros-rosan pari. ronipun lancip dawa-dawa. Sekar **Lancuran**, lancur panjang menginggil warninipun abrit. Sekar **Lancuran** gadhah wujud *bulir-bulir* kados sekar tebu. Inggilipun suket **Lancuran** kirang kangkung 20-50 cm. Suket **Lancuran** kaginakaken kangge pakan raja kaya.

Kantri adhedasar analisis komponensial andharan wonten ing nginggil **Lancuran** ngemu teges, araning suket ingkang gadhah sekar lancur menginggil warni abrit, inggilipun 20-50 cm, ronipun panjang-panjang. **Lancuran** menika jinising suket ingkang kathah dipunpanggihi wonten ing mangsa rendeng. Ing mangsa ketiga suket menika awis-awis dipunpanggihi.

24. Larasetu



Gambar 24: Larasetu (Gambar dening panaliti 1 September 2013)

Larasetu inggih menika jinising suket ingkang ditandur wonten ing pategalan saha galengan sawah. Witipun gilig alit ros-rosan kados sere. ronipun lancip dawa-dawa. Inggilipun suket **Larasetu** kirang kangkung 20-50 cm. Suket **Larasetu** kaginakaken kangge pakan raja kaya, bendung saha kangge minyak wangi. Andharan menika jumbuh kaliyan andharan informan 04.


“Larasetu, ngge bendung, ngge minyak wangi”. CLW 04

Kantri menika **Larasetu** saged kawastanan suket ingkang gadhah Paedah ingkang linuwih. **Larasetu** gadhah oyot ingkang kukuh, ron ingkang kathah. Kantri oyot ingkang kukuh menika **Larasetu** kaginakaken kangge bendung, oyote menika ugi ingkang dipunginakaken kangge lengo wangi. Ron **Larasetu** saged dipunginakaken kangge pakan raja kaya. Nanging wonten ing jaman samanika **Larasetu** sampun awis-awis dipunginaken mliginipun masarakat desa Grogol. Menika awit kathah tiyang ingkang langkung remen nandur Kalanjana, Gajahan, saha Blembem.

Bilih ditingali saking tegesipun **Larasetu** saged dipuntegesi bangsa suket dhuwure luwih saka 40 cm, rone dawa kados ron sere, kanggo bebendung lan

oyote wangi. Andharan menika jumbuh kaliyan teges kanthi analisis komponensial.

25. Lempuyang



Gambar 25: Lempuyang/Lempuyangan (Gambar dening panaliti 1 September 2013)

Lempuyang inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing arara saha pategalan. Saperangan masarakat desa Grogol wonten ingkang nyebat **Lempuyangan**. **Lempuyang** inggih menika jinising suket ingkang gadhah empu. Empunipun **Lempuyang** menika mapanipun lebet saha raosipun pait.

Wujudipun suket **Lempuyang** memper wit **Lempuyang**, tetuwuhan sing empune dianggo jamu. Bedanipun **Lempuyang** rumput kaliyan **Lempuyang** empon-empon inggih menika, wit **Lempuyang** rumput langkung alit, saha ronipun mboten wiyar kados **Lempuyang** empon-empon. Witipun **Lempuyang** rumput gilig alit ros-rosan pari, ronipun wiyar dawa-dawa lancip. Inggilipun **Lempuyang** rumput kirang langkung 20-30 cm. Wondene Paedah suket **Lempuyang** kangge jampi, menika jumbuh kaliyan andharan saking informan 04.

“Lempuyang rumput menika kangge jamu bocah ben dokoh mangan nggih kalih tempe bosok, kunir diparut”. CLW 04

Samenika ginanipun **Lempuyang** minangka jampi sampun awis-awis kaginakaken, awit kathah ingkang mboten mangertosi. Paedah **Lempuyang** samenika ingkang tasih asring kaginakaken kantun kangge pakan raja kaya. Kanthi andharan wonten ing nginggil suket **Lempuyang** saged dipuntegesi araning suket ingkang memper lempuyang empon-empon, inggilipun 20-30 cm, wite gilig, rone dawa-dawa, empune kangge jamu. Teges menika jumbuh kaliyan teges kanthi cara analisis kanthi cara analisis komponensial.

26. Lengis



Gambar 26: Lengis (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Lengis inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. **Lengis** asring kasebat ugi **Sriwit gedhe**. Wujudipun suket lengis witipun *mretelu*, ronipun ciut dawa-dawa lancip. Dawanipun ron ingkang mapan wonten ing ngandhap wit meh sami kaliyan dawanipun wit, ron ingkang wonten ing pucuk langkung cendhak. Inggilipun suket **Lengis** kirang kangkung 5-15 cm. Sekaripun **Lengis** kados ceplikan wonten ing sangginggilipun wit. Warninipun sekar **Lengis** jene. Suket **Lengis** kaginakaken kangge pakan raja kaya. **Lengis**

saged dipuntesesi araning suket kang inggilipun 5-15 cm, witipun mretelu, ronipun panjang, sekaripun jene.

27. Lombokan



Gambar 27: Lombokan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Lombokan inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing arara saha pategalan. Witipun gilig kayu alit saged pang. Ronipun **Lombokan** wiyar garis-garis. Sekar **Lombokan** wungu temempel ana ing pucuking wit. Woh **Lombokan** wujudipun bunder-bunder ngumpul memper Lombok. Inggilipun suket **Lombokan** kirang kangkung 5-15 cm. Wujudipun suket **Lombokan** menika memper suket **Katemas** bilih dereng wonten woh saha sekaripun. Bedanipun suket **Lombokan** mboten gadhah tlutuh.

Kan thi adedhasar andharan wonten ing nginggil **Lombokan** gadhah teges, araning suket ingkang woh saha ronipun memper lombok, dhuwuripun 5-15 cm, ronipun wiyar garis-garis, sekaripun wungu, wohipun bunder-bunder wonten ing pucuking wit, kaginakaken kangge pakan raja kaya. Suket **Lombokan** menika kangginaken pakan ugi namung wonten ing wayah ketiga, menika awit ing wayah ketika pakan sampun awis-awis.

28. Lulangan




Gambar 28: Lulangan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Lulangan inggih menika jinising suket ingkang tuwu h wonten ing ara-ara saha pategalan. Witipun gepeng memper lulang. Ron **Lulangan** lancip dawa-dawa. **Lulangan** gadhah sekar ingkang mapan ing pucuking wit. Wujudipun sekar **Lulangan** ngepang warni pethak. Wujud **Lulangan** salajengipun kados ingkang dipunandharaken dening informan 04.

“Lulangan wonten sing ten dalam wite kaya tuton niku njebrabah sekare putih”. CLW 04

Kanthi andharan wonten ing nginggil **Lulangan** saged kaandharaken minangka jinising suket kang njebrabah. Witipun gepeng memper Tuton inggih menika adedhasar witipun ingkang gepeng, sami kaliyan wit Tuton ngepok ingkang gepeng kados pantun. Inggilipun suket **Lulangan** kirang kangkung 10-20 cm. Suket **Lulangan** kaginakaken kangge pakan raja kaya. Kanthi menika suket **Lulangan** saged dipuntegesi, araning suket ingkang witipun gepeng kaya lulang, dawanipun 10-20 cm, ronipun panjang, sekaripun pethak ing pucuking wit.

29. Mendhongan/ Lingi



Gambar 29: Mendhongan/ Lingi (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Mendhongan inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing arara saha pategalan. Witipun mretelu, ronipun lancip dawa-dawa mapan wonten ing pucuking wit. Sekar **Mendhongan** mrentel-mrentel warninipun jene memper sekar Mendhong. Saperangan warga masarakat desa Grogol nyebat **Mendhongan** kanthi nama **Lingi**. Inggilipun suket **Mendhongan** kirang kangkung 30-40 cm. Suket **Mendhongan** kaginakaken kangge pakan raja kaya saha saged ugi kagunakaken kangge krajinan. Andharan menika jumbuh kaliyan andharan informan 04.

“Lingi niku sing kaya teki ning saged dhuwur, wite mretelu, wulet banget niku wite sok dingge gawe kebo, nak saniki umpamane enten Mendhong kalih Lingi nak dingge topi apik Lingi niku”.CLW 04

Miturut katrangan wonten ing nginggil **Lingi** saged kaginakaken kangge damel kebo, inggih menika jinising topi. Suket **Lingi** ugi saged dipundamel slepen, kepara wonten ing jaman riyin saged dipundamel wayang suket. Ananging wonten ing jaman samenika **Lingi/Mendhongan** menika sampun awis-awis

kaginakaken malih awit masarakat sampun mboten tlaten malih damel krajinan mawi **Lingi**.

Kanthy analisis komponensial **Mendhongan** utawi **Lingi** saged dipuntegesi araning suket ingkang wujudipun memper Mendhong, witipun mretelu, dhuwure 30-40 cm, rone dawa-dawa, sekare warni jene, isa digunakake kanggo gawe krajinan. Teges menika adedhasar wujuding suket **Lingi** saha paedahipun.

30. Menga-Mengo



Gambar 30: Menga-Mengo (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Menga-Mengo inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing ara-ara saha pategalan. Witipun gilig warni abrit, ronipun dawa bunder warninipun ijem. Wohipun **Menga-Mengo** bunder warni abrit tememplek wonten ing wit. Inggilpun wit **Menga-Mengo** kirang langkung 5-10 cm. Wondene tegesipun **Menga-mengo** miturut masarakat desa Grogol kados ingkang dipunandharaken informan 03:

*“nak bentuke godhong **Menga-mengo**, tegese nak srengenge isuk marep ngetan mengko nak srengenge sore maren kulon. Tiyang mriki ngarani*

Menga-mengo, wong niki tekne kero niki, niki nggih dokoh kewan”. CLW 03

Teges **Menga-mengo** miturut analisis komponensial inggih menika, araning suket ingkang pucuke marep sinare srengenge, inggilipun 5-10 cm, witipun warni abrit, wohipun bunder bunder tememplek wonten ing wit, ronipun alit-alit warni ijem. Paedah **Mengo-mengo** kados ingkang dipunandharaken wonten ing nginggil, Paedah ingkang baku saking suket **Menga-mengo** kangege pakan raja kaya. Paedah sanesipun mboten dipunmangertosi.

31. Menyawun



Gambar 31: Menyawun (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Menyawun inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing araara saha pategalan. Witipun kathah glugutipun, ronipun bunder wiyar garis-garis. Sekaripun bunder-bunder warni pethak wonten ing pucuking wit, bilih sampun garing sekar menika gampil kabur. Inggilipun suket **Menyawun** wonten ing jaman samenika mboten saged inggil, inggilipun kirang langkung 10-40 cm. Suket **Menyawun** kaginakaken kangege pakan raja kaya. Bab titikan saha agengipun

suket **Menyawun** menika jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken dening informan 03.

“Menyawun niki, niki purun ageng nak dibabat nglilipi wong, saged nglelepke kula”. CLW 03

Menyawun gadhah glugud ingkang kasar, saha ngandha mboten eca. Sekaripun gampil grogrok saha bilih ngenginggi netra sakit. **Menyawun** saged dipuntegesi mawi analisis komponensial inggih menika, jinising suket ingkang inggilipun 10-40 cm, witipun kathah glugutipun. Rone bunder kasar, sekaripun warni pethak.

32. Ongkereo



Gambar 32: Ongkereo (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Ongkereo inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing ara-ara saha pategalan. Witipun gilig kayu ana glugute alit, ronipun wiyar lancip garis-garis pinggire ringih-ringih. Sekaripun bunder-bunder warni pethak wonten ing pucuking wit. Inggilipun suket **Ongkereo** kirang kangkung 40-100 cm. Tlutuhipun suket **Ongkereo** kagunakaken kangge tetamba. Pratelan bab Paedah Ongkereo menika jumbuh kaliyan andharan saking informan 03:

*“Lung jati, lung **Ongkereo** niku ampuh ngge tamba”.* CLW 03

Paedah **Ongkereo** sanesipun kajawi kangge jampi. **Ongkereo** ugi kayunipun saged kangge urup-urup saha ronipun kangge pakan raja kaya. **Ongkereo** saged kaginakaken kangge urup-urup awit **Ongkereo** kalebet suket ingkang gadhah wit ageng. Kanthi adedhasar andharan wonten ing nginggil **Ongkereo** saged dipuntegesi, araning suket ingkang inggilipun 40-100 cm, witipun glugut alit, ronipun bunder ringih-ringih, sekaripun warni pethak, tlutuhe kanggo tetamba.

33. Patikan



Gambar 33: Patikan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Patikan inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. Saperangan masarakat desa Grogol mastani **Potak Patikan**. Witipun **Patikan** menika gilig warni abrit, ronipun bunder warninipun ijem semu abrit. Wohipun tememplek wit ing cerakipun ron. Inggilipun **Patikan** 10-20 cm. Tlutuhipun suket **Patikan** kagunakaken kangge tetamba, witipun kangge pakan raja kaya. Andharan bab Paedah menika dipunandharaken dening informan 03.

“Kula mboten ngertos nak biasane namung ngge tiyang tatu, mboten ngertos kula”. CLW 03

Paedah **Patikan** sanesipun saking **Patikan** inggih menika kangge tamba mata. Lara mata ingkang saged dipuntambani kanthi tluluh **Patikan** antawisipun lara belek kaliyan mayo. Menika jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken saking informan 04.

Potak Patikan menika saged dingge obat belek napa mayo CLW 04

Kanthi menika **Patikan** saged dipuntegesi araning suket ingkang inggilipun 10-20 cm, witipun abrit, ronipun ijem semu abrit, wohipun tememplek wonten ing antaraning ron, tlutuhe kangge tetamba. Andharan teges menika jumbuh kaliyan andharan kanthi cara analisis komponensial.

34. Ranggitan




Gambar 34: Ranggitan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Ranggitan inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing ara-ara saha pategalan. **Ranggitan** gadhah wit ingkang gilig, witipun **Ranggitan** ngayu kathah pangipun, ronipun wiyar warninipun ijem pating cringih. Sekaripun **Ranggitan** alit warni wungu. Inggilipun Ranggitan 30-40 cm. Paedahipun

Ranggitan kangge pakan raja kaya. Kanthi adedhasar menika **Ranggitan** saged dipuntegesi araning suket ingkang witipun gilig kaya kayu, wite ngepang, inggilpun 30-40 cm, ronipun ijem amba ringih-ringih, sekare warni wungu.

35. Rambutan



Gambar 35: Rambutan (Gambar dening panaliti 1 September 2013)

Rambutan menika jinising suket ingkang angel dipunpanggihi. Suket **Rambutan** tuwuh wonten ing pinggiring sawah. **Rambutan** jinising suket ingkang uripipun mrambat. Wujudipun wit **Rambutan** gilig. Ronipun wiyar warni ijem memper wit bayung. Wohipun bunder warni jene gadhah rambut memper woh Rambutan, wohipun legi. Andharan menika jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken dening informan 04

“Rambutan nak sing mriki niku mrambat wohe legi ning njerone lak kaya umbel nika.” CLW 04

Paedahipun suket **Rambutan** kangge pakan raja kaya. Wohipun saged dipundahar Kanthi adedhasar andharan menika **Rambutan** saged dipuntegesi mawi analisis komponensial. Tegesipun **Rambutan** inggih menika, araning suket kang wohe bunder kang diubengi kaya dene rambut, uripe mrambat, dawanipun 30-40 cm, rone kaya ron mbayung.

36. Reketek



Gambar 36: Reketek (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Reketek inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. **Reketek** gadhah ron ingkang langkung wiyar tinimbang suket **Genjahan**. Wujudipun wit suket **Reketek** gilig ngeros warni abrit. Suket **Reketek** gesangipun mrambat. Wonten ing ros-rosanipun tuwuh oyot. Dawanipun **Reketek** 30-40 cm Sekaripun warni abrit ngepang. Paedahipun suket **Reketek** kangege pakan raja kaya. Kanthi adedhasar menika suket **Reketek** saged dipuntegesi araning suket mrambat ingkang dawanipun 30-40 cm, wite abrit, ronipun wiyar, sekaripun warni abrit ngepang.

37. Remakan



Gambar 37: Remakan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Remakan inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing ara-ara saha pategalan. Suket **Remakan** inggilipun 10-20 cm. Wujudipun wit gilig warni abrit. Ronipun alit warninipun ijem semu abrit. Sekaripun warni abrit. Paedahipun suket **Remakan** kangege pakan raja kaya.

Kantri adedhasar andharan wonten ing nginggil, **Remakan** saged dipuntegesi kantri cara analisis komponensial. Inggih menika cara menehi teges kantri cara ngandharaken komponen-komponenipun. Salajengipun **Remakan** gadhah teges, araning suket ingkang inggilipun 10-20 cm, witipun warni abrit, ronipun ijem semu abrit, sekaripun warni abrit.

38. Sriwit



Gambar 38: Sriwit (Gambar dening panaliti 1 September 2013)

Sriwit inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing sawah saha pategalan. Inggilipun rumput 5-10 cm. Wujudipun wit gilig lancip kados dom nrucuk. Watesaning wit saha ron boten cetha. Sekaripun mrentel kados sekar mendhong. Paedahipun suket **Sriwit** kangege pakan raja kaya. Kantri adedhasar andharan wonten ing nginggil **Sriwit** saged dipuntegesi, araning suket ingkang

inggilipun 5-10 cm, witipun nrucuk, sekaripun bunder mrentel warni soklat memper sekar Mendhong.

39. Suket Ijo



Gambar 39: Suket Ijo (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Suket Ijo inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing ara-ara saha pategalan. **Suket Ijo** kalebet suket ingkang mrambat utawi nglampira. Dawanipun **Suket Ijo** 5-10 cm. Wujudipun wit gilig njebrabah warni ijem. Ronipun alit warni ijem saha sekaripun jene. Paedahipun **Suket Ijo** kangege pakan raja kaya. Kanthi adedhasar andharan wonten ing nginggil **Suket Ijo** saged dipuntegesi araning suket ingkang wit saha ronipun ijem, dawanipun 5-10 cm, gesangipun mrambat, saha sekare jene.

40. Sundel Bedhel



Gambar 40: Sundel mBedhel (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Sundel mBedhel inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. Wujudipun wit gilig wonten glugutipun nanging namung sekedhik saha mboten ngateli. **Sundel mBedhel** inggih menika suket ingkang gampil coklek witipun, menika jumbuh kaliyan namanipun ingkang gadhah sipat bedhel. Ronipun wiyar bunder. Sekaripun warni jene. Inggilpun suket 10-30 cm. Paedahipun suket **Sundhel mBedhel** kangege pakan raja kaya. Suket **Sundel mBedhel** menika salah satunggal suket ingkang dipunremeni dening kewan. Menika jumbuh kaliyan ingkang dipunandharaken dening informan 03.

“niki napa? wong niki kewan dokoh. nggih Sundhel mBedhel.” CLW 03

Kanthy andharan wonten ing nginggil **Sundel mBedhel** saged dipuntegesi araning suket ingkang gadhah sipat mbedhel, inggilipun 10-30 cm, witipun nglugut, sekaripun jene. Andharan menika jumbuh kaliyan andharan miturut analisis komponensial.

41. Susuh Emprit



Gambar 41: Susuh Emprit (Gambar dening panaliti 1 September 2013)

Susuh Emprit inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. Inggilipun **Susuh Emprit** kirang langkung 20-30 cm.

Wujudipun wit gilig ros-rosan pantun. Ronipun dawa-dawa. Sekaripun pethak *bulir-bulir*. Kasebat **Susuh Emprit** awit suket menika asring kaginakaken kangge nyusuh peksi Emprit. Paedahipun suket **Susuh Emprit** kangge pakan raja kaya. Kanthi cara analisis komponensial **Susuh Emprit** saged dipuntegesi araning suket ingkang asring kangge damel susuh manuk emprit, inggilipun 20-30 cm, witipun gilig, ronipun dawa, sekare pethak *bulir-bulir*.

42. Tadhah Udan



Gambar 42: Tadhah Udan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Tadhah Udan inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. Wujudipun wit gilig ngayu saged ngepang kathah. Wit **Tadhah Udan** kalebet wit ingkang keras. Warninipun wit soklat semu abrit. Inggilipun 20-30 cm. Ronipun wiyar dawa-dawa. Ron **Tadhah Udan** kandel. **Tadhah Udan** gadhah sekar warni pethak wujudipun sekar **Tadhah Udan** menika kados sekar kembang Srengenge. Woh warni ijem wonten ing salebeting sekar. Woh badhe ketingal bilih sekar ingkang warni pethak sampun tiba. Tadhah udan inggih jinising suket ingkang kapanggihaken rikala wayah rendeng kemawon.

Kanthy adhedasar menika **Tadhah Udan** saged dipuntegesi, araning suket ingkang gesang namung ing wayah rendeng, inggilipun 20-30 cm, ronipun panjang, sekaripun warni pethak saha gadhah woh warni ijem. Andharan teges menika jumbuh kaliyan cara ngandharaken teges mawi cara analisis komponensial. Paedah **Tadhah Udan** menika kangge pakan raja kaya.

43. Tali Wuyung



Gambar 43: Tali Wuyung (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Tali Wuyung inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing sawah saha pategalan. Saperangan masarakat Desa Grogol wonten ingkang nyebat **Tali Yunyun**. Wujudipun wit gilig mrambat kados tali warninipun abrit. Ronipun bunder alit-alit. Sekaripun warni wungu. Paedahipun suket **Tali Wuyung** kangge pakan raja kaya. Kanthy menika **Tali Wuyung** miturut analisis komponensial saged dipuntegesi araning suket ingkang wujudipun memper tali, dawanipun 30-40 cm, witipun mrambat warni abrit, ronipun bunder alit, sekaripun wungu.

44. Teki



Gambar 44: Teki (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Teki inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. Witipun mretelu saha ronipun lancip dawa-dawa. Inggilipun **Teki** kirang langkung 5-30 cm gumantung wonten ing papanipun loh napa mboten. Sekaripun **Teki** mrentel-mrentel memper sekar Mendhong. **Teki** inggih menika jinising suket ingkang gadhah empu saha ngrembaka saking empunipun. Empu **Teki** gadhah ganda ingkang seger. Menika jumbuh kaliyan ingkang dipunaturaken dening informan 03.

*“Bentuke **Teki**, wo lha nggih **Teki** wong gandhane **Teki**. Lha rak seger niki.” CLW 03.*

Miturut masarakat desa Grogol **Teki** namung dipunginakaken kangege pakan raja kaya. Kepara **Teki** dados suket ingkang paling kerep dibrasta awit angel patinipun. Kanthi adedhasar andharan wonten ing nginggil **Teki** saged dipuntegesi araning suket ingkang witipun mretelu, inggilipun 5-30 cm, ronipun dawa, gadhah sekar warni jene, empunipun ngandha seger.

45. Tuton



Gambar 45: Tuton (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Tuton inggih menika jinising suket ingkang tuwuh wonten ing ara-ara saha pategalan. Miturut Masarakat desa Grogol kasebat **Tuton** awit suket menika asring tuwuh wonten ing paren saha wujudipun memper wit pari. Awit memperipun suket menika angel dipungoleki ingkang ndayani kathah kliwatan rikala matun.

Wujudipun **Tuton** gilig ngeros kados pantun ngandhapipun gepeng awit ketutup ron saha nginggilipun gilig. Warninpun ijem saha wonten ingkang sajak abrit. Ronipun dawa-dawa kados ron pari. Sekaripun memper woh pari. Inggilipun **Tuton** kirang langkung 30-50 cm. Paedah saking suket **Tuton** inggih menika kangge pakan raja kaya. Kanthi andharan menika **Tuton** saged dipuntegesi araning suket ingkang memper pantun, dhuwure 30-50 cm, ronipun dawa-dawa, sekare pethak kados woh pantun.

46. Waderan



Gambar 46: Waderan (Gambar dening panaliti 1 September 2013)

Waderan inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing ara-ara saha pategalan. **Waderan** inggih menika jinsing suket kang remen tuwuhan ing papan reyom, witpun mrambat. Waderan gadhah ron ingkang langkung wiyar tinimbang suket **Genjahan**. Kayunipun Waderan keras kados sada. Dawanipun Reketek 30-40 cm mboten gadhah. Paedahipun suket **Waderan** kangge pakan raja kaya.

Adedhasar andharan wonten ing ngnggil menika, suket **Waderan** saged dipuntegesi araning suket ingkang ronipun memper wak wader, uripe mrambat , dawanipun 30-40 cm, wite keras, ronipun wiyar, kangge pakan raja kaya, tuwuhe ing papan reyom.

47. Wudelan



Gambar 47: Wudelan (Gambar dening panaliti 24 Agustus 2013)

Wudelan inggih menika jinising suket ingkang tuwuhan wonten ing ara-ara saha pategalan. Inggilipun Wudelan kirang langkung 40-50 cm witipun keras. Wujudipun wit suket **Wudelan** gilig ngayu saha Ronipun wiyar ringih-ringih. Sekaripun **Wudelan** bunder warni ijem. Paedahipun suket **Wudelan** kange pakan raja kaya. Kanthi andharan menika **Wudelan** saged dipuntegesi, araning suket ingkang sekaripun memper wudel, inggilipun 40-50 cm, witipun gilig ngayu keras, rone bunder ringih-ringih, sekaripun bunder ijem.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Bab menika minangka bab ingkang pungkasan saking panaliten kanthi irah-irahan “*Analisis Semantik Nama Suket Wonten ing Desa Grogol Paliyan Gunungkidul*”. Bab menika ngemot babagan dudutan panaliten. Dudutan panaliten antawisipun kados menika:

Saking asiling panaliten menika dipunmangertosi 47 jinis nama-nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, kabupaten Gunungkidul. Nama-nama menika antawisipun *Alang-alang, Apa-apa, mBakoan, Blembem/ Blemben, Cikalan, Dangon, Dranjangan, Gajahan, Genjahan, Gewor, Grinting, Iles-iles, Kalanjana, Kalamenta, Kapukan, Katemas, Krokot, Kerok Bathok, Krambilan, Lamuran, Lancuran, Larasetu, Legetan, Legetun, Lengis, Lempuyang, Lombokan, Lulangan, Mendhongan, Menga-mengo, Menyawun, Ongkereo, Patikan, Rambutan, Reketek, Ranggitan, Remakan, Sriwit, Suket Ijo, Sundel mbedhel, Susuh emprit, Tadhah udan, Tali wuyung, Teki, Tutan, Waderan, Wudelan.*

Panaliten bab “*Analisis Semantik Nama Suket Wonten ing Desa Grogol Paliyan Gunungkidul*” kanyata wonten kekiranganipun. Kekirangan menika awit sawetawis wonten suket ingkang dereng dangu anggenipun ngrembaka ingkang ndayani dereng wonten namanipun. Ingkang kaping kalih suket ingkang sampun dangu anggenipun ngrembaka nanging dereng

gadhah nama, saha saperangan ingkang sampun mboten kapanggihaken wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul.

Wujuding suket ingkang wonten ing kapanggihaken mawarni-warni. wujud menika kababar adedhasar wujuding wit, cara uripe suket, dawane suket, sekaripun suket, wujuding ron, wernaning ron, wontening glugut, wontening woh, wontening empu. Wujuding suket paling kathah wonten ing desa grogol gadhah wujud wit gilik, ronipun dawa warni ijem, mboten gadhah empu lan woh. Wondene bab inggil saha agengipun wit langkung, kowontenanipun glugut saha sekar langkung *variasi*.

Nama Suket wonten ing desa Grogol saged dipuntegesi kanthi makna leksikal. Makna leksikal menika kandharaken kanthi cara analisis komponensial. Analisis komponensial menika kapilih awit kanggep jumbuh saha ngampilaken anggenipun negesi. Wondene asiling makna leksikal saged karumusaken kanthi, araning suket dipunlajengaken komponen saha kagunan.

Paedah suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul wonten warni-warni cacahipun. Kagunan ingkang paling umum inggih menika kangge pakan raja kaya. Kagunan sanesipun suket saged kagunakaken kangge wot, payon, tetamba, sarana tolak bala saha kangge dedhaharan.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika saged mimbuhi seserepan panaliten babagan semantik. Analisis semantik nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul saged dipunmangertosi makna leksikal nama suket wonten ing desa Grogol, wujudipun suket saha titikanipun, lan kagunanipun. Asiling

panaliten menika kaangkah saged damel sumber kangge panaliti bab semantik salajengipun. Panaliten menika kaangkah ugi saged caos seserepan bab nama suket minangka *kekayaan* bab semantik, tumrap para siswa.

C. Pamrayogi

Kantri adedhasar asiling panaliten saha pirembagan wonten ing panaliten menika, wonten pamrayogi ingkang saged kajumbuhaken kaliyan lampahipun panaliten. Bab ingkang prelu dipungatosaken antawisipun, sampun awis-awis tiyang ingkang pana babagan nama suket wonten ing desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul luwih-luwih kagunanipun. Wonten saperangan nama suket ingkang sami kaliyan nama tetuwuhan sanesipun saha nama kewan. Kantri menika prelu dipungatosaken kantri permati agenipun negesi.

Sanajan namung ketingal sepele nama-nama suket menika minangka warisan saking para leluhur, saged ugi kawastanan minangka warisan budaya. Awit saking panaliten menika winates bab analisis semantik nama suket kemawon pramila panaliten-panaliten ingkang *serumpun* prelu dilampahi. Kantri kalampahan panaliten-panaliten ingkang magepokan kaliyan suket menika dipunjab samangkikh nama menika mboten ical saking basa.

Kapustakan

- Aminuddin. 1988. *Semantik pengantar studi tentang makna*. Bandung:CV Sinar Baru.
- Arikunto, Suharsimi. 1996. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Arikunto, Suharsimi. 2007. *Manajemen Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Ginanjar, Bakdal dkk. 2013. *Dimensi dan Komponen Makna Medan Leksikal Verba Bahasa Indonesia (+Tindakan +Kepala +Manusia)*. Transling Journal. Vol 1. Hlm 65-75.
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik beberapa topik utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Hardiyanto. 2008. *Leksikologi*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Kreidler, Charles W. 2002. *Introducing English Semantik*. New York: Routlegde.
- Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Pateda, Mansoer, 1989. *Semantik Leksikal*. Flores NTT : Nusa Indah.
- Poerwadarminto, W.J.S. 1939. *Baoesastraa Djawa. Batavia*: Groningen
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kombinasi*. Bandung: Alfabeta.
- Sugono, Dendy. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta:Pusat Bahasa Departemen Pendidikan
- Suwandi, Sarwiji. 2008. *Semantik Pengantar Kajian Makna*. Yogyakarta: Media Perkasa.
- Tarigan, Henry Guntur. 1985. *Pengajaran Semantik*. Bandung: Angkasa.

- Wedhawati. 2000. *Analisis Komponensial dan Struktur Medan Leksikal Verbal Indonesia yang Berkomponen Makna (+Tutur +Mitra Wicara-Serius)*. Pereksa Bahasa Hlm 259-289. Yogyakarta: Balai Bahasa.
- Wedhawati. 1987. *Analisis Semantik Kata Kerja Bahasa Jawa Tipe Nggawa*. Widyaloka nomor 31 Hal 17-31. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.

LAMPIRAN

Lampiran 1: Tabel analisis

No.	NAMA SUKET	Teges																				Kagunan				
		Wjd Wit		Cara Urip		Dawane Suket						Sekar				Ron		Werna Ron		Glugut		Empu		Woh		
		3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25		
1	2																									
1	Alang-alang	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	+	+	-	+	-	-	Payon, tolak bala, tetamba, pakan raja kaya.		
2	Apa-apa	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	+	+	-	+	-	+	-	-	-	-	Tolak bala, pakan raja kaya.		
3	mBakoan	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	-	+	+	-	+	-	-	Pakan raja kaya.		
4	Blembem/ Blemben	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	+	+	-	+	-	-	Wot, bendung, pakan raja kaya.		
5	Cikalan	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	-	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Panganan, pakan raja kaya.		
6	Dangon	+	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Tamba tatu, pakan raja kaya.		
7	Dranjangan	-	+	-	-	+	-	+	-	-	-	-	-	-	-	-	-	+	+	-	+	+	-	Pakan raja kaya.		
8	Gajahan	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	+	+	-	+	-	-	Kanggo wot, pakan raja kaya.		
9	Genjahan	+	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya		
10	Gewor	+	-	-	-	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	+	-	-	-	Pakan raja kaya		
11	Grinting	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	-	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Kangge sarana tiyang ndedhuduk selo, pakan raja kaya.		

Lampiran 1: Tabel analisis

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
12	Iles-iles	+	-	-	+	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	+	+	-	-	-	-	+	Pakan raja kaya
13	Kalanjana	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	+	-	-	+	-	-	Kangge pakan raja kaya, wot galengan.
14	Kalamenta	+	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	-	Nyuburke lemah, pakan raja kaya.
15	Kapukan	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	-	-	+	+	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya
16	Katemas	+	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	+	-	+	-	-	+	-	Pakan raja kaya
17	Kerok bathok	+	-	-	-	+	-	+	-	-	-	-	-	-	-	-	+	-	+	-	-	-	-	Kangge gudangan.
18	Krambilan	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	-	-	-	-	+	-	+	-	-	+	-	Pakan raja kaya
19	Krokot	+	-	-	-	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	Kangge gudangan, pakan raja kaya.
20	Legetan	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	-	+	-	-	-	-	Kangge gudangan, pakan raja kaya.
21	Legetun	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	-	+	-	-	-	-	Kangge gudangan, pakan raja kaya.
22	Lamuran	+	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
23	Lancuran	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
24	Larasetu	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Lenga wangi, bendung, pakan raja kaya.
25	Lengis	-	-	+	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.

Lampiran 1: Tabel analisis

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
26	Lempuyang	+	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	+	Empune kangge jamu, pakan raja kaya.
27	Lombokan	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	-	+	-	-	-	+	Pakan raja kaya.
28	Lulangan	-	+	-	-	+	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
29	Mendhongan	-	-	+	+	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Kanggo kerajinan, pakan raja kaya.
30	Menga-mengo	+	-	-	+	-	+	-	-	-	-	-	-	-	-	-	+	-	+	-	-	+	-	Pakan raja kaya
31	Menyawun	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	+	-	+	-	+	-	-	Pakan raja kaya.
32	Ongkereo	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	+	-	-	+	-	+	-	+	-	-	Tlutuhe kanggo tetamba, pakan raja kaya.
33	Patikan	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	-	+	-	-	+	-	Tlutuhe kangge tetamba, pakan raja kaya.
34	Rambutan	+	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	+	-	+	-	-	+	-	Paka raja kaya.
35	Ranggitan	+	-	-	+	-	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	+	-	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
36	Reketek	+	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
37	Remakan	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	-	-	-	+	-	+	-	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
38	Sriwit	+	-	-	+	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
39	Suket Ijo	+	-	-	-	+	+	-	-	-	-	-	+	-	-	-	-	+	-	+	-	-	-	Pakan raja kaya.
40	Sundel bedhel	+	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	+	-	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
41	Susuh emprit	+	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
42	Tadhah Udan	+	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	-	+	-	-	-	-	-	-	-	+	-	Pakan raja kaya.
43	Tali wuyung	+	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	-	-	-	-	+	-	+	-	-	-	Pakan raja kaya.

Lampiran 1: Tabel analisis

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
44	Teki	+	-	-	+	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	+	Pakan raja kaya.
45	Tuton	+	-	-	-	+	-	-	-	-	+	-	+	-	-	-	+	-	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
46	Waderan	+	-	-	-	+	-	-	-	+	-	-	-	-	-	-	-	+	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.
47	Wudelan	+	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	-	-	-	-	+	-	+	-	-	-	-	Pakan raja kaya.

A. Glosarium Makna Leksikal Nama Suket Wonten ing Desa Grogol Paliyan Gunungkidul.

A

Alang-alang : Araning suket kang wite gilik duweni glugut, dhuwure luwih saka 40 cm, kembange putih, rone dawa-dawa warni ijem mbeleri, kanggo payon, tolak bala, tetamba.

Apa-apa : Araning suket ingkang inggilipun 20-50 Cm, sekare warni pethak njeleret abrit, ronipun bunder ngaris warni ijem kangge sarana tolak bala.

B

mBakoan : Bangsa Suket inggilipun 5-20 cm, rone dawa nyawang warni ijem kagunane kanggo pakan raja kaya.

Blembem/ Blemben : Bangsa suket wite gilik duweni glugut dawane langkung saking 40 cm, sekare abrit, rone dawa warni ijem pinggiripun abrit, kanggo wot lan bendung.

C

Cikalan : Bangsane suket inggilipun 10-15 cm, ronipun dawa memper ron Cikal, empune eca.

D

Dangon : Bangsane suket dawane 20-30 cm, sekare pethak memper Dangu, ronipun panjang-panjang, kangge tamba tatu lan pakan raja kaya.

Dranjangan : Araning suket dawanipun 10-20 cm, wite gepeng kathah glugute, ronipun panjang-panjang, gadhah woh memper jali, kanggo pakan raja kaya.

G

Gajahan : Bangsa suket kang ditandur, inggilipun 20-40 cm, witipun ngeros kathah glugutipun, ronipun panjang, kangge wot saha pakan raja kaya.

Genjahan : Bangsane suket ingkang dawanipun 20-30 cm wite mrambat, kembange putih ngepang ana pucuking wit, ronipun panjang-

panjang.

Gewor : Araning suket ingkang dawanipun 20-30 cm, witipun warni abrit, ronipun panjang warni ijem pinggiripun warni abrit, sekaripun warni wungu tememplek wonten ing poking ron.

Grinting : Araning suket kang wite alit ngeros inggilipun 10-20 cm, ronipun lancip alit-alit, digunakake kange sarana tiyang ndedhuduk selo.

I

Iles-iles : Bangsa suket ingkang inggilipun 3-10 cm, ronipun kados kimpul, saperangan wonten ingkang memper ron kangkung, kembange warni jene, mbrebala mawi empu.

K

Kalanjana : Araning suket kang dhuwure langkung saking 40 cm kathah glugute, rone amba dawa-dawa mbeleri, sekare pethak, kanggo pakan raja kaya.

Kalamenta : Araning suket dawane 10-20 cm nglugut, rone dawa cilik-cilik mbeleri, ditandur ana paren.

Kapukan : Araning suket ingkang inggilipun 10-15 cm, witipun gilik pating trucuk, sekaripun bunder warni soklat.

Katemas : Bangsa suket inggilipun 10-30 cm, witipun gilik nlutuh, ronipun panjang, sekaripun jene wonten ing sangginggilipun woh.

Kerok bathok : Araning suket ingkang inggilipun 5-20 cm, ronipun bunder, saged kange gudangan.

Krambilan : Araning suket ingkang inggilipun 10-20 cm, ronipun bunder jejer dawa kados blarak, ngandhapipun ron wonten wohipun bunder alit.

Krokot : Araning suket dawane 20-30 cm wite gilik mrambat, rone bunder rada kandel, sekare warni jene, kanggo gudangan.

L

Legetan : Araning suket inggilipun 5-20 cm, ronipun bunder warni ijem semu pethak, sekare jene, saged kange gudangan

- Legetun : Araning suket inggilipun 5-20 cm, ronipun bunder warni ijem semu biru, sekare jene, saged kangge gudangan
- Lamuran : Araning suket ingkang uripe mrambat dawane 20-30 cm, rone dawa alit, sekare abrit panjang.
- Lancuran : Bangsa suket inggilipun 20-50 cm, ronipun panjang-panjang, sekaripun lancur menginggil warni abrit.
- Larasetu : Bangsa suket dhuwure luwih saka 40 cm, rone dawa kados ron sere, kanggo bebendung lan oyode wangi.
- Lengis : Bangsa suket araning suket kang inggilipun 5-15 cm, witipun mretelu, ronipun panjang, sekaripun jene.
- Lempuyang : Bangsa suket inggilipun 20-30 cm, wite gilik, rone dawa-dawa, empune kangge jamu.
- Lombokan : Araning suket inggilipun 5-15 cm, ronipun wiyar garis-garis, sekaripun wungu, wohipun bunder-bunder wonten ing pucuking wit.
- Lulangan : Bangsa suket dawane 10-20 cm, witipun gepeng njrebabah, ronipun panjang, sekare pethak ing pucuking wit.

M

- Mendhongan : Bangsa suket kang inggilipun 30-40 cm, witipun mretelu, ronipun panjang, sekaripun jene, wite isa kanggo kerajinan.
- Menga-mengo : Araning suket ingkang inggilipun 5-10 cm, witipun warni abrit, wohipun bunder bunder tememplek wonten ing wit, ronipun alit warni ijem.
- Menyawun : Bangsa suket inggilipun 10-40 cm, kathah glugutipun, ronipun bunder kasar, sekaripun warni pethak.

O

- Ongkereo : Bangsa suket inggilipun 40-100 cm, witipun wonten glugutipun alit, ronipun bunder ringih-ringih, sekaripun pethak, tlutuhe kanggo tetamba.

P

Patikan : Bangsa suket inggilipun 10-20 cm, witipun warni abrit, ronipun ijem semu abrit, ronipun ijem semu abrit, wohipun tememplek wonten ing antaraning ron, tlutuhe kangge tetamba.

R

Rambutan : Araning suket mrambat, dawanipun 30-40 cm, rone kaya ron bayung, wohe bunder diubengi kaya dene rambut.

Ranggitan : Araning suket ingkang witipun gilik kaya kayu, wite ngepang, inggilipun 30-40 cm, ronipun ijem amba ringih-ringih, sekare warni wungu.

Reketek : Bangsa suket ingkang dawanipun 30-40 cm, wite abrit, ronipun wiyar, sekaripun abrit ngepang.

Remakan : Bangsa suket ingkang inggilipun 10-20 cm, wtipun warni abrit, ronipun ijem semu abrit, sekaripun warni abrit.

S

Sriwit : Bangsa suket inggilipun 5-10 cm, witipun nrucuk, sekaripun bunder mrentel warni soklat memper sekar mendhong.

Suket Ijo : Araning suket dawanipun 5-10 cm, gesangipun mrambat, ronipun bunder warni ijem, sekare jene.

Sundel : Araning suket ingkang inggilipun 10-30 cm, witipun nglugut, sekaripun jene, gadhah sipay bedhel.

Susuh emprit : Araning suket ingkang inggilipun 20-30 cm, witipun gilik, ronipun dawa, sekare pethak *bulir-bullir*, asring kangge susuh manuk emprit.

T

Tadhah Udan : Araning suket ingkang inggilipun 20-30 cm, ronipun panjang, sekaripun warni pethak saha gadhah woh warni ijem.

Tali wuyung : Bangsa suket ingkang dawanipun 30-40 cm, witipun mrambat warni abrit, ronipun bunder alit, sekaripun wungu.

Teki : Bangsa suket ndhuwure 5-30 cm wite mretelu, sekare jene, rone dawa ciut, empune ngandha seger.

Tuton : Araning suket ingkaang memper pari, dhuwure 30-50 cm, ronipun dawa-dawa, sekare pethak kados woh pantun

W

Waderan : Araning suket mrambat ingkang dawanipun 30-40 cm, wite keras, ronipun wiyar, kangge pakan raja kaya, tuwuhe ing papan reyom.

Wudelan : Bangsa suket inggilipun 40-50 cm, witipun gilk kayu, rone bunderr ringih-ringih, sekaripun bunder ijem.

Catatan Lapangan Observasi 1

Dinten : Setu/ 24 Agustus 2013
 Wedhal : 08.00 WIB
 Papan : Lungguh Desa Grogol
 Ingkang dipuntingali : Kawontenan Siti Lungguh

Lungguh inggih menika siti kagunganipun pamarintah desa Grogol. Wujudipun siti lungguh menika arupi siti pategalan. Wondene mapanipun wonten ing dhusun Grogol dumugi dhusun Karangmojo A. Lungguh gadhah wates sisih kilen dhusun Grogol kaliyan Karangmojo A. Sisih ler dhusun Grogol. Sisih wetan alas Junggring, desa Grogol. Sish kidul alas Kedung Ijo, Setren, dhusun Karangmojo A. Saperangan ageng saking lungguh menika dipunsewakaken dhateng masarakat desa Grogol, wondene saperangan dipungarap dening pamong saha warga desa sanes. Kanthi kawontenan wiyaripun siti pategalan wonten ing lungguh desa grogol menika ndayani kathah siti ingkang mboten dipunupakara kanthi sae, awit menika kathah suket ingkang mruta.

Lungguh inggh menika salah satunggaling punjering papan olah tetanen ingkang mapan wonten ing desa Grogol. Lungguh dados punjering olah tetanen inggih awit wiyaripun saha celak saking griya, kajawi saking menika ugi celak kaliyan siti person saha lepen. Kanthi menika ndayani kathahipun nama jinising suket ingkang dipunmangertosi saha kapanggihaken awit tiyang kathah ingkang makarya wonten ing mriku.

Catatan refleksi :

1. Lungguh inggih menika siti pategalan ingkang wiyar saha gadhah wates kaliyan siti person ingkang celak lepen.
2. Kathah warga desa grogol ingkang olah tetanen wonten ing lungguh.

Catatan Lapangan Observasi 2

Dinten : Minggu/ 1 September 2013
 Wedhal : 15.00 WIB
 Papan : Tlaga Wetan
 Ingkang dipuntingali : Kawontenan Alas Tlaga Wetan

Tlaga Wetan inggih menika siti sabin ingkang mapan wonten ing sisih kidul wetan desa Grogol. Tlaga wetan inggih menika salah satunggaling siti sabing ingkang paling wiyar wonten ing kukuban desa Grogol. Tlaga wetan ugi sabin ingkang boten tau asat toyanipun sanajan wonten ing wayah ketiga. Wonten ing papan menika kathah dipunpanggihi suket ingkang gesangipun wonten ing siti ingkang teles. Kadosta suket iles-iles. Ananging suket ingkang ketingal awis-awis dipunbabat inggih menika antawisipun Kalamenta kaliyan Blembem. Menika awit blembem kangge bendung menawi rendeng.

Wonten ing Tlaga wetan menika mboten dipunpanggihi kathah jinis suket ingkang beda saaking wonten ing lungguh. Kanthi menika saking kalih papan menika salajengipun suket-suket ingkang tuwuh dipunpundhut gambaripun kangge acuan nglempakaken data. Bab mayoritas petani ingkang ngarap siti wonten ing Tlaga Wetan menika masarakat desaa Grogol, lajeng wonten ing Tlaga wetan sisih kidul tiyang Mah Bang, Karangasem.

Catatan refleksi ::

1. Tlaga wetan inggih menika siti sawah ingkang paling wiyar wonten ing desa Grogol
2. Tlaga wetan inggih menika siti ingkang mboten asat toyanipun ing wayah ketiga.
3. Kathah warga masarakat grogol ingkang garap sti wonten ing Tlaga Wetan.

Catatan Lapangan Wawancara 1

Informan : SATIRAH

Yuswa :

Padamelan : Petani

Alamat : Karangmojo A, Grogol, Paliyan, Gunungkidul

Dinten/ Surya :

Papan : Dalemipun mbah Satirah

Wedhal : 13.00 Wib

Yoto : Kula nuwun mbah. Menika badhe nyuwun pirsa bab nama suket mbah, wonten ing desa Grogol menika suket gadhah nama napa mawon ngih mbah?

Mbah Satirah : *Alang-alang, Apa-apa, Tuton, Genjahan, Dangon, Patikan.*

Yoto : Lajeng napa mawon mbah?

Mbah Satirah : lha apa ya mas, wah ya aku wis lali mas wong ora apal. Coba takona mak mu cilik iran kae.

Yoto : ngih mbah mangkih kula nyuwun pirsa. Menawi ingkang dipunsebataken kala wau wonten ingkang saged dipunginakaken mboten mbah?

Mbah Satirah : *Alang-alang, Apa-apa* sok dinggo tenger. *Alang-alang, Apa-apa* diselipke rambut utawa caping bolong ben ora kesamber gelap, *Dangon* nak jaman biyen keplatok dimamahke *Dangon*.

Yoto : Menawi wonten ngalas kathah nggih mbah suket ingkang saged dipunginakaken?

Mbah Satirah : Nak biyen. Aku biyen nak keplatok gur tak mamahke *Dangon* kuwi.

Yoto : Menawi *Patikan* saged dipunginakaken mbah?

Mbah Satirah : Ora nak nggo keplatok, *Patikan* kuwi tlutuhe nggo tamba mata.

Yoto : Menawi *Krokot* saged digunakake mbah?

Mbah Satirah : Ora

Yoto : *Ongkereo* menika kalebet napa mbah suket napa wit?

Mbah Satirah : Lha ya suket
Yoto :Menawi sanesipun mbah?
Mbah Satirah : Wah aku ki wis lali mas.
Yoto : ngih mbah maturnuwun.

Catatan refleksi:

nama suket : *Alang-alang, Apa-apa, Tuton, Genjahan, Dangon, Patikan, Krokot, Ongkereo.*
Paedah : Pakan raja kaya, tetamba.

Catatan Lapangan Wawancara 2

Informan : SATIRAN

Yuswa :

Padamelan : Petani

Alamat : Grogol, Paliyan, Gunungkidul

Dinten/ Surya :

Papan : Dalemipun mbah Satirah

Wedhal : 13.30 Wib

Yoto : Badhe nyuwun pirsa lik, nama suket wonten ing desa grogol menika napa mawon, supados gampil menika kula beta saperangan suket.

Bp Satiran : *Dangon, Lancuran, Sriwit, Gewor, Tuton, Apa-apa, mBakoan, Susuh Emprit, Lengis (sriwit gedhe), Patikan, Krambilan, Genjahan, Dranjangsan, Krokot, Reketek, Sundhel bedhel.*

Yoto : Menika sanes Wudelan lik?

Bp Satiran : Udu, aku urung reti sing jenenge Wudelan kuwi.

Yoto : Menika Katemas sanes lik?

Bp Satiran : Udu nak **Katemas** kuwi nlutuh kembange kaya tumbar, iki **Lombokan**.

Yoto : Menika napa lik?

Bp Satiran : Iki **Remakan** iki

Yoto : Menawi liyane ingkang wonten mriki tasih kathah nggih lik jinisipun?

Bp Satiran : isih

Yoto : **Cikalan** wonten lik?

Bp Satiran : *Cikalan, Iles-iles, Alang-alang, Grinting, Blembem* ki eneng.

Yoto : **Kalanjana** nggih lik?

Bp Satiran : Iya

Yoto : Menawi **Waderan**?

- Bp Satiran :Eneng ning turut kene wis angel digoleki godhonge kaya **Wader** sing dijenegke **Waderan**. Iki **Legetun**, iki lagi mrekuta saiki
- Yoto :Suket liyane ngge pakan ngge napa mawon lik?
- Bp Satiran :Ora eneng
- Yoto :Menawi ngge tamba napa di olah ngoten lik?
- Bp Satiran : Paaling ya gur **Patikan** nggo tamba mata, nak saiki we wis ora ana sing nganggo.Iki seneng mrekuta nak tengahan, **Suket Ijo** jenenge.
- Yoto : menawi **Lamuran** wonten lik?
- Bp Satiran :**Lamuran** ki sing sok ana galengan kae lho sing kembange coklat.
- Yoto :Menawi **Krokot** namung kangege pakan lik?
- Bp Satiran :Iya
- Yoto : lajeng napa mawon lik jeneng suket kaliyan kagunanipun?
- Bp Satiran : wis ora apal aku mas.
- Yoto :Menawi mriki sing apal suket menika sinten lik?
- Bp Satiran :Mbah Jo Kromo, mbah Prih kuwi sing sok apal etung kuwi.
Iya mau isih ana sing kliwatan **Kalamenta**.

Catatan refleksi:

nama suket: **Dangon, Lancuran, Sriwit, Gewor, Tuton, Apa-apa, mBakoan, Susuh Emprit, Lengis (sriwit gedhe), Patikan, Krambilan, Genjahan, Dranjangan, Krokot, Reketek, Sundhel bedhel, Katemas, Lombokan, Remakan, Cikalaan, Iles-iles, Alang-alang, Grinting, Blembem, Kalanjana, Waderan, Legetun, Patikan, Lamuran, Krokot, Kalamenta.**

Paedah : Pakan raja kaya, tetamba, janganan.

Catatan Lapangan Wawancara 3

- Informan : SARIJA/ JA KRAMA
 Yuswa : 78
 Padamelan : Petani
 Alamat : Karangmojo A, Grogol, Paliyan, Gunungkidul
 Dinten/ Surya : setu/ 7 September 2013
 Papan : Dalemipun mbah Sarija
 Wedhal : 14.00 Wib
- Yoto : Kula nuwun mbah.
 Mbah Sarija : Mangga
 Yoto : Nyuwun pangapunten mbah menika badhe nyuwun pirsa nama-nama suket?
 Mbah Sarija : Nama suket?
 Yoto : Ngih mbah kangge skripsi, supados gampil kula beta saperangan menika mbah. Menika napa mbah?
 Mbah Sarija : Niki **Ranggitan**
 Yoto : Menika napa?
 Mbah Sarija : Niki napa kula lali jenenge, **Lulangan** niki.
 Yoto : Ingkang menika mbah?
 Mbah Sarija : Kok kados **Grinting**, ning mangkikh riyin, nggih menika **Grinting**.
 Yoto : Lajeng ingkang menika mbah?
 Mbah Sarija : Niki **Kalanjana**, nek bentuke **Kalanjana**, nak ujungane **Kalanjana** ning alit.
 Yoto : Sanes **Dranjangan** mbah?
 Mbah Sarija : Nak **Dranjangan** tasih alit, nggih menika **Dranjangan** nak bentuke, nak **Dranjangan** saged njrebobok
 Yoto : menawi menika?
 Mbah Sarija : Nak niki **alang-alang**, mpun apal dereng nek niki?

- Yoto : nggih mbah menika kaliyan ngapalke mbah. Nak ingkang menika mbah?
- Mbah Sarija : **Tuton** niki, niki **Lancuran**
- Yoto : Lha menika mbah, menika kembange bunder?
- Mbah Sarija : Kaya **Teki** ning sanes **Teki**, kula mboten ngerti niki, nak **Kapukan** udu.
- Yoto : Menawi **Kapukan** wonten mbah?
- Mbah Sarija : Wonten nggih kados niki bentuke ning boten kaku
- Yoto : Lha menika napa mbah?
- Mbah Sarija : Ah napa wong sepele, kok lali. **Ongkereo**, kewan-kewan we ra doyan menika.
- Yoto : Menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : Niki **Mendhongan** niki.
- Yoto : Menawi menika mbah, sekare kuning menika?
- Mbah Sarija : Kula ngih dereng ngertos, nek tiyang sepuh riyin ngertos, ngih sekare kuning. Kewan ngih boten doyan niki.
- Yoto : Menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : **Apa-apa** menawi menika mon.
- Yoto : Menika napa mbah?
- Mbah Sarija : Menika kula mboten ngertos, menika rumput sabin menika.
- Yoto : Menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : Menika **Tali yunyun**
- Yoto : Napa mbah kala wau namanipun
- Mbah Sarija : **Tali yunyun**
- Yoto : Lha menika mbah
- Mbah Sarija : Menika mboten ngertos, menika sami niki, wong wite sejajar.
- Yoto : Ingkang menika mbah?
- Mbah Sarija : Apa ya? wah kula mboten apal suket sabin wong gadhah sabin.
- Yoto : Menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : Boten ngertos niki, niki napa kula nggih boten ngertos menika.
- Yoto : Menawi menika mbah?

- Mbah Sarija : Nboten ngertos, niki nggih boten doyan kok lembu.
- Yoto : Nak niki mbah?
- Mbah Sarija : Menika **Krambilan**
- Yoto : Ingkang menika mbah?
- Mbah Sarija : **Genjahan** niki, lha niki sing namine **Kapukan**.
- Yoto : Niki napa mbah?
- Mbah Sarija : Niki suket berbahaya, lha apal ning kok lali.
- Yoto : Lha kok berbahaya mbah?
- Mbah Sarija : Lha niki mboten gadhah pati, **Gewor** niki kewan dokoh.
- Yoto : Menika mbah?
- Mbah Sarija : Bentuke **Teki**, wo lha nggih **Teki** wong gandhane **Teki**.
- Yoto : Menawi Teki kadospundi mbah?
- Mbah Sarija : Lha nak **Teki** menika ngih angel patine.
- Yoto : Kala wau kok ditengeri saking gandhane?
- Mbah Sarija : Lha rak seger niki, menika.
- Yoto : Lha menika mbah?
- Mbah Sarija : Rumput sabin menika kula nggih mboten ngerti.
- Yoto : Lha menika mbah?
- Mbah Sarija : nak bentuke godhong **Menga-mengo**, tegese nak srengenge isuk marep ngetan mengko nak srengenge sore maren kulon. Tiyang mriki ngarani **Menga-mengo**, wong niki tekne kero niki, niki nggih dokoh kewan.
- Yoto : ingkang menika mbah sekare kados ceplikan?
- Mbah Sarija : ngih menika kula nggih mboten ngertos wong suket sawah. Niki kewan nggih boten doyan, nak mboten ketut nggih mboten dirit.
- Yoto : lha menika mbah?
- Mbah Sarija : suket sing dinggo nyusuh manuk eter-eter kae apa ya?
- Yoto : wonten ingkang mastani **Susuh Emprit**, napa nggih mbah?
- Mbah Sarija : mbok menawi nggih wong menika remen ngge nyusuh manuk emprit, ning kula mboten reti menika.
- Yoto : lha menika mbah?

- Mbah sarija : niki nggih rumput sabin lho.
- Yoto : Iles-Iles sanes mbah?
- Mbah Sarija : sanes, nak ujungane **Iles-Iles** niki, **Iles-Iles** ujungane wiyar. Nak **Iles-Iles** menika nggih angel patine, dados nyiprate saking isi kados suweg niku. Niki **Krokot**, lha rak menika rumput sabin ning nggih mboten duwe pati, angel patine.
- Yoto : lha menika mbah?
- Mbah Sarija : Apa **Blembem** kuru?
- Yoto : menika nggen galengan mbah.
- Mbah Sarija : nggih menika **Blembem**, mung tekne kero. Nak **Blembem** menika kukuh sanget ngge bendung. lak namung nggo bendung.
- Yoto : menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : iki **Patikan** iki.
- Yoto : menawi menika?
- Mbah Sarija : lha niki sing rumput **Kapukan** nika mesthine, wong niki angere nganu keket banget. niki kewan nggih mboten ajeng
- Yoto : lha sing disetani sriwit mbah?
- Mbah sarija : mboten ngertos kula Sriwit menika.
- Yoto : napa sing sekare kados lintang nika mbah?
- Mbah Sarija : arang-arang **Sriwit** menika ngantos sekar
- Yoto : menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : **Katemas** menika.
- Yoto : Menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : niki napa, wong niki kewan dokoh, nggih **Sundhel Bedhel**.
- Yoto : menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : **Menyawun** niki, niki purun ageng nak dibabat nglilipi wong, saged nglelepke kula.
- Yoto : nak sing diwastani legetun mbah?
- Mbah Sarija : Nak sing diwastani **Legetan Legetun** menika sanes niki, nak **Legetun** menika semu biru nak **Legetan** semu pethak rone meh seja jar niki ning wit semune banyu, wong niku eca nak digudang,

- nak mpun ageng kenging dicoklek. Nak **Legetun** menika biru wungu nak **Legetan** menika semu pethak.
- Yoto : Menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : Niki **Lamuran** niki.
- Yoto : Menawi ingkang menika?
- Mbah sarija : Niki **Lempuyang** niki, lha niki isine ta lebet.
- Yoto : Menika beda kaliyan Lempuyang jamu nggih mbah.
- Mbah Sarija : Sanes wong niki **Lempuyang** rumput kok niki, mung jenenge pada. niki **Kalamenta** niki ngengenggi, lha meh-mehane **Legetan** **Legetun** kadosmenika (nduduhake Gewor), nak ramban namung dipunggeli nak kula alit riyin ning nak ngulinake rak sok duwe lara gringga ning rak seger.
- Yoto : Lha ingkang menika mbah?
- Mbah Sarija : Nak **Krambilan** dudu, ning niki nak kados niki godhonge meh nyrupai **Krambilan**, ning krambilan sing ten jero.
- Yoto : **Cikalan** sanes mbah?
- Mbah Sarija : Nak kula ngarani **Cikalan** ngih **Krambilan** niku ning sanes, nak **Krambilan** menika ujungane lemes gek mangkikh lha kula riyin eca.
- Yoto : Ingkang kados menika?
- Mbah Sarija : Lha menika kamangka rumput talun ning kula mboten ngertos, wong niki mboten saged berbala, niki mboten berbahaya.
- Yoto : Menawi **Lombokan** mbah?
- Mbah Sarija : Sanes, nak **Lombokan** ngih meh kadosmenika.
- Yoto : Lha menawi menika mbah?
- Mbah Sarija : Lha menika dereng ngertos, **Wudelan** warang kula dereng ngertos.
- Yoto : Menawi rumput ingkang eca napa mawon mbah?
- Mbah Sarija : Nak apal kula nggih nak suket namung **Legetan**, **Legetun** menika, nak **Alang-Alang** menika sok dideploki, wong nak kula menika lare angen ngragas, toyane diombe, nak **Lempuyang** mboten eca pait nak **Alang-alang** legi.

- Yoto : Menawi alang-alang liyane diteda gunane kangge napa mbah?
- Mbah Sarija : *Alang-alang*, kangge pepager. Nak tiyang sepuh riyin ning nak saniki mpun boten gunake. Nak tiyang sepuh riyin rak nganu ron *Alang-alang* menika dijawab napa klimahe gek ken nunggu. Nak tiyang sepuh riyin wong lemapakake wonten ing lor wetan, dul wetan, dul kulon, lor kulon gek niku di bundelake gek dipendhem ning namung ujungane kangge nyranani tiyang ewuh.
- Yoto : Menawi dingge tetamba saged mboten mbah?
- Mbah Sarija : Pangapunten wong tamba menika maneka warna lho. Wong riyin kula niki putung, kula ngertos *Alang-alang* wonten ing sisih kidul niki kula deplok kula klomotke mari, ning nggih nganti nem wulan menika
- Yoto : Menawi *Apa-apa*?
- Mbah Sarija : *Apa-apa* menika ngih sok dingge sarat. Wong tiyang sepuh menika beda-beda wonten sing gunake *Jarak*, *Alang-alang*, *Apa-apa*. Nak *Apa-apa* menika sok dibundheke.
- Yoto : Menawi ngendikane *Apa-apa* wonten ngalas menika menawi wonten ngelap nge srana?
- Mbah Sarija : Lha rak menika namung sarate tiyang angen riyin. Lha nak gelap menika panci ditengeri bundelan *Alang-alang* kaliyan *Apa-apa*. Nak mangkikh kepanggih bundhelan *Alang-alang* menika diuculi waluyo.
- Yoto : Lha ingkang *Patikan* menika seged dingge tamba mboten mbah?
- Mbah Sarija : Nganu nak tiyang keplatok menika tluluhe.
- Yoto : Saliyane menika mbah?
- Mbah Sarija : Kula mboten ngertos nak biasane namung nge tiyang tatu, mboten ngertos kula.
- Yoto : Saliyane *Patikan* sing ngge tamba tatu napa mawon mbah?
- Mbah Sarija : Lung jati, lung *Ongkereo* niku ampuh ngge tamba
- Yoto : Lha menawi tetuwuhan menika le njenengi wonten tegese mboten?

- Mbah Sarja : Kula mboten reti namung nak *Alang-alang*, *Apa apa* menika ngge sarat nak alang alang ngge pepager nak tiyang ewuh.
- Yoto : Menawi *Krokot* liyane ngge pakan ngge napa?
- Mbah sarija : Lha *Krokot* niku ngge pakan nggih angel nak kula kula obong, nak riyin niku nggih sok digudang wong nak tiyang riyin niku da nglatak kok.
- Yoto : Saliyane menika mbah, ingkang saged dingge sarat, dipundahar napa kangge tamba napa malih mbah?
- Mbah Sarija : *Grinting*, menawi kangge nuthuk selo, lha mangkikh *Grinting* menika digecak wonten selo dadi gampil menika.
- Yoto : lajeng napa malih mbah?
- Mbah Sarija : kula kok mpun mboten ngertos sakliyane niku.
- Yoto :nggih mbah menawi kadosmenika maturnuwun awit pambiyantunipun, sampun kersa paring wewarah.

Catatan Releksi:

Nama-nama suket : *Ranggitan, Lulaangan, Grinting, Kalanjana, Dranjangan, Alang-alang, Tuton, Lancuran, Teki, Kapukan, Ongkereo, Mendhongan, Apa-apa, Tali yunyun, Krambilan, Genjahan, Gewor, Menga-mengo, Iles-iles, Krokot, Blembem, Patikan, Sriwit, Sundel Bedhel, Menyawun, Legetan, Legetun, Lamuran, Lempuyang, Kalamenta, Cikalan, Lombokan, Ongkereo, Grinting.*

Paedah : Tetamba, pakan raja kaya, tolak bala, tetedhan.

Catatan Lapangan Wawancara 4

- Informan : SUPRIHNA
 Yuswa : 67
 Padamelan : Petani
 Alamat : Karangmojo A, Grogol, Paliyan, Gunungkidul
 Dinten/ Surya : setu/ 7 September 2013
 Papan : Dalemipun mbah Suprihna
 Wedhal : 18.30 Wib
- Yoto : Nuwun sewu mbah menika badhe nyuwun pirsa wonten ing desa Grogol menika wonten rumput napa mawon?
 Mbah Prih : *Lamuran, Dangon, Genjahan, Tuton, Dranjangan , Sriwit, Gewor, Krambilan, Potak patikan, Lombokan, Menyawun, Teki* niku termasuke nggih rumput. *Alang-alang, Katemas*, ketingale menika, semerepe kula kantun **Lempuyang**.
 Yoto : Menawi **Bakoan, Apa-apa, Blembem** menika mlebet rumput mboten?
 Mbah Prih : Mboten nak neh kula nyetani **Apa-apa** menika sanes rumput, menawi wonten ing ngelmu hayat riyin Ceplukan barang, Lombok menika sanes rumput
 Yoto : Menawi **Grinting, Iles-les**.
 Mbah Prih : **Grinting** menika kalebet rumput menika, Nak **Iles-iles** kelebet keladi.
 Yoto : Menawi Kalanjana, Kalamenta mbah?
 Mbah Prih : Menawi **Kalanjana, Kalamenta, Gajahan** menika jenis rumput ning rak boten penghalang pertanian wong niku malah ditanem. **Kalamenta** menika nak sing mboten seneng nggih dipateni ning nak cara simbah riyin sawah nak boten wonten **Kalamenta** disebari kajenge dadi **Kalamenta** kabeh. Niku nak dinggo nyawah nak pun lemu ditebah luku gampang gek bosok lendute apik banget pari

nggih mboten kalah. Nak saniki diobat, wong beleri. Pokoke nak sawah mboten wonten wonten kalamenta menika nugar. Ning jaman riyin niku sepisan menika tasih jamane pari Kunyit pari Mei nak saniki le ngarani.

- Yoto : Menawi **Krokot Legetun** menika kalebet rumput?
- Mbah Prih : Ngih menika kalebet rumput, nak **Legetun** menika godhonge biru, kasar ning enak kaya nikir. **Krokot** nika nggih ketingale rumput.
- Yoto : Menawi Lengis mbah?
- Mbah Prih : Ketingale Wonten, **Lingi** nak mriki. Wite kados **Teki** mretelu niku nak riyin sok dingge gawe keba, kaya topi mendhong nak saniki umpamane enten, mendhong kalih **Lingi** nak dingge topi apik **Lingi** niku.
- Yoto : Menawi **Lulangan**, mendhongan wonten boten mbah?
- Mbah Prih : **Lulangan** wonten sing njrebabah wohe putih urut ratan wite kaya **Tuton** niku nyebrabah sekare putih, wohe meh sami kalih **Tuton** nak **Lulangan** menika tahan urip nak **Tuton** menika menawi tuwa gek mati.
- Yoto : Menawi **Mendhongan** mbah?
- Mbah Prih : **Mendhongan** menika mboten enten nggih **Lingi** menika wau nak simbah-simbah sing ngge slepen.
- Yoto : Menawi **Ongkereo** mbah?
- Mbah Prih : Nak nah kula ngarani mlebet semak.
- Yoto : Menawi **Rambutan**, **Ranggitan** kalebet napa mbah?
- Mbah Prih : **Ranggitan** menika kalebet semak paling dhuwur sadhedek. **Rambutan** wit, **Rambutan** nak sing mriki niku mrambat wohe legi ning njerone laki kaya dene umbel nika.
- Yoto : Menawi Rambutan menika kalebet rumbut mboten mbah?
- Mbah Prih : Niku manggone tertentu wontene wonten ten pager niku. Niku ngih tahan suwe uripe.
- Yoto : **Reketek** wonten mboten mbah?

- Mbah Prih : *Reketek, Genjahan* menika kakang adhi, *Reketek* menika sing nglampra, *Genjahan* menika sing njebabah. *Reketek* nglolor menawi lemu sabopongan wonten. *Waderan* sing wite kaya pring wite atos.
- Yoto : Bedane *Reketek* kalih *Waderan* napa mbah?
- Mbah Prih : Nak *Reketek* menika lemes. nak *Waderan* tukhule nggen reyom subur. *Reketek* subure ten tegalan padane ten paren, *Waderan* wite nika lembut ning keras nak dibabat crak-crak wong wite kados sada nika.
- Yoto : Menawi waderan sekare kados pundi mbah?
- Mbah Prih : Kadose kula dereng ngertos.
- Yoto : Menawi suket wudelan wonten mbah?
- Mbah Prih : Nak *Sudhel mBedhel* menika wonten nak *Wudhelan* dereng reti.
- Yoto : Menawi susuh emprit wonten mbah?
- Mbah Prih : *Susuh Emprit* menika wonten angel patine.
- Yoto : Menawi *Kerok Bathok, Menga-mengo* wonten boten mbah
- Mbah Prih : *Kerok Bathok* menika kalih *Krokot* tunggal nak *Kerok Bathok* menika godhonge cilik lembut, nak *Krokot* ageng, nak *Kerok Bathok* ngapel. Nak simbah le ngarani menika *Katepang* nak kula le ngarani *Katepan* won jan katep niku godhonge nutupi lemah kabeh.
- Yoto : menawi *Menga-mengo* mbah wonten mbah?
- Mbah Prih : nak *Mengo-mengo* Kula dereng ngertos nak suket *Menga- mengo* menika.
- Yoto : Menawi suket menika napa mawon mbah ingkang saged dipunginakaken?
- Mbah Prih : Nak sing saged digunake, nak *Potak patikan* menika saged dingge obat belek, nak sanese sing dingge obat niku rumaos kula *Lempuyang* menika nge jamu.
- Yoto : Menika ingkang dingge jamu menika *Lempuyang* rumput napa empon-empon?

- Mbah Prih : *Lempuyang* rumput saged *Lempuyang* empon-empon saged. Wong kula menika nyobo gol-gol ten sawah wonten *Lempuyang* isine gedhe kula pakake wedhus kok boten doyan mangka gedhe meh sami laos, kula gugut pait lha ora layak wong jamu pait. Nak *Lempuyang* jamu menika asing godhone nyepuk wite endhik.
- Yoto : Menika *Lempuyang* rumput menika kangge jamu napa?
- Mbah Prih : Nak *Lempuyang* rumput menika kangge jamu bocah ben dokoh mangan dicampuri tempe bosok, kunir.
- Yoto : Lajeng napa malih ingkang saged digunakake?
- Mbah Prih : Naming ngge pakan terutama *Kalanjana, Gajahan, Dangon*. Ning nggih niku wau antarane *Dangon* kaliyan *Genjahan* menika ngge pakan nak nah kula ngarani mung ngge sambi lalu ning nak pentinge *Genjahan, Tuton, Dangon* menika penghalang. Nak sing diutamake ditandur menika *Gajahan, Kalanjana, Blembem, Larasetu. Blembem* ngge bendung, *Larasetu* ngih kenging dingge bendung kenging ngge minyak wangi.
- Yoto : *Larasetu* menika kados napa mbah?
- Mbah Prih : *Larasetu* niku kados mendhong, kados sere ning lembut nak sing wonten mrika nggene pak dukuh mrika. *Alang-alang* niku riyin ngge payon, gek *Alang-alang* sing ngisor menika ngge tampa lara weteng.
- Yoto : Menawi krokot mbah?
- Mbah Prih : Niku ngih saged nak alam samenika kantun purun boten, sanjange niku saged ngge darah tinggi warang, sanjange.
- Yoto : Menawi *Kerok bathok* mbah?
- Mbaah Prih : Kadose menawi *Kerok bathok* menika mboten.
- Yoto : Menawi rumput menika anggenipun jenengi wonten pakeme mboten mbah?
- Mbah Prih : Mboten wonten pakeme menika *Dranjangan* pakeme mung wohe sebangsa jali glugute kaya pring.

- Yoto : Menawi riyin menika wonten tata caranpun njenengi suket mboten mbah?
- Mbah Prih : Mboten nek niku simbah riyin naming ngarani nak ngaten niki **Dranjangan**, nak ngaten niki **Tuton**. **Tuton** menika ujungane kaya pari, Nak campur pari nak dereng kembang mboten saged dibedake
- Yoto : Lajeng menika mbah, menika wonten gambar suket namanipun napa?
- Mbah Prih : Niki nak wonten mriki le njenengke naming **Suket Ijo**, niki matine angel nak le ngepras mboten saking ngepok tuwuh meneh. Niki le jenengke **Suket Ijo**. menika **Cikalan** nggih kalebet ruput, wong niku kaya teki ning rak wohe niku cepet banget.
- Yoto : Nggih mbah maturnuwun sampun kersa paring pangertosan bab suket.

Catatan Releksi:

- Nama suket : *Lamuran, Dangon, Genjahan, Tuton, Dranjangan, Sriwit, Gewor, Krambilan, Potak patikan, Lombokan, Menyawun, Teki, Alang-alang, Katemas, Lempuyangan, mBakoan, Apa-apa, Blembem, Grinting, Iles-iles, Kalanjana, Katemas, Gajahan, Krokot, Legetun, Lingi, Lulangan, Ongkereo, Reketek, Waderan, Genjahan, Sundhel mbedhel, Susuh emprit, Kerok Bathok, Potak-Patikan, Lempuyang, Dangon, Larasetu, Suket Ijo, Cikalan*
- Paedah : Pakan raja kaya, tetamba, janganan, tolak bala, payon.

Catatan Lapangan Wawancara 5

- Informan : SURIP
 Yuswa : 63
 Padamelan : Petani
 Alamat : Grogol, Paliyan, Gunungkidul
 Dinten/ Surya : minggu/ 8 September 2013
 Papan : Dalemipun ibu Surip
 Wedhal : 10.00 Wib
- Yoto : Nyuwun pangapunten budhe nyuwun pirsa babagan nama-nama suket wonten ing desa Grogol, menika napa mawon?
 Bu Surip : **Krokot** wonten **Legetun, Genjahan, Teki, Kerok Bathok.**
 Yoto : Menawi **Alang-alang** kalebet suket mboten?
 Bu Surip : Inggih.
 Yoto : Menawi **Apa-Apa** budhe?
 Bu Surip : **Apa-apa** menika nggih kelebet suket.
 Yoto : Menawi **mBakoan?**
 Bu Surip : Inggih **mBakoan** nggih, **Tuton.**
 Yoto : Menawi blembem?
 Bu Surip : **Blembem** niku taneman ning nggih suket.
 Yoto : Menawi suket sing ditanem napa mawon?
 Bu Surip : **Kalajana, Gajahan Blembem.**
 Yoto : menawi Cikalan budhe?
 Bu Surip : Inggih wonten.
 Yoto : menawi Dangon?
 Bu Surip : Kula dereng semerep.
 Yoto : Menawi Dranjangan budhe?
 Bu Surip : **Dranjangan** nggih wonten.
 Yoto : Menawi Gewor?
 Bu Surip : **Gewor** nggih suket, nggen kula wonten.
 Yoto : Menawi grinting budhe?

- Bu Surip : Nggih wonten.
- Yoto : Menawi iles-iles?
- Bu Surip : *Iles iles* nggih wonten, ingkang gadhah isi kados Kimpul.
- Yoto : menwi Kalamenta?
- Bu Surip : *Kalamenta* nggih wonten.
- Yoto : Meanawi Katemas?
- Bu Surip : *Katemas* nggih wonten.
- Yoto : Lancuran?
- Bu Surip : *Lancuran* nggih wonten, *Kerok Bathok* wau sampun dereng?
Nggen kula kathah niku.
- Yoto : Sampun. Samenika tasih mboten budhe?
- Bu Surip : Mboten wong ketigen.
- Yoto : Menawi Lempuyang budhe?
- Bu Surip : Wonten *Lempuyang*.
- Yoto : Menika Lempuyang napa Lempuyangan budhe?
- Bu Surip : *Lempuyangan* wong nak *Lempuyang* menika taneman.
- Yoto : Menawi Lombokan wonten budhe?
- Bu Surip : Wonten.
- Yoto : Menawi Lulangan?
- Bu Surip : Pangapunten dereng semerep.
- Yoto : Menawi Mendhongan budhe?
- Bu Surip : Wonten nggen kula menawi rendeng kathah ning samenika
mboten wonten.
- Yoto : Menawi Menyawun budhe?
- Bu Surip : Pangapunten kula dereng sumerep, wong jane kathah nama suket
menika mung kula dereng kenal.
- Yoto : Menawi *Ongkereo* budhe?
- Bu Surip : *Ongkere* wonten, *Patikan* wonten.
- Yoto : Menawi rambutan?
- Bu Surip : Kula dereng reti.
- Yoto : Menawi *Ranggitan* budhe?

- Bu Surip : Wonten.
- Yoto : Menawi Reketek?
- Bu Surip : Wonten nika kaya ***Genjahan*** ning ageng.
- Yoto : Menawi Remakan budhe?
- Bu Surip : Remakan kula nggih dereng kenal.
- Yoto : Menawi Sriwit budhe?
- Bu Surip : ***Sriwit*** wonten.
- Yoto : menawi ***Sundhel mBedhel***?
- Bu Surip : Wonten.
- Yoto : Menawi ***Susuh Emprit*** budhe?
- Bu Surip : Kula dereng ngertos.
- Yoto : Menawi ***Waderan*** budhe?
- Bu Surip : ***Waderan*** wonten, mriku niku mon kathah nak rendeng.
- Yoto : Menawi ***Wudelan***?
- Bu Surip : Kula nggih dereng ngertos.
- Yoto : Menawi ingkang kathah napa budhe?
- Bu Surip : ***Genjahan, Gewor, Reketek*** menika kathah.
- Yoto : Menawi gambar menika napa budhe namanipun?
- Bu Surip : Niki kula dereng ngertos.
- Yoto : Menawi menika budhe?
- Bu Surip : Nggih wonten ning kula nggih dereng ngertos. Menika saweg kalih tahun kinten-kinten. ***Menika mBakoan, menika Sriwit, Krambilan.***
- Yoto : Menawi suket kaginakaken kangge napa budhe?
- Bu Surip : Kangge pakan.
- Yoto : Menawi sanesipun?
- Bu Surip : Nggih namung nge pakan.
- Yoto : Wonten ingkang kangge tamba budhe?
- Bu Surip : ***Patikan*** ngge tamba mripat, tlutuhe. ***Cikalan*** umpamane isine dibakar eca.
- Yoto : Menawi suket ingkang sanesipun, kangge tetenger wonten budhe?

- Yoto : Menawi wonten ing tiyang ewuh wonten ingkang digunakake mboten budhe?
- Bu Surip : Mboten namung kadang-kadang ngge *Alang-alang* napa *Apa-apa* niku
- Yoto : Wonten ingkang ngge kajeng napa urup-urup budhe?
- Bu Surip : mboten.
- Yoto : wonten kagunan sanes mboten budhe?
- Bu Surip : mboten ngertos kula.
- Yoto : inggih budhe maturnuwun sampun kersa paring pirsa, maturnuwun.

Catatan Releksi:

Nama suket : *Krokot, Legetun, Genjahan, Teki, Kerok Bathok, Alang-alang, Apa-apa, Mbakoan, Tuton, Blembem, Kalanjana, Gajahan, Dranjangan, Iles-iles, Kalamenta, Katemas, Lancuran, Lempuyangan, Ongkereo, Patikan, Ranggitan, Reketek, Sriwit, Sundhel mbedhel, susuh emprit, Waderan, Gewor, mBakoan, Krambilan, Cikalan.*

Paedah : Pakan raja kaya, tetamba, janganan.

Catatan Lapangan Wawancara 6

- Informan : SAMINEM
- Yuswa : 45
- Padamelan : Petani
- Alamat : Grogol, Paliyan, Gunungkidul
- Dinten/ Surya : minggu/ 8 September 2013
- Papan : Dalemipun ibu Saminem
- Wedhal : 15.00 Wib
-
- Yoto : nuwun sewu lik badhe nyuwun pirsa, nama suket wonten ing desa Grogol menika napa mawon?
- Saminem : Werna-werna ***Krokot, Gewor, Sriwit, Mendhongan Teki, Patikan, Alang-alang, Katemas, Sundhel mbedhel Lombokan mBakoan, Tali wuyung, Kalamenta Iles-iles Wudhelan, Rambutan.***
- Yoto : Lajeng wonten malih mboten lik?
- Saminem : Aku wis ora reti.
- Yoto : Menawi ginanipun suket menika kangege napa mawon?
- Saminem : Alang-alang nggo atap, Kalajana Gajahan nggo pakan, kabeh isa nggo pakan, Krokot nggo tamba darah tinggi, Ongkereo nggo tamba luka
- Yoto : Menawi pokokipun paedahipun namung menika nggih?
- Saminem : iya sing tak reteni.
- Yoto : nggih menawi kados menika maturnuwun lik, sampun kersa marngi pirsa.
- Nama suket : ***Krokot, Gewor, Sriwit, Mendhongan Teki, Patikan, Alang-alang, Katemas, Sundhel mbedhel Lombokan mBakoan, Tali wuyung, Kalamenta Iles-iles Wudhelan, Rambutan.***
- Paedah : Pakan raja kaya, tetamba, janganan.



PEMERINTAH DAERAH DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

SEKRETARIAT DAERAH

Kompleks Kepatihan, Danurejan, Telepon (0274) 562811 - 562814 (Hunting)
YOGYAKARTA 55213

SURAT KETERANGAN IJIN

070 /Reg / VI 7318 / 10 /2013

Membaca Surat : DEKAN FAK. BAHASA DAN SENI UNY

Nomor : 0952A/UN.34.12/DT/X/2013

Tanggal : 07 OKTOBER 2013

Pernah : PERMOHONAN IJIN PENELITIAN

Mengingat :

1. Peraturan Pemerintah Nomor 41 Tahun 2006 tentang Perizinan bagi Perguruan Tinggi Asing, Lembaga Penelitian dan Pengembangan Asing, Badan Usaha Asing dan Orang Asing dalam Melakukan Kegiatan Penelitian dan Pengembangan di Indonesia;
2. Peraturan Menteri Dalam Negeri Nomor 20 Tahun 2011 tentang Pedoman Penelitian dan Pengembangan di Lingkungan Kementerian Dalam Negeri dan Perwakilan Daerah;
3. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 37 Tahun 2008 tentang Rincian Tugas dan Fungsi Satuan Organisasi di Lingkungan Birokratik Daerah dan Sekretariat Dewan Perwakilan Rakyat Daerah;
4. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 18 Tahun 2009 tentang Pedoman Pelayanan Perizinan-Rekomendasi Pelaksanaan Survei, Penelitian, Pendataan, Pengembangan, Pengkajian dan Studi Lapangan di Daerah Istimewa Yogyakarta.

DILINJINKAN untuk melakukan kegiatan survei/penelitian/pengembangan/pengkajian/studi lapangan kepada

Nama :

SUMARYOTO

NIP/NIM : 09205244042

Alamat :

KARANGMALANG, YOGYAKARTA

Judul :

ANALISIS SEMANTIK NAMA SUKET WONTENG ING DESA GROGOL PALIYAN
GUNUNGKIDUL

Lokasi :

KAB. GUNUNGKIDUL

Tanggal :

09 OKTOBER 2013

s/d 09 JANUARI 2014

Dengan Ketentuan :

1. Menerangkan surat keterangan/ijin survei/penelitian/pendataan/pengembangan/pengkajian/studi lapangan *) dari Pemerintah Daerah DIY kepada Bupati/Wakilnya melalui institusi yang berwenang (tergantung ijin dimaksud);
2. Menyerahkan softcopy hasil penelitiannya baik kepada Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta melalui Biro Administrasi Pembangunan Sejahtera DIY dalam bentuk compact disk (CD) maupun mengunggah (upload) melalui website : adbang.yogjakrivo.go.id dan menunjukkan naskah cetakan esai yang sudah di syahkan dan di buku cap institusi;
3. Ijin hanya dipergunakan untuk keperluan ilmiah, dan pemegang ijin wajib mentaati ketentuan yang berlaku di lokasi kegiatan;
4. Ijin penelitian dapat diperpanjang maksimal 2 (dua) kali dengan menyertakan surat ini kembali sebelum berakhir waktunya setelah mengajukan perpanjangan melalui website : adbang.yogjakrivo.go.id;
5. Ijin yang diberikan dapat dibatalkan sewaktu-waktu apabila pemegang ijin ini tidak memenuhi ketentuan yang berlaku.

Dikeluarkan di Yogyakarta

Pada Tanggal : 09 OKTOBER 2013

An. Sekretaris Daerah

Asisten Perkonomian dan Pengembangan

Ub:

Biro Administrasi Pembangunan



Tembusan:

1. Yth. Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta (sebagai laporan)
2. Bupati Gunungkidul cq.KPPTSP
3. DEKAN FAK. BAHASA DAN SENI UNY
4. YANG BERSANGKUTAN



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI

Alamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 (0274) 586168 psw. 519 Fax. (0274) 548207
http://www.fbs.uny.ac.id/


FRM/FBS/32-01
10 Januari 2011

Nomor : 695 / UN34.12 / PBD / IX / 2013 Yogyakarta, 26 September 2013
Lampiran : -
Hal : Permohonan Izin Observasi/Penelitian
Kepada Yth.
Dekan
u.b. Wakil Dekan I
Fakultas Bahasa dan Seni UNY

Bersama ini kami kirimkan nama mahasiswa FBS UNY Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Prodi Pendidikan Bahasa Jawa yang mengajukan permohonan izin observasi/penelitian untuk keperluan penyusunan Tugas Akhir lengkap dengan deskripsi keperluan penelitian tersebut sebagai berikut:

- | | |
|---------------------------------|---|
| 1. Nama | : SUMARYOTO |
| 2. NIM | : 09205244042 |
| 3. Jurusan/Program Studi | : Pendidikan Bahasa Daerah / Pendidikan Bahasa Jawa |
| 4. Alamat Mahasiswa | : Desa Grogol, Kecamatan Paliyan, Kabupaten Gunungkidul |
| 5. Lokasi Penelitian | : Desa Grogol, Kecamatan Paliyan, Kabupaten Gunungkidul |
| 6. Waktu Penelitian | : September – November 2013 |
| 7. Tujuan dan maksud Penelitian | : Pengambilan data untuk penulisan Skripsi |
| 8. Judul Tugas Akhir | : Analisis Semantik Nama Suket Wonten Ing Desa Grogol Paliyan Gunungkidul |
| 9. Pembimbing | :
1. Hardiyanto, M.Hum.
2. Avi Meilawati, M.A. |

Demikian permohonan izin tersebut untuk dapat diproses sebagaimana mestinya.


Ketua Jurusan,

Dr. Suwardi, M.Hum.
NIP 19640403 199001 1 002



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI

Alamat: Karangmolang, Yogyakarta 55281 Telp. (0274) 550843, 548207 Fax. (0274) 548207
<http://www.fbs.uny.ac.id/>

FRM/FBS/33-01
10 Juk 2013

Nomor : 0952a/UN.34.12/DT/X/2013
Lampiran : 1 Berkas Proposal
Hal : Permohonan Izin Penelitian

7 Oktober 2013

Kepada Yth.
Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta
c.q. Kepala Biro Administrasi Pembangunan
Sekretariat Daerah Provinsi DIY
Kompleks Kepatihan-Danurejan, Yogyakarta 55213

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa kami dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun **Tugas Akhir Skripsi (TAS)/Tugas Akhir Karya Seni (TAKS)/Tugas Akhir Bukan Skripsi (TABS)**, dengan judul:

ANALISIS SEMANTIK NAMA SUKET WONTENG ING DESA GROGOL PALIYAN GUNUNGKIDUL

Mahasiswa dimaksud adalah :

Nama : SUMARYOTO
NIM : 09205244042
Jurusan/ Program Studi : Pendidikan Bahasa Daerah
Waktu Pelaksanaan : Oktober – November 2013
Lokasi Penelitian : Desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.

a.n. Dekan
Kasubbag Kemahasiswaan dan
Alumni FBS,

Drs. Harjoko Insan Kamil
NIP 19581103 198803 1 001

Tembusan:
1. Kepala Desa Grogol, Paliyan, Gunungkidul



PEMERINTAH KABUPATEN GUNUNGKIDUL
KANTOR PENANAMAN MODAL DAN PELAYANAN TERPADU

Alamat : Jl. Brigjen. Katamso No.1 Wonosari Telp. 391942 Kode Pos : 55812

SURAT KETERANGAN / IJIN

Nomor : 686/KPTS/X/2013

Membaca	:	Surat dari Sekretariat Daerah DIY, Nomor : 070/Reg/V/7318/10/2013 , hal : Izin Penelitian
Mengingat	:	1. Keputusan Menteri dalam Negeri Nomor 9 Tahun 1983 tentang Pedoman Pendataan Sumber dan Potensi Daerah; 2. Keputusan Menteri dalam Negeri Nomor 61 Tahun 1983 tentang Pedoman Penyelenggaraan Pelaksanaan Penelitian dan Pengembangan di lingkungan Departemen Dalam Negeri; 3. Surat Keputusan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 38/12/2004 tentang Pemberian Izin Penelitian di Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta;
Dijinkan kepada	:	
Nama	:	SUMARYOTO NIM : 09205244042
Fakultas/Instansi	:	Bahasa dan Seni / Universitas Negeri Yogyakarta.
Alamat Instansi	:	Karangmalang, Catur Tunggal, Depok, Sleman, Yogyakarta.
Alamat Rumah	:	Karangmojo A, Grogol, Paliyan, Gunungkidul.
Keperluan	:	Ijin Penelitian Dengan Judul: ANALISIS SEMANTIK NAMA SUKET WONTEN ING DESA GROGOL PALIYAN GUNUNGKIDUL.
Lokasi Penelitian	:	Grogol Paliyan Gunungkidul.
Dosen Pembimbing	:	Hardiyanto, M.Hum, dan Avi Meilawati, M.A.
Waktunya	:	Mulai tanggal : 25/10/2013 sd. 25/01/2014
Dengan ketentuan	:	

Terlebih dahulu memenuhi/melaporkan diri kepada Pejabat setempat (Camat, Lurah/Kepala Desa, Kepala Instansi) untuk mendapat petunjuk seperlunya.

1. Wajib menjaga tata tertib dan mentaati ketentuan-ketentuan yang berlaku setempat
2. Wajib memberi laporan hasil penelitiannya kepada Bupati Gunungkidul (cq. BAPPEDA Kab. Gunungkidul).
3. Ijin ini tidak disalahgunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu kestabilan pemerintah dan hanya diperlukan untuk keperluan ilmiah.
4. Surat ijin ini dapat diajukan lagi untuk mendapat perpanjangan bila diperlukan.
5. Surat ijin ini dibatalkan sewaktu-waktu apabila tidak dipenuhi ketentuan-ketentuan tersebut diatas. Kemudian kepada para Pejabat Pemerintah setempat diharapkan dapat memberikan bantuan seperlunya.

Dikeluarkan di : Wonosari

Pada Tanggal 25 Oktober 2013

An. **BUPATI GUNUNGKIDUL**

KEPALA



Drg. AZIS SAIEH

NIP. 19650505 198602 1 002

Tembusan disampaikan kepada Yth.

1. Bupati Kab. Gunungkidul (Sebagai Laporan);
2. Kepala BAPPEDA Kab. Gunungkidul ;
3. Kepala Kantor KESBANGPOL Kab. Gunungkidul ;
4. Camat Paliyan Kab. Gunungkidul ;
5. Kepala Desa Grogol Paliyan Kab. Gunungkidul. ;
6. Arsip. ;